KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PANGRÊMBAG BAB PANGGULAWÊNTHAHING LARÉ WONTÊN ING SÊRAT BANGUN-NAKNIK

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh *Gelar Sarjana Pendidikan*

déning
Ani Munika
NIM 16205244009

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2020

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* såhå Pangrêmbag Bab Panggulawênthahing Laré wontên ing *Sêrat Bangun-Naknik* mênikå sampun pikantuk palilah saking *pembimbing* supados dipunujèkakên ing *pandadaran*.

Yogyakarta, 3 Juni 2020

Pembimbing,

Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt.

NIP. 19791217 200312 2 003

PANGÊSAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* såhå Pangrêmbag Bab Panggulawênthahing Laré wontên ing *Sêrat Bangun-Naknik* mênikå sampun dipunandharakên wontên ing pandadaran ing sangajênging *Dewan Penguji* rikålå tanggal 19 Mei 2020 såhå dipuntêtêpakên *lulus*.

DEWAN PENGUJI

Asmå	Jabatan	Tapak Asmå	Tanggal
Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt.	Ketua Penguji		3 Juni 2020
Drs. Sukisno, M.Sn.	Sekretaris Penguji		2 Juni 2020
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.	Penguji Utama		28 Mei 2020

Yogyakarta, 10 Juni 2020
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
Dekan,

Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
NIP. 19621008 198803 2 001

WÊDHARAN

Ingkang *tanda tangan* wontên ing ngandhap mênikå kulå:

Nåmå : Ani Munika

NIM : 16205244009

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandharakên bilih *karya ilmiah* mênikå sêratan kulå piyambak. Samangrêtos kulå, *karya ilmiah* mênikå isinipun botên kasêrat déning tiyang sanés, kêjawi pérangan tartamtu ingkang kulå ginakakên minångkå *acuan* kanthi adhêdhasar cårå såhå etika nyêrat *karya ilmiah*.

Sêratan wontên ing wêdharan mênikå kasêrat kanthi saéstu. Manawi kasunyatanipun kabuktén bilih wêdharan mênikå botên lêrês, bab mênikå dados tanggél jawab kulå pribadi.

Yogyakarta, 28 Mei 2020

Panyêrat,



Ani Munika

NIM 16205244009

SÊSANTI

“3B. Berdoa, Berusaha, Bersyukur”

(Panyêrat)

PISUNGSUNG

Raos sukur dhumatêng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Måhå Agung, skripsi mênikå kulå pisungsungakên dhumatêng tiyang sêpuh kulå Bapak Suparlan såhå Ibu Siti Hadijah ingkang sampun paring panyêngkuyung såhå dongå pangéstunipun.

PRAWACÅNÅ

Panyêrat ngaturakên puji sukur dhumatêng ngarsanipun Allah SWT ingkang sampun paring nikmat såhå rahmat satêmah skripsi kanthi irah-irahan *Kajian Filologi* såhå Pangrêmbag Bab Panggulawênthahing Laré ing *Sêrat Bangun-Naknik* mênikå sagêd paripurnå kanthi nir ing sambékålå. Panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhatêng sadåyå pihak ingkang sampun paring pambiyantu skripsi mênikå awit saking purwåkå dumugi paripurnaning *skripsi* mênikå. Kanthi raos ingkang tulus panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhatêng Ibu Venny Indria Ekowati, S.Pd., M.Litt., minångkå *dosen pembimbing skripsi* ingkang sampun paring piwulang såhå pangestu dhatêng panyêrat. Kulå ugi ngaturakên agunging panuwun dhatêng:

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd. minångkå Rektor Universitas Negeri Yogyakarta.
2. Ibu Dr. Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum. minångkå Dekan Fakultas Bahasa dan Seni.
3. Bapak Dr. Affendy Widayat, M.Phil. minångkå pangarså Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
4. Ibu Nurhidayati, S.Pd., M.Hum. minångkå penasehat akademik ingkang sampun paring pitutur ing sadangunipun kuliah.
5. Bapak-Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh, piwulang, såhå pitutur dhatêng panyêrat.
6. Staf Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu administrasi perkuliahan dhatêng panyêrat.
7. Bapak Suparlan såhå Ibu Siti Hadijah minångkå tiyang sêpuh, awit saking sêdåyå dongå pangèstunipun.
8. Mbakyu Eka Febriana såhå Lovely Veno Alsavina ingkang sampun paring pandongå såhå sih trêsnanipun.
9. Dwi, Wahyuni, Rendri, Yessi, Erlin, Lusia, Ayu Ani, Didin såhå sêdåyå kåncå-kåncå Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah *kelas* C *angkatan* 2016 ingkang sampun paring panjurung, *semangat*, såhå pambiyantu saénggå panyérat sagêd mujudakên *skripsi* mênikå.

10. Diana, Farida, Titi, Ayu ingkang tansah paring panyêngkuyung kanggé panyêrat.
11. Sêdåyå pihak ingkang botên dipunsêbutakên, ingkang sampun paring pandongå, pambiyantu såhå panjurung dhatêng panyêrat saking wiwitaning dumugi pungkasaning damêl skripsi mênikå.

Panyêrat rumaos bilih *skripsi* mênikå dèrèng saé såhå jangkêp, taksih têbih saking têmbung sampurna. Pramilå panyêrat ngaturakên agunging panuwun awit saking sêdåyå panyaruwé ingkang tumuju murih langkung saé, jangkêp såhå sampurnaning skripsi mênikå.

Wasånå kanthi raos andhap asor panyêrat sampun mungkasi ndamêl skripsi, sinaosså dèrèng sagêd sampurnå. Ananging panyêrat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi mênikå sagêd murakabi dhatêng sêdayanipun.

Yogyakarta, 28 Mei 2020

Panyêrat,

Ani Munika

16205244009

PRATÈLAN ISI

Kåcå

IRAH-IRAHAN i
PASARUJUKAN ii
PANGÊSAHAN iii
WÊDHARAN iv
SÊSANTI v
PISUNGSUNG vi
PRAWACÅNÅ vii
PRATÉLAN ISI ix
PRATÉLAN *TABEL* xi
PRATÉLAN GAMBAR xiii
PRATÉLAN LAMPIRAN xiv
PRATÉLAN CÊKAKAN xv
PANDOM *EJAAN* xvi
SARINING PANALITÈN xvii
BAB I PURWÅKÅ 1
A. Dhasaring Panalitèn 5
B. Undêraning Prakawis 5
C. Watêsaning Prakawis 6
D. Wosing Prakawis 6
E. Ancasing Panalitèn 6
F. Paédahing Panalitèn 7
G. Pangrêtosan ingkang Gayut kaliyan Irah-irahan 7
BAB II GÊGARAN TEORI 9
A. Pangrêtosan *Filologi* 9
B. Ancasing Panalitèn *Filologi* 10
C. Objêk Kajian *Filologi* 11
1. *Naskah* 11
2. *Teks* 12

D. Aliran *Filologi*.....13
E. Lampahing Panalitèn.....13
1. *Inventarisasi Naskah* 16
2. *Deskripsi Naskah*.....17
3. *Alih Tulis Teks* 17
4. *Suntingan Teks*.....19
5. *Terjemahan Teks* 21
6. *Analisis Teks*.....22
F. Panggulawênthahing Laré.....23
G. Panalitèn ingkang Jumbuh 31
BAB III CÅRÅ PANALITÈN.....34
A. Jinising Panalitén 34
B. Sumbêr *Data* Panalitèn 34
C. Teknik Ngêmpalakên *Data* 35
D. Pirantos Panalitèn.....37
E. *Teknik Analisis Data* 42
F. Cårå Ngêsahakên *Data*.....42
BAB IV ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN 44
A. Deskripsi Naskah 44
B. Transkripsi teks.....59
C. *Transliterasi* såhå *suntingan teks Bangun-Naknik*.....62
D. *Terjemahan* såhå Cathêtan *Terjemahan Teks Bangun-Naknik* 123
E. Panggulawênthahing Laré Salêbêting *Teks Bangun-Naknik* 149
BAB V PANUTUP 195
A. Dudutan.....195
B. Pamrayogi 196
KAPUSTAKAN.....198
LAMPIRAN.....201

PRATÈLAN *TABEL*

Kåcå

Tabel 1: Asiling *Inventarisasi Naskah Bangun-Naknik*.....3
Tabel 2: Panalitèn ingkang Jumbuh.....32
Tabel 3: *Kartu Data Inventarisasi Naskah*.....37
Tabel 4: *Kartu Data Deskripsi Naskah*.....37
Tabel 5: *Kartu Data Asiling Transliterasi*.....40
Tabel 6: *Kartu Data Asiling Suntingan*.....40
Tabel 7: *Kartu Data Aparat Kritik*.....40
Tabel 8: *Kartu Data Asiling Terjemahan*.....41
Tabel 9: *Kartu Data* Panggulawênthahing Laré.....41
Tabel 10: Asiling *Deskripsi Naskah Sêrat Bangun-Naknik*.....44
Tabel 11: Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun.....63
Tabel 12: Wujuding Sandhangan Swårå.....66
Tabel 13: Wujuding Sandhangan Wyanjånå.....66
Tabel 14: Wujuding Sandhangan Panyigêging Wandå.....67
Tabel 15: Wujuding Aksårå Swårå.....67
Tabel 16: Wujuding Aksårå Murdå.....68
Tabel 17: Wujuding hå Antêb.....68
Tabel 18: Panyêrating hå Ampang.....69
Tabel 19: Panyêrating Aksårå “nyå” dados Aksårå “na”.....69
Tabel 20: Panyêrating fonem ê pêpêt såhå é, è taling.....69
Tabel 21: Panyêrating Têmbung Dwilinggå.....69
Tabel 22: Panyêrating Têmbung Dwipurwå.....70
Tabel 23: Panyêrating Konsonan Rangkêp.....70
Tabel 24: Panyêrating Taling-tarung Palsu.....70
Tabel 25: Panyêrating Tåndhå Pamaos.....71
Tabel 26: Asiling *Transliterasi*.....72
Tabel 27: Asiling *Suntingan*.....96
Tabel 28: *Aparat Kritik Sêrat Bangun-Naknik*.....121

Tabel 29: Asiling *Terjemahan* 123
Tabel 30: Cathêtan *Terjemahan* 149
Tabel 31: Panggulawênthahing Larè wontên Salêbêting *Teks Bangun-Naknik*...150

PRATÈLAN GAMBAR

Kåcå

Gambar 1: Irah-irahan *Naskah Sêrat Bangun-Naknik* 45
Gambar 2: Panganggit *Naskah Sêrat Bangun-Naknik* 45
Gambar 3: Taun cithakan 46
Gambar 4: Manggålå 46
Gambar 5: Wujuding samak ngajêng 47
Gambar 6: Wujuding samak ing salêbêting *naskah* 47
Gambar 7: Wujuding jilidan *naskah* 48
Gambar 8: Nomêring kåcå *naskah* 49
Gambar 9: *Ilustrasi* 1 49
Gambar 10: *Ilustrasi* 2 50
Gambar 11: *Ilustrasi* 3 50
Gambar 12: *Ilustrasi* 4 51
Gambar 13: *Ilustrasi* 5 51
Gambar 14: *Ilustrasi* 6 52

PRATÈLAN *BAGAN*

Kåcå

Bagan 1: Lampahing Panalitèn *Filologi* tumrap Sêrat Bangun-Naknik.....15

Bagan 2: Jinis panggulawênthahing laré miturut *Ahli*.....25

PRATÈLAN LAMPIRAN

Kåcå

LAMPIRAN 1 *Teks Cithak Sêrat Bangun-Naknik* 201
LAMPIRAN 2 *Transkripsi Sêrat Bangun-Naknik*.....278

PRATÈLAN CEKAKAN

PUEBI : Panduan Umum Ejaan Bahasa Indonesia

PANDOM *EJAAN*

Pandom *ejaan* ingkang dipunginakakên wontên ing *skripsi* mênikå wontên kalih, inggih mênikå pandom *ejaan* kanggé båså Indonesia såhå pandom ejaan kanggé båså Jawi. Pandom *ejaan* båså Indonesia sêdayanipun ngginakakên *Panduan Umum Ejaan Bahasa Indonesia* (PUEBI) (Sunendar, 2016). Wondéné pandom *ejaan* båså Jawi sakêdhik radi nyêbal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Arifin, 2006), inggih mênikå tåndhå ê kanggé nyêrat *fonem* / ə / ungêlipun ê kados ing têmbung **mênêng** '*diam'*; tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e / ungêlipun kados têmbung **kéné** '*kemari'*; såhå tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ / ungêlipun è kados ing têmbung **dèrèng** '*belum'*. Sasanèsipun inggih mênikå tåndhå å kanggê nyêrat *fonem* / ɔ / ungêlipun å kados ing têmbung **såkå** '*dari'*.

Tåndhå sambung (-) (Arifin, 2006: 29), dipunginakakên kanggé nyêrat têmbung andhahan, inggih mênikå kanggé milahakên antawisipun têmbung båså Indonesia ingkang kawuwuhan atêr-atêr **dipun-** såhå panambang **-akên**. Tuladhanipun inggih mênikå **dipun-*sunting*** såhå **dipun-*terjemah*-akên**. Irah-irahan *naskah* såhå pêthikan-pêthikan båså Jawi sêdåyå ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Arifin, 2006) kanggé nggampilakên panyêratipun. Ananging kanggé aksårå e ngginakakên tåndhå ê kanggé nyêrat fonem / ə /, tåndhå é kanggé nyêrat fonem / e /, ugi ngginakakên tåndhå è kanggé nyêrat fonem / æ /, såhå aksårå a (lêgênå) ngginakakên tåndhå å kanggê nyêrat fonem / ɔ /.

Sêdåyå irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksårå latin ingkang ngginakakên ejaan sadèrèngipun *PUEBI*, têtêp kasêrat mênåpå wontênipun supados têtêp kajagi aslinipun såhå botên nuwuhakên salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi naskah sêratan aksårå Jåwå kajumbuhakên kaliyan *PUEBI*.

KAJIAN FILOLOGI SÅHÅ PANGRÊMBAG BAB PANGGULAWÊNTHAHING LARÉ WONTÊN ING SÊRAT BANGUN-NAKNIK

Déning: Ani Munika
NIM 16205244009

SARINING PANALITÈN

Panalitèn mênikå ngêwrat gangsal ancas, inggih mênikå kanggé: 1) ngandharakên *deskripsi naskah Sêrat Bangun-Naknik*, 2) ndamêl *alih tulis teks Sêrat Bangun-Naknik*, 3) ndamêl *suntingan teks Sêrat Bangun-Naknik*, 4) ndamêl *terjemahan teks Sêrat Bangun-Naknik*, 5) ngandharakên pangrêmbag bab panggulawênthahing laré wontên ing *Sêrat Bangun-Naknik*.

Metode ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå wontên tigå. Ingkang sapisan inggih mênikå *metode* panalitèn *filologi modern*, kaginakakên kanggé nggarap *naskah Sêrat Bangun-Naknik* ingkang kasêrat cithak mawi aksårå Jåwå. *Metode* panalitèn ingkang kaping kalih inggih mênikå *metode deskriptif*, kaginakakên kanggé nggambarakên kawontênanipun *naskah Sêrat Bangun-Naknik*. Wondéné ingkang kaping tigå ngginakakên *metode analisis isi* (*content analysis*) kanggé ngrêmbag isinipun *teks Sêrat Bangun-Naknik*. Sumbêr data panalitèn mênikå inggih *naskah Bangun-Naknik* koleksi *Perpustakaan Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta* kanthi kode koleksi 1732. *Teknik* ngêmpalakên *data* wontên ing panalitèn mênikå ngginakakên lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah*, *alih tulis teks*, *suntingan teks*, *terjemahan teks*, såhå *analisis* isining *teks*. *Analisis data* ngginakakên *teknik analisis isi* (*content analysis*). *Validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik*. *Reliabilitas* ingkang kaginakakên inggih mênikå *reliabilitas intrarater* såhå *reliabilitas interrater*.

Asiling panalitèn saking *Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå wontên gangsal. Ingkang sêpisan inggih mênikå kawontênaning *naskah* ingkang taksih saé såhå sagêd kawaos, namung wontên sapérangan *naskah* ingkang suwék. Kaping kalih, *alih tulis teks* kapanggihakên sêratan ingkang lêpat, inggih mênikå aksårå swårå ‘A’ ingkang dipunparingi sandhangan pêpêt såhå cêcak. Tigå, wontên ing *suntingan teks* kapanggihakên tigang têmbung ingkang dipun-*sunting* inggih mênikå têmbung layangamu, banju, såhå kukokaké ingkang dipun-*sunting* dados layanganmu, banjur, såhå tukokaké. Sêkawan, *terjemahan teks* kapanggihakên sêkawan têmbung ingkang botên dipun-*terjemah*-akên inggih mênikå sêpasar, sèn, slêpén, såhå tobil. Kaping gangsal inggih mênikå asiling pangrêmbag bab panggulawênthahing laré kanthi nindakakên *analisis isi* (*content analysis*) ingkang kapanggihakên ing salêbêting *teks Bangun-Naknik* wontên 13 inggih mênikå (1) Nepangakên agami (2) Laré dipungladhi adus piyambak supados sagêd mandiri (3) Nginggah kéwan kanggé ngajari laré tanggél jawab (4) Ngajari laré unggah-ungguh (5) Ngginakakên gugon tuhon kanggé paring pitutur kanggé laré (6) Nyariosakén dongéng sadèrèngipun tilêm (7) Paring pitutur (8) Tumindak adil (9) Ndolani laré mawi dolanan tradisional (10) Maringi kêsênêngan laré supados botên nangis (11)

Mênging laré kanthi ngandharakên bab ingkang dipunlarang supados botên nindakakên larangan kasêbut (12) Ngrimat laré ing padintênan (13) Nyêkolahakên laré.

BAB I
PURWÅKÅ

A. Dhasaring Panalitèn

Salah satunggaling têtilaran kabudayan Jåwi ingkang awujud sêratan inggih mênikå *naskah*. *Naskah* inggih mênikå sêratan ingkang isinipun ngêwrat pamikiring såhå raosipun panyêrat ingkang dipunwujudakên mawi sêratan astå (Baried, 1985: 54). *Naskah* kaginakakên kanggé mangrêtosi pagêsangan masarakat wontên ing jaman nalikå *naskah* dipunsêrat (Fathurahman, 2015: 27). Awit saking andharan ing nginggil sagêd dipunmangrêtosi bilih *naskah* inggih mênikå têtilaran budåyå awujud sêratan ingkang ngêwrat bab tartamtu.

Wontên ing tlatah Jåwå cacahipun *naskah* wontên kathah ananging dèrèng sêdåyå isinipun naskah sampun kawêdharakên. Salah satunggaling cårå supados wosipun *naskah* Jåwå kawêdhar saénggå sagêd dipunmupangatakên déning pamaosipun inggih mênikå kanthi ngawontênakên panalitèn *filologi*.

Filologi minångkå ngèlmi ingkang gayut kaliyan asiling budåyå ingkang awujud sêratan (Mulyani, 2014: 1). Sanésipun budåyå *filologi* ugi sagêd kagayutakên kaliyan ngèlmi sanés kadostå båså såhå sastrå, gumantung saking isi ingkang kawrat ing salêbêting *naskah*. Nalikå nêliti *naskah* mawi *kajian filologi*, wontên lampahing panalitèn ingkang kêdah dipuntindakakên. Lampahing panalitèn *filologi* mênikå inggih menikå 1) *inventarisasi naskah*, 2) *deskripsi naskah*, 3) *alih tulis*, 4) *suntingan teks*, 5) *parafrase teks*, 6) *terjemahan teks*, såhå 7) *pemaknaan teks*. Ancasipun panalitèn *filologi* kêjawi kanggé nglêstantunakên *naskah* inggih mênikå kanggé mangrêtosi kabudayan satunggaling bångså, kadostå båså, sastra

sartå *seni* ingkang awujud *naskah* såhå *teks* kinå ing jaman nalikå *teks* dipunsêrat. *Filologi* gadhah kalih *objek* panalitèn inggih mênika *naskah* såhå *teks*.

Naskah minångkå *objek* panalitén *filologi* ingkang wujudipun nyåtå såhå dados sarånå panyimpêning *teks*. *Naskah* ugi dipunmangrêtosi minångkå sêdåyå têtilaran ingkang awujud sêratan ingkang dipunsêrat wontên ing kertas, lontar, dluwang såhå rotan. *Naskah* wontên ingkang awujud sêratan astå (carik) såhå *naskah* ingkang wujudipun cithak (*naskah* cithak).

Salah satunggaling *naskah* Jåwå ingkang kêdah dipuntaliti inggih mênikå *Naskah Sêrat Bangun-Naknik*. Isinipun inggih mênikå cariyos satunggaling kaluwarga ing déså. Wontên ing panalitèn mênikå, panaliti fokus naliti pangrêmbag bab panggulawênthahing laré. Panggulawênthahing laré inggih mênikå kados pundi tiyang sêpuh ngrimat larénipun, kados pundi tumindakipun tiyang sêpuh nalikå gêgayutan kaliyan putra-putrinipun. Bab mênikå wigatos amargi panggulawênthahing laré ing salêbêting *teks Sêrat Bangun-Naknik* taksih jumbuh dipuncakakên ing jaman samênikå. Cårå panggulawênthahing laré wontên ing *teks Sêrat Bangun-Naknik* sagêd dipunginakakên minångkå gambaran kados pundi panggulåwênthahing laré miturut tiyang Jawi.

Panaliti madosi *naskah sêrat Bangun-Naknik* minångkå sumber *data* panalitèn kanthi cårå nindakakên lampahing panalitèn *filologi* ingkang kaping sêtunggal inggih mênikå *inventarisasi naskah*. Anggénipun nindakakên inventarisasi naskah mawi kalih cårå inggih mênikå ningali langsung papan panyimpêning naskah såhå studi *katalog*. Asiling *inventarisasi naskah* kasêrat wontên ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 1: **Asiling *Inventarisasi Naskah* Serat Bangun-Naknik**

No.	***Katalog Naskah***	**Kode Koleksi**	**Gunggungipun *Naskah Serat Bangun-Naknik***
1.	*Katalog Naskah Perpustakaan Dewantara Kirti Griya*	1732 1798	2
2.	*Katalog Manuskrip Balai Bahasa DIY*	-	-
3.	*Katalog Tembi Rumah Budaya Jilid I*	-	-
4.	*Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara Jilid I Museum Sonobudoyo (Behrend, 1990)*	-	-
5.	*Katalog Koleksi Naskah Kuno dan Buku Lama Perpustakaan Balai Pelestarian Nilai Budaya D.I. Yogyakarta*	-	-
6.	*Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscript ad Printed Books in the Main Libraries of* Surakarta *and* Yogyakarta (Girardet, 1983)	-	-
7.	*Katalog Naskah-naskah Nusantara Jilid* 3A såhå 3B *Fakultas Sastra Universitas Indonesia* (Behrend, 1997)	-	-
8.	Digital Library UNS (*https://library.uns.ac.id/*)	-	-
9.	Digital Library UGM (*https://lib.ugm.ac.id/ind/?page_id=248)*	-	-
10.	Digital Library Unnes (*http://otomasiperpus.unnes.ac.id/*)	-	-
11.	Perpustakaan Nasional (*https://www.perpusnas.go.id/search-detail.php?id=sêrat%20bangunnaknik&lang=id*)	-	-
12.	Digital Library UIN (*http://opac.uin-suka.ac.id/?search=keywoard=serat+bangun naknik*)	-	-
Gunggunging *naskah* ingkang kapanggihakên			2 *eksemplar*

Adhêdhasar andharan asiling *inventarisasi naskah* ing nginggil *naskah Serat Bangun-Naknik* kapanggihakên kalih eksemplar ingkang kasimpên wontên

Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya ingkang gadhah nomêr koleksi 1732 såhå 1798. Wondéné ingkang dipundadosakên sumbêr panalitén inggih mênika serat kanthi nomêr koleksi 1732 amargi kawontênan *fisik naskah* ingkang taksih saé tinimbang sêrat kanthi nomêr koleksi 1798.

Naskah Bangun-Naknik inggih mênikå salah satunggaling *naskah* Jawi ingkang dèrèng naté dipuntaliti. *Naskah* kasêbut kêdah dipuntaliti amargi isinipun ingkang wigatos. Isinipun *teks Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå ngrêmbag bab panggulawênthahing laré tiyang Jawi ingkang taksih ngginakakên budåyå Jåwi kanggé ngrimat laré. Bèdå kaliyan cårå panggulawênthahing laré tiyang sêpuh jaman samênikå ingkang langkung majêng, kathah tiyang sêpuh ingkang kêsupèn kaliyan nilai-nilai Jåwå. Kamångkå panggulåwênthahing laré jaman rumiyin taksih jumbuh mênawi dipuncakakên ing jaman samênikå. Bab mênikå sagêd dipunmupangatakên kanggé mangrêtosi gêgayutanipun panggulawênthahing laré tiyang Jåwi saénggå laré-larénipun gadhah unggah-ungguh såhå tumindak ingkang saé.

Wondéné ing jaman samênikå kathah pêrkawis-perkawis ingkang botên jumbuh kadostå tumindak ingkang sagêd nyilakani tiyang sanés, ngrisak alam såhå icalipun unggah-ungguh. Ngèlmi ingkang ngandharakên bab panggulawênthahing laré wigatos sangêt kanggé pårå tiyang sêpuh supados larénipun botên gadhah tumindak ingkang mléncéng. Milå *Naskah Bangun-Naknik* kasêbut kêdah dipuntaliti supados isinipun sagêd dipunmangrêtosi masarakat saénggå sagêd dipuncakakên wontên ing gêsanging masarakat. Kêjawi mênikå wontênipun

panalitèn *filologi* mênikå minångkå salah satunggaling cårå kanggé nglêstantunakên *naskah*.

Adhêdhasar andharan kasêbut, *Sêrat Bangun-Naknik* dipundadosakên sumber data wontên ing panalitén mênikå. *Sêrat Bangun-Naknik* dipundadosakên sumber data panalitén dhasaripun wontên sêkawan pawadan inggih mênikå:

1. Kawontênanipun *naskah Bangun-Naknik* taksih saé såhå sagêd dipunwaos sanadyan wontên sapérangan kåcå ingkang bolong såhå suwèk pinggiranipun.
2. *Naskah Bangun-Naknik* awujud gancaran, kasêrat mawi aksårå Jåwå ingkang ampun kacithak såhå ngginakakên båsâ Jawi gagrag enggal saénggå langkung gampil anggénipun mangrêtosi isinipun såhå damêl analisis isinipun.
3. Ngéngingi wosipun *naskah* ingkang ngêwrat bab panggulawênthahing laré tiyang Jåwi ingkang sagêd mbêntuk kapribadén laré kanthi saé. Bab mênikå taksih gayut kaliyan gêsanging manungsâ jaman samênikå.
4. Umuripun *naskah Bangun-Naknik* ingkang sampun 90 taun.

Awit saking mênikå, prêlu dipunadani panalitèn adhêdhasar katrangan-katrangan kasêbut tumrap *teks Naskah Bangun-Naknik.* Mawi panalitèn mênikå isinipun *teks Bangun-Naknik* sagêd mupangat déning masarakat ing jaman samênikå.

B. Undêraning Pêrkawis

Adhêdhasar andharan ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, saged dipunpêndhêt pêrkawis-pêrkawis ingkang badhé dipunrêmbag antawisipun:

1. *Deskripsi naskah Serat Bangun-Naknik.*
2. *Alih tulis naskah Serat Bangun-Naknik*

3. *Suntingan teks Serat Bangun-Naknik.*
4. *Terjemahan teks Serat Bangun-Naknik.*
5. Andharan bab panggulawênthahing laré tiyng Jawi ing salêbeting *Serat Bangun-Naknik.*

C. Watêsaning Pêrkawis

Watêsaning pêrkawis adhêdhasar undêraning pêrkawis ing nginggil inggih mênikå:

1. *Deskripsi naskah Serat Bangun-Naknik.*
2. *Alih tulis naskah Serat Bangun-Naknik.*
3. *Suntingan teks Serat Bangun-Naknik.*
4. *Terjemahan teks Serat Bangun-Naknik.*
5. Andharan bab panggulawênthahing laré tiyang Jawi ing salêbeting *Serat Bangun-Naknik.*

D. Wosing Panalitén

1. Mênåpå kémawon *deskripsi naskah Serat Bangun-Naknik?*
2. Mênåpå kémawon *alih tulis teks Serat Bangun-Naknik?*
3. Mênåpå kémawon *suntingan teks Serat Bangun-Naknik?*
4. Mênåpå kémawon *terjemahan teks Serat Bangun-Naknik?*
5. Kados pundi panggulawênthahing laré tiyang Jawi ing salêbeting *Serat Bangun-Naknik?*

E. Ancasing Panalitên

1. Ngandharakên *deskripsi naskah Serat Bangun-Naknik?*
2. Ndamêl *alih tulis teks Serat Bangun-Naknik?*

3. Ndamêl *suntingan teks Serat Bangun-Naknik?*
4. Ndamêl *terjemahan teks Serat Bangun-Naknik?*
5. Ngandharakên panggulawênthahing laré tiyang Jawi ing salêbeting *Serat Bangun-Naknik?*

F. Paédahing Panalitèn

1. Paedah *Teoritis*

Asiling panalitèn mênikå ngêcakakên lampahing panalitèn *filologi* saénggå sagêd paring gambaran saking isining *teks* Sêrat *Bangun-Naknik* såhå sagêd dados tuladhå kanggé panaliti sanés supados ngawontênakên panalitèn *filologi* nganggé sêrat sanésipun ingkang déréng dipuntaliti.

2. Paedah *Praktis*

a. Panaliti gadhah pangajab bilih asiling *transliterasi, suntingan* såhå *terjemahan* sagêd ndadosakên påra pamaos langkung gampil anggénipun maos *Sêrat Bangun-Naknik.*
b. Panaliti gadhah pangajab bilih asiling *analisis isi* bab *peran* kaluwargå kanggé pembentukan karakter laré mliginipun *usia dini* wontên salêbêting *teks Bangun-Naknik* sagêd dados tulådhå utawi têtandhingan kaliyan jaman samênikå.

G. Pangrêtosan ingkang Gayut kaliyan Irah-irahan

1. *Kajian Filologi* inggih mênikå asiling kanggé naliti *naskah* såhå *teks* ngginakakên lampahing panalitèn *filologi***.** Lampahing panalitèn filologi ingkang dipuntindakakên inggih mênikå (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi*

naskah, (3) *transkripsi teks*, (4) *suntingan teks*, (5) *terjemahan teks*, (6) *analisis isi*.

2. Panggulawênthahing laré inggih mênikå cårå kados pundi anggénipun tiyang sêpuh ngrimat laré-larénipun. Pangrêmbag bab panggulawênthahing laré kawrat wontên ing *Sêrat Bangun-Naknik.*
3. *Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå salah satunggaling jinis *naskah sastra* ingkang isinipun ngandharakên bab panggulawênthahing laré tiyang Jawi.

BAB II
GEGARAN *TEORI*

A. Pangêrtosan *Filologi*

Têmbung *filologi* mênawi dipunudhar dumados saking kalih têmbung inggih mênikå *philos* ingkang atêgês ‘têmbung’ såhå *logos* ingkang atêgês ‘rêmên’ utawi ‘ngèlmi’. Saking têgêsing têmbung *filologi* mênikå sagêd dipunmangrêtosi bilih ngèlmi ingkang gayutipun kaliyan têtêmbungan ingkang wontên ing salêbêting *naskah* dipunsêbut *filologi* (Djamaris, 2002: 6).

Pangrêtosan *filologi* ing salêbêting *Kamus Istilah Filologi* (Baroroh, 1977: 27) inggih mênikå ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé naliti bab kabudayan kanthi ndadosakên båså såhå kasusastrån minångkå dhasaripun. *Filologi* ugi ngrêmbag *naskah* såhå *teks* ingkang isinipun ngandharakên bab kabudayan ing wêkdal nalikå *naskah* dipunsêrat (Saputra, 2008: 78).

Salajêngipun pamanggih ingkang kaandharakên déning Saktimulya (2016: 21) bilih *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang mahyakakên mênåpå ingkang kasêrat wontên *teks* ingkang ngrêmbag bab kabudayan. Lumantar *teks* ingkang dipuntliti kasêbut sagêd dipunmangrêtosi budåyå wontên ing pagêsangan nalikå *teks* dipunsêrat. Kêjawi mênikå *filologi* dipunginakakên kanggé nyinau kabudayan ingkang khusus saking satunggaling bångså (Otto Jespersen lumantar Gupta, 2015: 9).

Miturut Djamaris (2002: 3) *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang kaginakakên kanggé naliti *naskah-naskah* kinå. *Naskah* mênikå kadadosakên minångkå *objek* panalitèn *filologi*. *Naskah* Jawi ingkang ngêwrat *teks* isinipun

ngandharakên manékå wêrni bab pagêsangan masarakat gayut kaliyan båså mênåpå déné budåyå ing wêkdal nalikå *teks* dipunsêrat. Saking panalitèn *filologi* sagêd dipunmangrêtosi kados pundi båså ingkang kasêrat, kabudayanipun saking ingkang kawrat wontên ing salêbêting *teks* (Baried, 1985: 1).

Adhêdhasar pamanggih-pamanggih ing nginggil sagêd kadudut pangrêtosan *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang ngrêmbag isinipun *naskah* kinå gayutipun kaliyan båså, såstrå såhå budåyå. *Filologi* wontên ing panalitèn mênikå kaginakakên kanggé naliti *naskah* såhå ngrêmbag isi ingkang kawrat ing salêbêting *teks Sêrat Bangun-Naknik*.

B. Ancasing Panalitén *Filologi*

Ancasing *filologi* miturut Baried (1985: 4) wontên kalih inggih mênikå umum såhå khusus. Ancasing *filologi* ingkang umum inggih mênikå kanggé mangrêtosi (1) karya sastrå awujud lésan utawi sêratan, (2) masarakat ingkang sagêd mêndhêt paédah saking isining *teks* (3) pangrêmbakaning nilai-nilai budåyå ingkang kawêdharakên. Wondéné ingkang *khusus* inggih mênikå kanggé ngandharakên (1) asiling *suntingan teks* kanthi manggihakên *teks* ingkang cêlak sangêt kalih *teks* ingkang asli, (2) sejarah såhå pangrêmbakanipun *teks*, såhå (3) kados pundi panampining pamaos nalikå maos *teks*.

Miturut Saussure's (lumantar Ziolkowski, 1990: 6) ngandharakên bilih ancasing *filologi* inggih mênikå kanggé ndandosi, damêl katrangan, såhå paring pamanggih tumrap *teks* ingkang dipuntêliti. Mênawi sampun katindakakên, isining *teks* sagêd kawêdhar kanthi jumbuh. *Filologi* gadhah ancas minångkå saråna

kanggé ngandharakên isinipun *teks* ingkang dados asil pamikiring panyêrat (Watkins, 1990: 21).

Adhêdhasar andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih ancasipun panalitèn *filologi* tumrap *tek*s *Bangun-Naknik* inggih mênikå kanggé ngandharakên isining *tek*s *Bangun-Naknik*, supados botên wontên sêratan ingkang botên jumbuh såhå lêpat kanthi damêl *suntingan teks*, såhå damêl *terjemahan teks* supados pamaos langkung gampil mangrêtosi isining *teks* ingkang kawrat inggih mênikå pangrêmbag bab panggulawênthahing laré.

C. *Objek* Panalitén *Filologi*

Sabên ngèlmi mêsthi gadhah *objek* panalitèn ingkang bédå-bédå. *Filologi* gadhah kalih *objek* panalitèn inggih mênikå *naskah* såhå *teks*. Bab *naskah* såhå *teks* kaandharakên wontên ing ngandhap mênikå.

1. *Naskah*

Naskah inggih mênikå *objek* panalitèn *filologi* ingkang nyåtå. Salah satunggaling asil kabudayan bångså ingkang wontên wujudipun saénggå sagêd dipunpirsani såhå dipuncêpêng kanthi langsung dipunsêbut *naskah* (Baried, 1985: 54). *Naskah* utawi *manuskrip* asalipun saking båså *Latin codicesmanu scripti* ingkang têgêsipun sêratan astå ingkang dipundadosakên buku-buku. Miturut Djamaris (2002: 3) *naskah* inggih mênikå têtilaraning kabudayan bångså ingkang sinêrat wontên ing dlancang, lontar, kulit kayu såhå rotan.

Naskah inggih mênikå sêratan ingkang ngêwrat pawartos bab tartamtu (Suryani, 2012: 4). Kêjawi mênikå ugi wontên manékå wêrni asil pamikiring panyêrat wontên ing salêbêtipun *naskah* ingkang wujudipun sêratan astå

(Rokhmansyah, 2017: 8). *Naskah* utawi *manuskrip* wontên wêrni kalih inggih mênikå *naskah* carik ingkang kasêrat mawi astå, såhå *naskah* cithak ingkang sêratanipun sampun kacithak.

Saking andharan ing nginggil sagêd kapêndhêt dudutan bilih *naskah* inggih mênikå têtilaraning budåyå ingkang awujud sêratan, kasêrat mawi astå utawi cithak såhå ngêwrat mapintên-pintên pangrêmbag bab tartamtu minångkå asil pamikiring manungså. *Naskah* ingkang dipunginakaing wêkên minångkå *objek* panalitèn *filologi* mênikå inggih *naskah Bangun-Naknik* ingkang wujudipun *naskah* cithak såhå ngêwrat bab panggulawênthahing laré.

2. *Teks*

Objek panalitén *filologi* ingkang salajêngipun inggih mênikå *teks*. Dipunsêbut *teks* amargi wujudipun ingkang sêratan, kasusun saking rêrangkéning têtêmbungan ingkang kaandharakên mawi lésan mênåpå déné sêratan (Mulyani, 2014: 2). *Teks* ngêwrat katrangan bab kabudayan utawi pagêsangan ingkang wontên ing jaman gêsanging panyêrat. *Teks* minångkå asil pamikiring panyêrat botên wontên wujudipun ingkang nyåtå, ananging awujud andharan ingkang kawrat ing salêbêting *naskah* (Baried, 1985:56).

Suryani (2012:47) ngandharakên bilih ing salêbêting *teks* wontên isi såhå bentuk. Ingkang dipunmaksud isi inggih mênikå andharan saking panyêrat ingkang dipuntujokakên kanggé pårå pamaosipun. Wondéné bentuk inggih mênikå cariyos ingkang kawrat wontên ing salêbêting *teks*. *Teks* sagêd kawaos amargi dipunsêrat mawi aksårå. Aksårå Jåwå, aksårå Arab Pégon, såhå aksårå latin inggih mênikå aksårå ingkang kaginakakên kanggé nyêrat *teks* (Mulyani, 2012: 9).

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *teks* inggih mênikå têtêmbungan ingkang sagêd dipunwaos såhå isinipun ngêwrat bab tartamtu. *Teks* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih mênikå *teks Bangun-Naknik*.

D. *Aliran Filologi*

Aliran *filologi* kapérang dados kalih inggih mênikå *aliran filologi tradisional* såhå *aliran filologi modern*. *Filologi tradisional* katitik saking sêratan ingkang dipunanggêp lêpat mênawi ing salêbêting *teks* kapanggihakên sapérangan bentuk ingkang bédå saking bentuk ingkang asli. Awit saking mênikå, *filologi tradisional* kaginakakên kanggé nêmtokakên wujud *teks* ingkang paling cêlak kaliyan *teks* aslinipun. Salajêngipun *filologi modern* inggih mênikå kosok wangsulipun *filologi tradisional*. Wontênipun bentuk ingkang bédå ing salêbêting *teks* dipunanggêp katrampilan pamikiring panyêrat. Pramilå *filologi modern* kaginakakên kanggé ngandharakên isinipun *teks*, nglêrêsakên *teks* ingkang lêpat, ingkang kagayutakên kaliyan ngèlmi båså, sastrå, budåyå (Baried, 1985: 2).

Awit saking andharan ing nginggil, *aliran filologi modern* jumbuh tumrap panalitèn mênikå. *Aliran filologi modern* dipunginakakên amargi dipunjumbuhakên kaliyan ancas panalitèn mênikå. Ancasipun inggih mênikå kanggé ngandharakên isining *teks Bangun-Naknik* ingkang dipungayutakên kaliyan ngèlmi båså, sastrå såhå budåyå.

E. Lampahing Panalitén *Filologi*

Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå urut-urutaning lêlampahan panalitèn ingkang kêdah dipuntindakakên. Urut-urutanipun miturut Ekowati (2015:

25) inggih mênikå (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah*, (3) *alih tulis (transkripsi* såhå *transliterasi teks*), (4) têtandhingan *naskah såhå teks*, (5) *suntingan teks*, (6) *terjemahan teks*, såhå (7) analisis isining *teks*. Adhêdhasar asiling *inventarisasi naskah*, kapanggihakên kalih eksemplar *Naskah Sêrat Bangun-Naknik*. Ananging *naskah* botên dipuntandhingakên amargi *Naskah Sêrat Bangun-Naknik* kakalihipun saking penerbit ingkang sami såhå taun panyêratipun sami. Awit saking mênikå têtandhingan *naskah* såhå *teks* botên katindakakên. Wondéné lampahing panalitèn *filologi* mênikå kadamêl *bagan* lajêng kaandharakên malih ngginakakên têtêmbungan supados langkung gampil dipunmangrêtosi.



Bagan 1. Lampahing Panalitèn *Filologi* tumrap Sêrat Bangun-Naknik

1. *Inventarisasi Naskah*

Inventarisasi naskah katindakakên kanggé mangrêtosi cacahing *naskah* ingkang badhé dipuntliti. Caranipun inggih mênikå madosi papan panyimpêning

naskah såhå têdhakanipun, kadostå wontên ing *perpustakaan* utawi *museum* (Fathurahman lumantar Ekowati, 2015: 25). Miturut Saputra (2008: 81) *inventarisasi naskah* katindakakên kanggé nggampilakên panêliti ngêmpalakên *data* ngéngingi bab ingkang gayut kaliyan *naskah* ingkang irah-irahanipun sami. Awit saking nindakakên *inventarisasi naskah* sagêd dipunmangrêtosi cacah såhå wontên pundi kémawon *naskah* kasimpên.

Metode kanggé ndamêl *inventarisasi naskah* kapérang dados kalih. *Metode* ingkang ångkå sêtunggal inggih mênikå *studi pustaka*. *Studi pustaka* dipuntindakakên mawi cårå maos *katalog naskah* ingkang wontên ing *perpustakaan*, *museum*, utawi *online*. Wondéné *metode* salajêngipun inggih mênikå *studi lapangan*. *Studi lapangan* dipuntindakakên kanthi ningali langsung kawontênaning *naskah* wontên ing papan panyimpêning *naskah*.

Inventarisasi naskah ing panalitèn mênikå katindakakên kanthi cårå *studi katalog* såhå ningali langsung wontên ing *Perpustakaan Taman Siswa Museum Dewantara Kirti Griya*. Wondéné asiling *inventarisasi naskah* sampun kawahyakakên wontên ing dhasaring panalitèn. Awit saking mênikå *inventarisasi naskah* wigatos dipuntindakakên kanggé mangrêtosi cacahipun *naskah* såhå kawontênan *naskah* ingkang badhé dipuntliti.

2. *Deskripsi Naskah* såhå *Teks*

Sasampunipun nindakakên *inventarisasi naskah*, lampahing panalitèn ingkang salajêngipun inggih mênikå ndamêl *deskripsi naskah*. Supados pamaos sagêd ngangên-ngangên wujuding *naskah* asli pramilå dipundamêl andharan

ngéngingi kawontênan *fisik naskah* (Ekowati, 2015 :55). Wondéné *deskripsi teks* ancasipun nggambarakên kawontênaning *teks* (Mulyani, 2012: 44).

Miturut Suryani (2012: 75) kawontênaning *fisik naskah* sagêd kaandharakên kanthi ndamêl *deskripsi naskah.* Ingkang dipunandharakên tuladhanipun kadostå nggambarakên kados pundi jinis aksårå, båså, såhå titikan ing njawinipun *naskah*. Anggénipun damêl *deskripsi naskah* sagêd kawahyakakên mawi *tabel* såhå andharan ngginakakên têtêmbungan (Saputra, 2008: 84). *Deskripsi naskah* ingkang kadamêl mawi *tabel* langkung ringkês såhå gampil dipunmangrêtosi. Ananging langkung saé mênawi kadamêl andharanipun malih supados langkung jangkêp såhå cêthå.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *deskripsi naskah* ingkang katindakakên ing panalitèn mênikå dipunginakakên kanggé ngandharakên kawontênan *fisik* såhå *non fisik naskah* ingkang dipuntaliti. Wondéné *deskripsi naskah* kadamêl mawi *tabel* kalajêngakên dipunandharakên malih ngginakakên têtêmbungan.

3. *Alih Tuli*s Sêrataning *Teks*

Alih tulis inggih mênikå lampahing panalitèn *filologi* kanthi ancas ndadosakên *teks* sagêd kawaos. *Alih tulis* kapérang dados kalih *metode* inggih mênikå *transkripsi* såhå *transliterasi*. *Transkripsi* inggih mênikå damêl têdhakan *teks* kanthi ngginakakên aksårå ingkang sami kaliyan aksaraning *teks* (Mulyani, 2012: 9). Wondéné miturut *Kamus Istilah Filologi* (Baroroh, 1977: 90) *transkripsi* inggih mênikå *ejaan* sêrataning *teks* ingkang kagantos dados *ejaan* sanés. Mênawi sêrataning *teks* ngginakakên aksårå Jåwå, anggénipun nêdhak ugi ngginakakên

aksårå Jåwå. Ancasipun kadamêl *transkripsi* inggih mênikå supados sêrataning *naskah* sagêd lêstantun.

Transkripsi kapérang dados kalih inggih mênikå *transkripsi diplomatik* såhå *transkripsi standar*. *Metode transkripsi diplomatik* inggih mênikå ndamêl têdhakan *teks* kanthi mênåpå wontênipun ngginakakên aksårå ingkang sami kaliyan aksaraning *teks*. Wondéné *metode transkripsi standar* inggih mênikå damêl têdhakan *teks* ingkang kajumbuhakên kaliyan *Panduan Umum Ejaan Bahasa Jawa* ngginakakên aksårå ingkang sami kaliyan aksaraning *teks*. (Mulyani, 2012: 12-14).

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *transkripsi* inggih mênikå ndamêl têdhakan *teks* kanthi cårå nggantos aksårå ingkang sami kaliyan *teks*. *Metode transkripsi* ingkang kaginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih mênikå *transkripsi diplomatik.*

Wondéné *transliterasi* miturut Rokhmansyah (2017: 97) inggih mênikå damêl sêrataning *teks* ngginakakên aksårå ingkang bédå kaliyan aksaraning *teks* asli. *Transliterasi* dipundamêl ngginakakên aksårå ingkang umum dipunmangrêtosi masarakat (Sudjiman, lumantar Rokhmansyah 2017). Tuladhanipun inggih mênikå *teks* ingkang dipunsêrat mawi aksårå Jåwå utawi Arab Pegon dipungantos dados aksårå *latin*. Ancasipun inggih mênikå supados isinipun *teks* sagêd dipunwaos déning pamaos ingkang botên mangrêtosi aksaraning *teks* asli, såhå nggampilakên panalitèn ngrêmbag isining *naskah*. *Metode transliterasi* mênikå wontên kalih inggih mênikå *metode transliterasi diplomatik* såhå *metode transliterasi standar*.

Metode transliterasi diplomatik inggih mênikå damêl sêrataning *teks* kanthi mênåpå wontênipun ngginakakên aksårå ingkang bédå kaliyan aksaraning *teks* asli.

Wondéné *metode translitêrasi standar* inggih mênikå damêl sêrataning *teks* ingkang kajumbuhakên kaliyan *Panduan Umum Ejaan Bahasa Jawa* ngginakakên aksårå ingkang bédå kaliyan aksaraning *teks* asli (Mulyani, 2012: 10-11).

Transliterasi ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå inggih mênikå *metode transliterasi standar*. Aksårå Jåwå ingkang kasêrat wontên ing *teks Bangun-Naknik* dipungantos dados aksårå latin ingkang dipunjumbuhakên kaliyan *ejaan* miturut *Panduan Umum Ejaan Bahasa Jawa* ingkang lumampah såhå *kontekstual*.

4. *Suntingan Teks*

Sasampunipun ndamêl *transliterasi teks* kalajêngakên ndamêl *suntingan teks*. Miturut Fathurahman (2015:88) *suntingan teks* inggih mênikå *teks* ingkang dipundamêl dados *edisi teks* satêmah sagêd kawaos kanthi lêres. *Suntingan teks* mênikå asiling *kajian naskah* ingkang dipundadosakên dhasar kanggé damêl *kajian teks* (Suryani, 2012: 86). Awit saking mênikå *suntingan teks* wigatos sangêt dipundamêl amargi sagêd ndadosakên pamaosipun gampil anggénipun mangrêtosi paédahing *teks* (Ekowati, 2015: 128).

Robson (1994: 21-27) ngandharakên bilih *suntingan teks* kapérang dados kalih inggih mênikå *suntingan teks edisi diplomatik* såhå *suntingan teks edisi kritis*. *Suntingan edisi diplomatik* inggih mênikå *suntingan teks* ingkang dipunasilakên sami kaliyan sumbêr *naskah*. Awit saking mênikå lumantar *teks* ingkang dipun-*sunting* sagêd dipunmangrêtosi wêkdal nalikå *teks* dipunsêrat. Wondéné *suntingan teks edisi kritis* inggih mênikå *suntingan teks* ingkang dipunasilakên adhêdhasar

pamanggihing *penyunting*. *Penyunting* nyukani tåndhå ingkang gayut kaliyan *aparat kritik* mênawi kapanggihakên sapérangan *teks* ingkang lêpat.

Sadèrèngipun nindakakên *suntingan teks*, langkung rumiyin nemtokakên *metode* ingkang badhé kaginakakên. Anggénipun ngginakakên *metode* kajumbuhakên kaliyan cacahing *naskah* ingkang badhé dipuntliti. Miturut Baried (1985: 65) *metode suntingan teks* kanggé *naskah* ingkang cacahipun langkung saking sêtunggal sagêd ngginakakên *metode intuitif, stema, gabungan* såhå *landasan*. Wondéné *metode naskah tunggal* katindakakên mawi kalih cårå inggih mênikå:

a. *Edisi diplomatik*, têgêsipun mahyakakên *teks* kanthi mênåpå wontênipun amargi ancasipun kanggé ndadosakên *teks* supados botên éwah saking aslinipun. *Metode* mênikå jumbuh katindakakên mawi cårå *fotokopi teks* utawi ngrêkam *teks* awujud *foto*. Kakirangan saking *metode* mênikå kirang sagêd dipunmangrêtosi déning pamaosipun amargi sami kaliyan *teks* aslinipun.
b. *Edisi standar* nggayutakên pamanggihing penyunting kanthi nindakakên bab éwah-éwahaning *teks* lajêng kajumbuhakên kaliyan aturan ingkang lumampah. Ancasipun inggih mênikå kanggé ngasilakên *edisi teks* ingkang jumbuh kaliyan pagêsangan nalikå *teks* dipuntliti. Awit saking mênikå pamaos såhå panêliti langkung gampil anggénipun maos såhå mangrêtosi *teks*.

Wontên ing panalitèn mênikå *metode suntingan-ipun* ngginakakên *metode naskah tunggal* kanthi *edisi standar*. *Metode* mênikå kapilih amargi awit saking asiling *inventarisasi naskah*, kapanggihakên kalih eksemplar *naskah Bangun-Naknik*. Ananging *naskah* kakalihipun saking *penerbit* såhå kasêrat ing wêkdal

ingkang sami. *Suntingan teks* kanthi *edisi standar* ingkang kadamêl miturut pamanggihing pênyunting dipunjumbuhakên kaliyan *ejaan Panduan Umum Ejaan Bahasa Jawa* ingkang lumampah. Asiling *suntingan teks* lajêng kasêrat wontên ing *aparat kritik* (*apparatus criticus*).

Tanggél jawab *ilmiah penyunting* saking sêdåyå éwah-éwahaning *teks* saénggå mujudakên *teks* ingkang rêsik saking *korup* dipunsêbut *aparat kritik* (Mulyani, 2014: 43). Éwah-éwahan mênikå kadostå nglêrêsakên, nambahi, ngirangi, utawi ngéwahi waosan ingkang dipunanggêp lêpat (Ekowati, 2015: 148). *Aparat kritik* ugi dipunginakakên minångkå tåndhå bilih sampun nindakakên *suntingan teks*.

5. *Terjemahan Teks*

Terjemahan inggih mênikå båsså sumbêr *teks* dipungantos dados båsså sasaran (Suryani, 2012: 87). Tuladhanipun *teks* ngginakakên båsså Jawi minångkå båsså sumbêr, lajêng dipun-*terjemah*-akên dados båsså Indonesia minångkå båsså sasaran. Miturut Ekowati (2015: 152) *terjemahan* inggih mênikå ngéwahi satunggaling båsså *teks* dados båsså sanés. *Teks* dipundamêl *terjemah*-ipun amargi botên sêdåyå pamaosipun nguwasani båsså asli *teks*. Awit saking mênikå wontên pérangan minångkå dhasaring ndamêl *terjemahan* ingkang kêdah dipungatosakên. Miturut Darusuprapta lumantar Mulyani (2012: 21) pérangan kasêbut ngéngingi ngèlminipun panêliti bab båsså ingkang badhé dipun-*terjemah* såhå båsså kanggé *nerjemah*-aken. Kêjawi mênikå kawontênaning bab kabudayan masarakat nalikå *teks* dipunsêrat ugi kêdah kagatosakên.

Wondéné *metode* ingkang dipunginakakên kanggé damêl *terjemahan* miturut Mulyani (2012: 21) kapérang dados tigå inggih mênikå (1) *terjemahan harfiah* atêgês nggantos båså sumbêr dados båså sasaran sabên têmbung kanthi mênåpå wontênipun kanggé nandhingakên asil *terjemah*-ipun, (2) *terjemahan isi* atêgês nggantos båså sumbêr dados båså sasaran ingkang maknanipun sami, såhå (3) *terjemahan bebas* atêgês sêdåyå båså sumbêr kagantos dados båså sasaran kanthi botên ngéwahi isining *teks*.

Metode kanggé ndamêl *terjemahan teks Bangun-Naknik* wontên ing panalitèn mênikå inggih ngginakakên tigang jinis *metode* ing nginggil. *Terjemahan bebas* kaginakakên mênawi *terjemahan harfiah* såhå *terjemahan isi* botên jumbuh. Anggénipun ndamêl *terjemahan* ugi katindakakên kanthi *kontekstual*.

6. *Analisis* Isi

Analisis isi inggih mênikå lampahing panalitèn *filologi* ingkang pungkasan. Miturut Fathurahman (2015: 96) *analisis* isi inggih mênikå ngrêmbag *teks* såhå *konteks*-ipun kaliyan pêrkawis ingkang jumbuh. Pêrkawis ingkang dipunrêmbag dipungayutakên kaliyan ngèlmi sanès ingkang jumbuh. *Analisis* isi *teks Bangun-Naknik* mênikå ngandharakên isining *teks* inggih mênikå bab panggulåwênthahing laré ingkang kawrat wontên ing salêbêting *teks*.

F. Panggulåwênthahing Laré

Cårå anggénipun tiyang sêpuh nggulåwênthah laré gadhah pangaribåwå tumrap kapribadén laré. Têmbung panggulåwênthah asalipun saking têmbung linggå gulåwênthah, ingkang têgêsipun ngupåkårå (momong sartå mulang wuruk) laré (Poerwadarminta, 1939: 153). Wondéné têmbung laré atêgês bocah

(Poerwadarminta, 1939: 153). Miturut *pasal 28 Undang-Undang Sistem Pendidikan Nasional No.20/2003 ayat 1* (lumantar Fadlillah, 2014: 47) laré ingkang umuripun 0-6 taun kalêbêt ing *kategori* laré *usia dini*. Laré ing *sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå wontên Bangun ingkang umuripun gangsal taun såhå Naknik ingkang umuripun tigang taun. Têgêsipun Bangun såhå Naknik kalêbêt laré *usia dini.*

Adhêdhasar pangrêtosan ing nginggil panggulåwênthahing laré sagêd dipuntêgêsi kados pundi caranipun momong såhå muruk laré *usia dini*. Nggulåwênthah laré kêdah dipungatosakên amargi mênikå dhasar tumrap tumindakipun laré ing pagêsangan nalikå diwåså. Pramilå cårå panggulåwênthahing tiyang sêpuh dhatêng larénipun wiwit alit gadhah maknå ingkang agêng. Kados pundi panggulawênthahing laré ingkang dipunpilih kanggé nggulåwênthah laré nêmtokakên solah tingkah såhå kapribadén laré. Cårå panggulåwênthahing tiyang sêpuh satunggal kaliyan tiyang sêpuh sanés ugi bédå-bédå gumantung saking mapintên-pintên jalaran, kadostå pendidikan, padamêlan, kawontênaning *sosial ekonomi*, såhå adat budåyå ingkang botên sami. Awit saking mênikå tiyang sêpuh nggulåwênthah larénipun kanthi nindakakên panggulawênthahing laré ingkang jumbuh.

Panggulawênthahing laré inggih mênikå gêgayutan antawisipun tiyang sêpuh kaliyan laré adhêdhasar tumindakipun tiyang sêpuh (Sugihartono dkk, 2015: 31). Miturut Sunarti dkk (1989: 1) panggulawênthahing laré (*child rearing*) inggih mênikå salah satunggaling cårå kanggé mbêntuk kapribadén laré supados gadhah tumindak ingkang jumbuh kaliyan kabudayan masarakat. Miturut Webster

(lumantar Sunarti dkk, 1989: 2) panggulawênthahing laré inggih mênikå tiyang sêpuh ngrimat laré wiwit alit tumuju diwåså kanthi maringi kabêtahanipun.

Gayut kaliyan pamanggih-pamanggih ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih panggulawênthahing laré inggih mênikå caranipun tiyang sêpuh nggulåwênthah laré ngéngingi kados pundi anggénipun ngrimat såhå muruki laré-larénipun supados gadhah kapribadén ingkang jumbuh kaliyan *nilai* såhå *norma* ingkang lumampah ing masarakat. Awit saking mênikå tiyang sêpuh sagêd nindakakên panggulawênthahing laré ingkang jumbuh kanggé nggulåwênthah larénipun. Kanggé mangrêtosi jinising panggulawênthahing laré ingkang dipunginakakên tiyang sêpuh kanggé nggulåwênthah laré kaandharakên wontên ing *bagan* kalajêngakên andharanipun wontên ing ngandhap mênikå.



Bagan 2: Jinis panggulawênthahing laré miturut Ahli

1. Panggulawênthahing laré miturut Sugihartono dkk (2015: 31)

Panggulawênthahing laré miturut Sugihartono kapérang dados tigå. Ingkang sêpisan inggih mênikå *otoriter.* Têgêsipun inggih mênikå wujuding panggulawênthahing laré titikanipun pengawasan tiyang sêpuh ingkang agêng dhatêng larénipun supados sagêd patuh. Wontênipun ukuman nyêbabakên laré

kirang *inisiatif*, gadhah tumindak ingkang botên saé, såhå botên disiplin, sêpuh gadhah sipat ingkang têgas.

Salajêngipun *permisif* inggih mênikå wujud panggulawênthahing laré ingkang ngangsalakên laré tumindak mênåpå kémawon. Tiyang sêpuh paring kapitadosan ingkang agêng tumrap larénipun kanggé ngatur dhirinipun piyambak. Awit saking mênikå kawigatosan tiyang sêpuh tumrap laré kirang.

Wondéné *autoritatif* titikanipun inggih mênikå wontênipun hak såhå kuwajiban ingkang sami antiwisipun tiyang sêpuh kaliyan laré. Laré dipungladhi supados sagêd tanggél jawab, såhå nemtokakên kados pundi tumindak ingkang saé supados sagêd dados laré ingkang disiplin.

Saking andharan ing nginggil, panggulawênthahing laré ingkang jumbuh dipuncakakên kanggé nggulawênthah laré inggih mênikå ingkang *autoritatif*. Laré ingkang dipungulawênthah tiyang sêpuh kanthi cårå *autoritatif* gadhah pangaribåwå ingkang saé tumrap gêsanging laré ing padintênan. Laré sagêd langkung *mandiri* såhå tanggél jawab. Ananging sêjatosipun botên wontên tiyang sêpuh ingkang namung ngginakakên sêtunggal jinis panggulawênthahing laré. Kadang kålå tiyang sêpuh ngginakakên panggulawênthahing laré *otoriter* ngéngingi bab pendidikan, utawi ngginakakên panggulawênthahing laré *permisif* ingkang gayutipun kaliyan katrampilan.

2. Panggulawênthahing laré miturut Elkind (lumantar Wibowo, 2012: 113-115)

Wontên wolung jinis tiyang sêpuh anggénipun nggulawênthah laré miturut Elkind. Ingkang sêpisan *Gourmet Parents* inggih mênikå tiyang sêpuh ingkang

gadhah kaluhuran utawi priyantun. Tiyang sêpuh jinis mênikå gadhah kêkajêngan ingkang agêng nalikå nggulawênthah larénipun. Laré kêdah sinau kathah kadostå *matematika*, *renang* utawi *basket*, supados gadhah katrampilan ingkang saé. Kanthi cårå makatên sagêd ngasilakên laré *superkids*. Têgêsipun laré gadhah kathah katrampilan ingkang saé tinimbang laré sanésipun. Kakiranganipun inggih mênikå ndadosakên laré nalikå sampun diwåsa gadhah sipat kados laré alit amargi sadèrèngipun botên ngraosakên wêkdal nalikå taksih alit.

Ingkang kaping kalih inggih mênikå *college degree parents* inggih mênikå jinis tiyang sêpuh ingkang gadhah dåyå pamikir inggil. Pramilå pendidikan laré mênikå ingkang paling utami. Laré kaangkah winasis kados déné tiyang sêpuhipun. Awit saking mênikå laré dipunlêbêtakên wontên ing sekolah ingkang awis såhå gadhah *kualitas* ingkang saé. Nalikå asiling sinau laré botên saé utawi kirang, tiyang sêpuh paring ukuman dhatêng larénipun.

Salajêngipun inggih mênikå *gold medal parents* ingkang nggulawênthah laré kanthi cårå ndhèrèkakên laré ing mapintên-pintên *kompetisi*. Tiyang sêpuh gadhah pêpénginan supados larénipun sagêd dados *kompetitor* ingkang saé. Cårå mênåpå kémawon dipuntindakakên tiyang sêpuh supados larénipun sagêd mênang *kompetisi*. Ananging panggulåwênthahing laré kados makatên ndadosakên laré botên sagêd bebas.

Do-it Yourself Parents inggih mênikå tiyang sêpuh ingkang nyambut damêl gayut kaliyan *sosial* utawi kasarasan. Tiyang sêpuh nyêkolahakên laré miturut kahanan kaluwargå. Laré kaangkah dados laré ingkang gadhah katrampilan ingkang

saé. Nginggah kéwan utawi têtuwuhan dipundadosakên cårå tiyang sêpuh supados larénipun sagêd trêsnå kaliyan lingkungan.

Kêjawi mênikå wontên *Outward Bound Parents* inggih mênikå tiyang sêpuh ingkang ngutamikakên pendidikan kanggé larénipun. Miturut tiyang sêpuh namung pendidikan ing sêkolah ingkang sagêd ndamêl larénipun kiyat nglampahi pagêsangan ing donyå mênikå. Awit saking mênikå tiyang sêpuh nyêkolahakên larénipun wontên ing sêkolah ingkang têbih saking ingkang njalari cilåkå.

Lajêng wontên tiyang sêpuh *Prodigy Parents* ingkang minulya utawi gadhah båndhå ingkang kathah, ananging botên gadhah pendidikan ingkang cêkap. Tiyang sêpuh gadhah pamanggih bilih larénipun sagêd minulya tanpå sêkolah kados piyambakipun. Pramilå tiyang sêpuh botên nggatosakên sangêt pendidikan laré-larénipun. Bab mênikå ingkang ndadosakên tiyang sêpuh botên nyêkolahakên laré dumugi tingkat ingkang inggil.

Encounter Group Parents inggih mênikå tiyang sêpuh ingkang rêmên sangêt sêsambêtan kaliyan tiyang sanés. Tiyang sêpuh jinis mênikå gadhah pendidikan ingkang cêkap, ananging padamêlanipun botên ajêg. Gêgayutanipun kaliyan tiyang sanés kaanggêp wigatos sangêt. Awit saking mênikå tiyang sêpuh kirang nggatosakên larénipun. Sanadyan tiyang sêpuh gadhah kêkajêngan supados larénipun gadhah katrampilan wontên ing bidang pendidikan, ananging laré ingkang dipungulawênthah kanthi cårå makatên adatipun kirang sagêd ngrêmbakakakên katrampilanipun amargi kirangipun kawigatosan saking tiyang sêpuh.

Ingkang pungkasan inggih mênikå *milk and cookies parents* utawi tiyang sêpuh ingkang nggulawênthah larénipun kanthi trêsnå asih. Tiyang sêpuh tansah nggatosakên larénipun wiwit alit dumugi diwåså. Kaluwarga sagêd dipundadosakên sarånå laré kanggé ngrêmbakakakên katrampilan laré amargi tiyang sêpuh nindakakên kuwajiban minångkå tiyang sêpuh kanthi saé.

Saking wolung jinis tiyang sêpuh anggénipun nggulawênthah larénipun, tiyang sêpuh jinis *milk and cookies parents* ingkang paling jumbuh kaliyan sipatipun laré. Tiyang sêpuh sagêd ngriptå swasånå ingkang sagêd ndamêl laré ngrêmbåkå. Laré botên dipunpêksa supados nglampahi kêkajênganipun tiyang sêpuh. Tiyang sêpuh mangrêtosi bilih sabên laré gadhah kalangkungan såhå kakirangan piyambak-piyambak.

3. Panggulawênthahing laré miturut asiling panalitèn Damayanti (lumantar Silalahi, 2010: 198)

Panggulawênthahing laré miturut Damayanti kapérang dados kalih, ingkang sêpisan inggih mênikå panggulawênthahing laré *positif* inggih mênikå tiyang sêpuh ingkang tumindak *positif* kanthi maringi *dukungan*, norma såhå ukuman kanthi cêthå. Awit saking mênikå kaluwargå sagêd mbêntuk kapribadén laré ingkang kiyat nalikå badhé sêsambêtan kaliyan tiyang sanés.

Salajêngipun ingkang kaping kalih inggih mênikå panggulawênthahing laré *negatif* têgêsipun kaluwargå ingkang kathah pamanggih, ngginakakên ukuman kanthi nindakakên tumindak ingkang sagêd damêl sakiting badan. Awit saking mênikå ndadosakên laré lêpat anggénipun sêsambêtan kaliyan tiyang sanés utawi kêkancan kalih kåncå ingkang kirang saé.

Adhêdhasar andharan ing nginggil, sampun cêthå bilih panggulawênthahing laré *positif* ingkang jumbuh kaliyan kabêtahan laré. Tiyang sêpuh ingkang tumindak saé sagêd dados tulådhå ingkang saé ugi tumrap larénipun. Laré ingkang gadhah kapribadén ingkang kiyat botên gampil ndèrèk tumindak awon ingkang dipuntindakakên déning kancanipun.

Kêjawi jinising panggulawênthahing laré ingkang sampun kasêbutakên ing nginggil, sanésipun wontên panggulawênthahing laré tiyang sêpuh Jawi miturut Geertz (1983). Ingkang ångkå sêtunggal inggih mênikå mléncéngakên saking ancas ingkang botên dipunkajêngakên. Têgêsipun inggih mênikå botên ngêlulu laré. Salajêngipun inggih mênikå maringi paréntah kanthi cêthå såhå botên ngginakakên *emosi* utawi ukuman. Têgêsipun tiyang sêpuh tansah ngrêmbug bab mênåpå kémawon kaliyan larénipun saénggå laré sagêd mangrêtos mênåpå maksudipun. Ingkang kaping tigå inggih ngajrih-ajrihi laré ngginakakên ancêman. Salajêngipun inggih mênikå botên asring maringi ukuman ingkang sagêd ngicalakên raos trêsnå asih. Ingkang pungkasan inggih mênikå mulang wuruk bab patuh såhå tåtå kråmå.

Saking andharan ing nginggil sagêd kapêndhêt dudutan bilih panggulawênthahing tiyang Jawi tumrap larénipun sagêd nuwuhakên karakter ingkang jumbuh kadostå sabar såhå waspådå. Karakter mênikå dipunbentuk tiyang sêpuh dhatêng larénipun wiwit saking alit dumugi diwåså. Awit saking mênikå kaluwargå kaangkah sagêd dados sarånå kanggé mulang muruk laré supados sagêd gêsang ing satêngahing masarakat kanthi saé.

Sanésipun ugi wontên panggulawênthahing laré tiyang sêpuh Jawi miturut Koentjaraningrat (lumantar Idrus, 2012: 126). Miturut Koentjaraningrat wontên

sêkawan jinis panggulawênthahing laré ingkang dipunginakakên tiyang Jawi kanggé nggulawênthah larénipun. Ingkang sêpisan inggih mênikå maringi bêbungah manawi laré sagêd tumindak saé, maringi ukuman dhatêng laré, ngêlulu laré kanthi nuruti panyuwunipun laré, såhå nyatruni laré kanthi botên ngêjak gunêman utawi dolanan laré.

Wontên manékå warni cårå tiyang sêpuh kanggé nggulåwênthah laré-larénipun. Sabên cårå wontên kalangkungan såhå kakiranganipun piyambak-piyambak. Tiyang sêpuh nggulawênthah larénipun supados laré gadhah sipat såhå tumindak ingkang jumbuh. Gayut kaliyan ancasing panalitèn mênikå ingkang ngandharakên mênåpå kémawon bab panggulåwênthahing laré ing sêrat *Bangun-Naknik,* Asiling panalitèn kaandharakên wontên ing bab sakawan.

G. Panalitèn ingkang Jumbuh

Panalitèn ingkang jumbuh kaliyan panalitèn mênikå inggih panalitènipun Ni Wayan Sri Prabawati Kusuma Dewi (2019) ing Institut Hindu Dharma Negeri Denpasar kanthi irah-irahan *Pola Asuh Anak Menurut Chanakya Niti Shastra* såhå panalitènipun Rahmat Indra Permana (2014) ing Universitas Islam Negeri Sunan Kalijaga kanthi irah-irahan *Pola Asuh Anak Menurut Hukum Keluarga Islam*. Wondéné prakawis ingkang jumbuh såhå ingkang botên jumbuh kawahyakakên wontên ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 2: Panalitèn ingkang Jumbuh

No	Prakawis	Panalitèn Ni Wayan Sri Prabawati Kusuma Dewi	Panalitèn Rahmat Indra Permana	Panalitèn Ani Munika
1.	Irah-irahan	*Pola Asuh Anak Menurut Chanakya Niti Shastra*	*Pola Asuh Anak Menurut Hukum Keluarga Islam*	*Kajian Filologi* såhå Pangrêmbag Bab Panggulawênthahing Laré Wontên ing Sêrat Bangun-Naknik
2.	Sumber	Kitab Chanakya Niti Shastra	Kitab Tarbiyatul Aulad	*Naskah Sêrat Bangun-Naknik*
3.	Jinising panalitèn	*Metode Deskriptif*	*Library Research*	*Metode Filologi Modern* såhå *Metode Deskriptif*
4.	Asiling Panalitèn	Panggulawênthahing laré miturut Chanakya Niti Shastra inggih mênikå laré dumugi umur gangsal taun dipun-*manja*-kakên, nyaosi ukuman nalikå umur ênêm dumugi gangsal wêlas taun, såhå dipungulawênthah kanthi cårå dipundadosakên kåncå rakêt nalika sampun diwåså.	Panggulawênthahing laré miturut kitab Tarbiyatul Aulad kapérang dados *aspek keimanan, moral, fisik, akal, kejiwaan, sosial sartå aspek seks* ingkang kêdah dipuncakakên tiyang sêpuh dhatêng larénipun.	Pangrêmbag bab panggulawênthahing laré ing salêbêting *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå (1) Nepangakên agami (2) Laré dipungladhi adus piyambak supados sagêd mandiri (3) Nginggah kéwan kanggé ngajari laré tanggél jawab (4) Ngajari laré unggah-ungguh (5) Ngginakakên gugon tuhon kanggé paring pitutur kanggé laré (6) Nyariosakén dongéng sadéréngipun tilém (7) Paring pitutur (8) Tumindak adil (9) Ndolani laré mawi dolanan tradisional (10) Maringi kêsênêngan laré supados botên nangis (11) Mênging laré kanthi ngandharakên bab ingkang dipunlarang supados botên nindakakên larangan kasêbut (12) Ngrimat

No	Prakawis	Panalitèn Ni Wayan Sri Prabawati Kusuma Dewi	Panalitèn Rahmat Indra Permana	Panalitèn Ani Munika
				laré ing padintênan (13) Nyêkolahakên laré.

Adhêdhasar andharan ing nginggil sagêd katingal wontên prakawis ingkang sami såhå bédå. Prakawis ingkang sami inggih mênikå *analisis data*, inggih mênikå nganalisis bab panggulawênthahing laré ingkang kawrat wontên ing sumber *data* panalitèn.

Wondéné prakawis ingkang bédå inggih mênikå sumbêr panalitèn, jinising panalitèn, såhå asiling panalitèn. Panalitènipun Ni Wayan Sri Prabawati Kusuma Dewi (2019) sumberipun saking kitab Chanakya Niti Shastra, jinising panalitèn *Metode Deskriptif,* asiling panalitèn inggih mênikå laré dumugi umur gangsal taun dipun-*manja*-kakên, nyaosi ukuman nalikå umur ênêm dumugi gangsal wêlas taun, såhå dipungulawênthah kanthi cårå dipundadosakên kåncå rakêt nalika sampun diwåså. Panalitènipun Rahmat Indra Permana (2014) sumberipun saking kitab Tarbiyatul Aulad, jinising panalitèn *Library Research,* asiling panalitèn mênikå panggulawênthahing laré miturut kitab Tarbiyatul Aulad kapérang dados pitu *aspek*. Wondéné panalitèn mênikå sumberipun saking *Naskah Sêrat Bangun-Naknik*, jinising panalitèn *Metode Filologi Modern* såhå *Metode Deskriptif,* asiling panalitèn mênikå panggulawênthahing laré ing salêbêting *teks Bangun-Naknik* kapérang dados 13 bab.

BAB III

CARANING PANALITEN

A. Jinising Panalitèn

Panalitèn tumrap *Naskah Sêrat Bangun-Naknik* mênikå ngginakakên kalih jinis panalitèn inggih mênikå *metode* panalitèn *filologi* mliginipun *filologi modern, metode deskriptif* såhå *analisis konten*. *Metode filologi modern* dipunginakakên kanggé ngandharakên isining *Naskah Sêrat Bangun-Naknik. Metode deskriptif* inggih mênikå cårå ingkang kaginakakên kanggé nggambarakên praståwå ingkang kadadosan ing salêbêting *Naskah Sêrat Bangun-Naknik*, kados pundi sipat såhå titikanipun kanthi mênåpå wontênipun såhå *sistematis* (Kaelan, 2005: 58). Wondéné *analisis konten* kaginakakên kanggé ngrêmbag bab panggulåwênthahing laré ingkang kawrat wontên ing *Naskah Sêrat Bangun-Naknik.*

Saking andharan ing nginggil sagêd kapêndhêt dudutan bilih *metode filologi modern* såhå *deskriptif* wontên ing panalitén mênikå kaginakakên kanggé ngandharakên isining *teks Serat Bangun-Naknik* bab panggulawênthahing laré tiyang Jawi, lajêng dipun-*analisis* ngginakakên *teknik analisis isi* (*content analysis*).

B. Sumbêr *Data* Panalitén

Sumber *data* panalitén *filologi* mênikå ngginakakên *naskah* kanthi irah-irahan *Bangun-Naknik* ingkang kasêrat taun 1930. *Naskah* kasêbut kasimpên wontên ing *Perpustakaan Taman Siswa Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta*. *Naskah* kanthi dhapukan gancaran mênikå kapanggihakên kalih eksemplar kanthi nomêr *koleksi* 1732 såhå 1798. wondéné *naskah* kanthi nomêr 1732 dipunpilih minångkå sumbêr *data* wontên ing panalitèn mênikå.

C. *Teknik* Ngêmpalakên *Data* Panalitén

Teknik ngêmpalakên *data* wontên ing panalitén mênikå katindakakên kanthi cårå nindakakên lampahing panalitén *filologi*. Lampahing panalitén ingkang dipuntindakakên kaandharakên kados ing ngandhap mênikå:

1. *Inventarisasi Naskah*

Inventarisasi naskah inggih mênikå lampahing panalitèn *filologi* kanggé ngêmpalakên *data* såhå katrangan *naskah* ingkang sajinis. Panalitén mênikå dipuntindakakên kanthi cårå *studi katalog* såhå *studi lapangan* utawi *pengamatan langsung*. Ingkang sêpisan inggih mênikå madosi cacahing *naskah* mawi maos katalog kalajêngakên ningali langsung wontên ing papan panyimpêning *naskah* sapêrlu mangrêtosi kawontênaning *naskah*.

2. *Deskripsi Naskah*

Salajêngipun inggih mênikå damêl *deskripsi naskah Sêrat Bangun-Naknik*. *Deskripsi naskah* dipunandharakên wontên ing tabel *kartu data*. Wujudipun *kartu data* kawahyakakên wontên ing pirantos kanggé ngêmpalakên data panalitèn. Lajêng wontên ngandhapipun *kartu data* kaandharakên malih mawi têtêmbungan supados langkung jangkêp såhå céthå.

3. *Alih Tulis Teks*

Sasampunipun damêl *deskripsi naskah*, kalajêngakên damel *alih tulis teks*. *Alih tulis* ingkang dipunginakakên wontên ing panalitèn mênikå kapérang dados kalih inggih mênikå *transkripsi* såhå *transliterasi*. *Transkripsi* inggih mênikå damêl sêrataning *teks* ngginakakên aksårå ingkang sami. *Transkripsi ingkang* katindakakên tumrap *teks Bangun-Naknik* ngginakakên *metode transkripsi*

diplomatik, têgêsipun aksårå dipunsêrat sami kaliyan *teks* kanthi mênåpå wontênipun.

Wondéné *transliterasi* inggih mênikå nggantos sêrataning *teks* ngginakakên aksårå ingkang bédå. *Transliterasi ingkang* katindakakên tumrap *teks Bangun-Naknik* ngginakakên *metode transliterasi standar*. Awit saking mênikå aksårå kajumbuhakên kaliyan *Panduan Umum Ejaan Bahasa Jawa* ingkang taksih lumampah.

4. *Suntingan Teks*

Suntingan teks Bangun-Naknik ngginakakên *metode suntingan edisi kritis*. *Suntingan edisi kritis* ngasilakên *teks* ingkang rêsik saking kalêpatan-kalêpatan såhå sêratan ingkang botên ajêg. *Suntingan teks* ingkang kadamêl dipunjumbuhakên kaliyan *ejaan* båså Jawi ingkang lumampah. Pramilå pandoming *suntingan teks Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå ngginakakên *Panduan Umum Ejaan Bahasa Jawa, Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939), såhå *konteks*. Asiling *suntingan teks* ingkang dipunlampahi kadostå ngirangi, nambahi utawi nggantos aksårå, wandå såhå têtêmbungan ing sêrataning *teks Sêrat Bangun-Naknik* dipunandharakên ing *aparat kritik*.

5. *Terjemahan Teks*

Ingkang salajêngipun inggih mênikå damêl *terjemahan teks*. *Terjemahan teks* ingkang dipunginakakên ing *teks Serat Bangun-Naknik* wontên tigå inggih mênikå *terjemahan harfiah, terjemahan isi* utawi *makna* såhå *terjemahan bebas*. Anggénipun damêl *terjemahan* dipunjumbuhakên kaliyan *standar* ingkang lumampah inggih mênikå *PUEBI*.

D. Pirantos kanggé Ngêmpalakên *Data* Panalitèn

Pirantos kanggé ngêmpalakên data panalitèn wontên panalitèn mênikå awujud *kartu data*. *Kartu data* inggih mênikå pirantos awujud *tabel* ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat sêdåyå asiling *data* såhå katrangan saking *teks Serat Bangun-Naknik.* Lampahing panalitèn ingkang mbêtahakên kartu data kanggé nyêrat data panalitèn inggih mênikå *inventarisasi naskah, deskripsi naskah*, asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks, aparat kritik,* asiling *terjemahan* såhå isining *teks Serat Bangun-Naknik.* Wujuding kartu data mênikå dipundamêl kados ing ngandhap.

1. Kartu data kanggé nyêrat asiling *inventarisasi naskah*

Tabel 3: **Kartu Data *Inventarisasi Naskah***

No.	**Katalog Naskah**	**Kode Koleksi**	**Gunggungipun Naskah Serat *Bangun-Naknik***
1.	*Katalog Naskah Perpustakaan Dewantara Kirti Griya*	1732 1798	2

2. Kartu data kanggé nyêrat asiling *deskripsi naskah*

Tabel 4. **Kartu Data *Deskripsi Naskah***

No.	**Katrangan**	**Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik***
1	Papan panyimpênipun	
2	Panyêrat	
3	Nomêr kodeks	
4	Irah-irahan: a. Kasêrat ing pundi mawon såhå kåcå pintên?	

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
	b. Adhêdhasar katrangan salêbêting teks utawi katalog? c. Katrangan irah-irahan dipunsêrat kaliyan sintên? (indikator)	
5	Manggålå utawi andharan ing wiwitaning teks ingkang botên gayut kaliyan wosing teks a. wêkdal panyêratan b. pawadan panyêrat c. ancasipun panyêratan d. pangajab rikålå nyêrat e. ukårå pêpuji dhtêng Gusti f. ukara pêpuji dhatêng panguwaos/Nabi g. papan panyêratan	
6	Kolofon/ panutup a. wêdharanipun b. wêkdl pungkasaning panyêratan c. papan rikålå nyêrat d. asmanipun panganggit e. pawadan panyêratan f. ancasipun panyêratan g. pangajab rikålå nyêrat	
7.	Kawontênaning naskah	
8.	Jinis bahan naskah	
9.	Cacahipun baris sabên sakåcå	
10	Kandêling naskah ingkang dipuntaliti	
11	Ukuran naskah umum (pxl)	
12	Ukuran naskah khusus ingkang dipuntaliti	
13	Ukuran margin naskah khusus ingkang dipuntaliti a. nginggil b. ngandhap c. têngênsamak naskah d. kiwå	

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
14	Isining naskah (satunggal mênåpå kêmpalan saking mapintên-pintên teks)	
15	Jinis naskah adhêdhasar andharaning teks (Behrend, 1990: X)	
16	Dhapukaning teks (sêkar mênåpå gancaran)	
17	Samakipun naskah (warninipun, wujudipun, kawontênanipun, bahanipun, rêrênggan)	
18	Jinising aksårå teks	
19	Nomêr kåcå (mapan ing pundi, warni mênåpå, kanthi jinising ångkå mênåpå)	
20	Ukuraning aksårå	
21	Sikaping aksårå (jêje	
22	Tandhêsaning aksårå (kandêl, tipis utawi sanésipun)	
23	Warnaning mangsi	
24	Basaning teks (båså Jawi énggal, båså Jawi pertengahan, båså Jawi kinå)	
25	Pembagian kåcå naskah (kalêbêt kåcå ingkang kosong) manawi langkung saking satunggal naskah, pramilå dipunsêbutakanên irah-irahan såhå kåcånipun	
26	Cacahing naskah ingkang dipuntaliti	
27	Wujuding aksårå (mbåtå sarimbag, ngêtumbar, mucuk êri, kombinasi)	
28	Cap kertas såhå stempel	
29	Wadånå rênggan (hiasan gambar) utawi iluminasi:	

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
	wêdharakên, warni, goresan, mangsi	
30	Gambar-gambar (ilustrasi)	
31	Cathêthan ing sawijining teks	
32	Cathêthan ing papan sanés	

3. Kartu data kanggé nyêrat asiling *transliterasi* såhå *suntingan teks*

Tabel 5: **Kartu Data Asiling *Transliterasi teks***

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*
II **Katrêsnaning Kakancan** Ing wayah jam nêm ésuk, Bangun lan Naknik wis tangi, pådhå nyêdhaki bapakné lagi ngombé wédang arêp mangkat mênyang pagawéan. Bapakné Bangun wêruh Mujiya têkå, banjur calathu: "Lah, gu lo, Ngun, kancamu wis têkå, dolanå kéné, Ya wis bapak mangkat."

Tabel 6: **Kartu Data Asiling *Suntingan teks***

Asiling *Suntingan Edisi Kritis Teks Bangun-Naknik*
Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: "Gi lo, Ngun, tak $< \boldsymbol{t} >^{\mathbf{3}}$**uko**$(\boldsymbol{k})^{\mathbf{4}}$**aké** pitik, kowé iyå, Nik, siji."

4. Kartu data kanggé nyêrat aparat kritik

Tabel 7: **Kartu Data *Aparat Kritik***

No	Sadéréngipun Dipun-*sunting*	*Suntingan*	Asiling *Suntingan*	Katrangan
1.	layangamu	**layanga**$(\boldsymbol{n})^{\mathbf{1}}$**mu**	layanganmu	Kåcå 44 larik 12

5. Kartu data kanggé nyêrat asiling *terjemahan teks*

Tabel 8: **Kartu Data Asiling *Terjemahan Teks***

Asiling *Terjemahann Teks Bangun-Naknik*
II **Rasa Sayang dalam Pertemanan** Waktu jam enam pagi, Bangun dan Naknik sudah bangun. Mereka mendekati bapaknya yang sedang minum dan akan berangkat ke tempat bekerja. Bapaknya Bangun melihat Mujiya datang, lalu berkata: “Lah, itu lho Ngun, temanmu sudah datang, main saja disini, Ya. Sudah bapak mau berangkat.”

6. Kartu data kanggé nyêrat Panggulåwênthahing Laré wontên ing Sêrat Bangun-Naknik

Tabel 9: **Kartu Data Panggulåwênthahing Laré wontên ing Sêrat Bangun-Naknik**

No.	**Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré**	**No. Data**	**Kåcå**	***Indikator***		**Dudutan**
				Teks	***Terjemahan***	
1.	Nêpangakên agami	1	6	Ibuné: “Iyå, kéné jakên madhang. Kéné, ya. **Wis kéné cah têlu amin-amin.** Lah Kuncung êndi.”	Ibunya: “Iya, sini diajak makan. Sini, ya. **Sudah sini kalian bertiga berdoa.** Lah dimana Kuncung?”	Laré angsal nilai-nilai agåmi kados dêdonga sadèrèngipun nêdhå såhå matur bismillah sadèrèngipun nindakakên pakaryan wiwit saking alit supados sagêd dipundadosakên dhasar anggênipun tumindak ing pagêsangan.
		9	42	Êmbah wédok: “Yå pancén juwéh. Simbah kêsêl. Dhun yå, Nik,	Nenek: “Memang ceriwis. Nenek capek. Turun ya, Nik, nanti gendong lagi.	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				mêngko géndhong maném. **sêmilah, (bismillah).** ayo tak kanthi.”	**Bismillah**. Ayo nenek gandeng.”	

E. *Teknik Analisis Data* Panalitèn

Teknik analisis data ingkang dipunginakakên kanggé nliti isining *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå ngginakakên *teknik analisis isi* (*content analysis*). *Analisis isi* (*content analysis*) miturut Krispendoff (lumantar Ahmad, 2018: 2) inggih mênikå teknik panalitèn ingkang ngasilakên dudutan saking data ingkang dipuntliti kanthi nggatosakên *konteks*-ipun. Lampahing analisis isi miturut Fraenkel såhå Wallen (lumantar Sukarnoto, 2011: 71) inggih mênikå (1) nemtokakên ancasing panalitèn inggih mênikå ngandharakên isining *teks Sêrat Bangun-Naknik*, (2) ngandharakên bab-bab ingkang wigatos ing salêbêting *teks Sêrat Bangun-Naknik*, (3) nêmtokakên fokus pnalitèn inggih mênikå bab panggulåwênthahing laré, (4) madosi data ingkang gayut kaliyan panggulåwênthahing laré lajêng dipunpånthå-pånthå wontên kartu data, (5) nggayutakên ancas panalitèn kaliyan data inggih mênikå ngandharakên panggulåwênthahing laré ing salêbêting *teks Sêrat Bangun-Naknik*, (6) *penafsiran data* inggih mênikå data ingkang sampun dipunandharakên salajêngipun dipundamêl dudutanipun.

F. Cårånipun Ngêsahakên *Data* Panalitèn

Cårå kanggé ngêsahakên data wonten ing panalitèn mênikå ngginakakên *validitas* såhå *reliabilitas data*. *Validitas* ingkang dipunginakakên inggih mênika *validitas semantik*, têgêsipun inggih mênikå ndamêl pemaknaan data ingkang kajumbuhakên kaliyan *konteks data* panalitèn. *Data* wontèn panalitèn kasêbut inggih mênikå bab panggulawênthahing laré tiyang Jawi wontên serat *Bangun-Naknik*. *Data* mênikå lajêng dipunpadosi maknanipun jumbuh kaliyan *standar* ingkang lumampah.

Wondéné *reliabilitas* wontên panalitèn mênikå ngginakakên *reliabilitas intraratter* såhå *interrater*. *Teknik intrarratter* dipunginakakên kanggé madosi *data* ngéngingi panggulåwênthahing laré kanthi cårå maos sumber *data* inggih mênikå *naskah Sêrat Bangun-Naknik* langkung saking sapisan satêmah ngasilakên data ingkang ajêg (Kaelan, 2005: 177). Manawi sampun pikantuk data saking *naskah Sêrat Bangun-Naknik* lajêng nindakakên *reliabilitas interrater* kanthi cårå nyuwun ndhèrèkakên tiyang ingkang langkung *ahli*, wontên panalitèn mênikå nyuwun pamanggihipun *dosen pembimbing*.

BAB IV

ASILING PANALITÈN SÅHÅ PANGRÊMBAGIPUN

A. *Deskripsi Naskah*

Deskripsi naskah dipundamêl kanthi ancas ngandharakên kawontênaning naskah fisik såhå non fisik ingkang dipundadosakên sumbêr panalitèn. Wontên panalitèn mênikå *Sêrat Bangun-Naknik* dipunandharakên mawi tabel kados ing ngandhap, salajêngipun dipunandharakên malih mawi têtêmbungan supados langkung jangkêp såhå cêthå.

Tabel 10. ***Deskripsi Naskah Sêrat Bangun-Naknik***

No.	**Katrangan**	**Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik***
1	Papan panyimpênipun	Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta
2	Panyêrat	Mas Harjawiraga
3	Nomêr kodeks	1732
4	Irah-irahan: d. Kasêrat ing pundi mawon såhå kåcå pintên? e. Adhêdhasar katrangan salêbêting *teks* utawi katalog? f. Katrangan irah-irahan dipunsêrat kaliyan sintên? (indikator)	a. Irah-irahan Naskah Sêrat *Bangun-Naknik* kasêrat wontên samak ngajêng Naskah b. Katrangan irah-irahan naskah Sêrat *Bangun-Naknik* adhêdhasar samak naskah såhå ing salêbêting *teks* ing kåcå sêtunggal c. Katrangan irah-irahan naskah Sêrat *Bangun-Naknik* dipunwêdalakên déning kantor pangêcapan Wignjosoeroto Djokjakarta
5	Manggålå utawi andharan ing wiwitaning *teks* ingkang botên gayut kaliyan wosing *teks* h. wêkdal panyêratan i. pawadan panyêrat j. ancasipun panyêratan k. pangajab rikålå nyêrat l. ukårå pêpuji dhatêng Gusti	-Papan pangêcapanipun wontên ing Balé Pustaka -taun anggénipun nyithak inggih mênikå tahun 1930.

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
	m. ukara pêpuji dhatêng panguwåså/Nabi n. papan panyêratan	
6	Kolofon/ panutup h. wêdharanipun i. wêkdal pungkasaning panyêratan j. papan rikålå nyêrat k. asmanipun panganggit l. pawadan panyêratan m. ancasipun panyêratan n. pangajab rikålå nyêrat	-Ngandharakên isinipun *teks* ingkang wontên tigå wêlas bab. -informasi kåcå sabên bab.
7.	Kawontênaning naskah	Naskah taksih cêkap saé, sêratanipun taksih sagêd dipunwaos amargi naskah Sêrat *Bangun-Naknik* mênikå awujud naskah cithak. Jilidan naskah sampun botên kêncêng. Wontên sapérangan kåcå ingkang bolong-bolong såhå suwék ananging namung wontên pinggir-pinggiripun.
8.	Jinis bahan naskah	Jinis bahan naskah *Bangun-Naknik* saking dlancang HVS warni soklat.
9.	Cacahipun larik sabên sakåcå	Cacahipun larik sabên sakåcå antawisipun 6 dumugi 22.
10	Kandêling naskah ingkang dipuntaliti	Kandêlipun naskah Sêrat *Bangun-Naknik* inggih mênikå 1 cm.
11	Ukuran naskah umum (panjang x wiyaripun)	22,7 x 15,8 cm
12	Ukuran naskah khusus ingkang dipuntaliti	17,2 x 10,7 cm
13	Ukuran margin naskah khusus ingkang dipuntaliti e. nginggil f. ngandhap g. têngên h. kiwå	lêmbar têngên a. nginggil : 1,6 cm b. ngandhap : 2,7 cm c. têngên : 3 cm d. kiwå : 1,7 cm lêmbar kiwå a. ngginggil : 1,6 cm b. ngandhap : 2,7 cm c. têngên : 1,7 cm d. kiwå : 3 cm
14	Isining naskah (satunggal mênåpå kêmpalan saking mapintên-pintên *teks*)	Isining naskah inggih mênikå namung sêtunggal *teks*.

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
15	Jinis naskah adhêdhasar andharaning *teks* (Behrend, 1990: X)	*Naskah sastra*
16	Dhapukaning *teks* (sêkar mênåpå gancaran)	Dhapukaning naskah *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå gancaran.
17	Samakipun naskah (warninipun, wujudipun, kawontênanipun, bahanipun, rêrênggan)	Samak njawi *naskah Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå ngginakakên dlancang karton warni soklat, dipunjilid mawi selotip wêrni cêmêng ananging sampun botên pati kêncêng såhå dilapisi plastik bêning. Samak luar taksih cêkap saé. Wondéné samak ing salêbêting *naskah* ngginakakên dlancang HVS biasa warni soklat. Wujudipun wontên bolong-bolong såhå suwék ananging sêratan irah-irahan såhå panganggit taksih sagêd dipunwaos.
18	Jinising aksårå *teks*	Jinising aksårå *teks Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå aksårå Jåwå.
19	Nomêr kåcå (mapan ing pundi, warni mênåpå, kanthi jinising ångkå mênåpå)	Nomêr kåcå *teks Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå wontên ing nginggil sisih tengah nginggil, kasêrat mawi ångkå latin, mangsinipun warni cêmêng.
20	Ukuraning aksårå	Ukuraning aksårå *Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå alit.
21	Sikaping aksårå (jêjeg, miring nêngên, utawi mangiwå)	Sikaping aksårå wontên *Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå jêjêg.
22	Tandhêsaning aksårå (kandêl, tipis utawi sanésipun)	Tandhêsaning aksårå *Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå kandêl.
23	Warnaning mangsi	Warninipun mangsi ingkang dipunginakakên wontên Sêrat *Bangun-Naknik* inggih mênikå warni cêmêng.
24	Basaning *teks* (båså Jawi énggal, båså Jawi pertengahan, båså Jawi kinå)	Båså ingkang dipunginakakên wontên Sêrat *Bangun-Naknik* inggih mênikå båså Jawi gagrag enggal ragamipun ngoko såhå kråmå.
25	Pembagian kåcå naskah (kalêbêt kåcå ingkang kosong) manawi langkung saking satunggal naskah, pramilå dipunsêbutakanên irah-irahan såhå kåcånipun	Cacahipun kåcå naskah Sêrat *Bangun-Naknik* wontên 71 kåcå. Kåcå satunggal inggih mênikå irah-irahan ingkang kasêrat wontên samak dalam, kåcå kalih inggih mênikå lêmbar kosong, kåcå tigå inggih mênikå cariyos ingkang nomér

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
		sêtunggal inggih mênikå "Kahanané Bocah Sajroné Sadinå Sawêngi", kåcå sêkawan dumugi kåcå 71 inggih mênikå isining *teks* Sêrat *Bangun-Naknik*, ingkang paling wingking wontén pratélan isi.
26	Cacahing naskah ingkang dipuntaliti	Cacahing naskah ingkang dipuntaliti wontên sêtunggal inggih mênikå *teks Bangun-Naknik*.
27	Wujuding aksårå (mbåtå sarimbag, ngêtumbar, mucuk êri, kombinasi)	Wujuding aksårå wontên Sêrat *Bangun-Naknik* inggih mênikå mucuk êri.
28	Cap kertas såhå stempel	Cap stempel WIGNJOSOEROTO DJOKJAKARTA wontên ing samak dalam sisih tengah têngên, såhå ing kåcå sêtunggal sisih tengah nginggil.
29	Wadånå rênggan (hiasan gambar) utawi iluminasi: wêdharakên, warni, goresan, mangsi	-
30	Gambar-gambar (ilustrasi)	Ilustrasi ing *teks Bangun-Naknik* cacahipun wontên 6. Sabên ilustrasi sagêd ndadosakên ingkang maos gadhah gambaran ingkang langkung saé, jumbuh kaliyan kon*teks* såhå alur cariyos.
31	Cathêthan ing sawijining *teks*	-
32	Cathêthan ing papan sanés	a. Kode naskah Kode naskah dipunsêrat ngginakakên dlancang HVS warni ijêm ukuranipun alit. Dipuntemplekakên wontên ing jilidan tengah sisih ngandhap. Sêratanipun PERPUSTAKAAN

No.	Katrangan	Deskripsi Naskah Sêrat *Bangun-Naknik*
		Museum Dewantara Kirti Griya 1732 ngginakakên mangsi warni cêmêng. b. Cathêthan digitalisasi Cathêtan mênikå mratandhani bilih naskah *Bangun-Naknik* badhé dipundamêl digitalisasi-nipun ing taun 2019. c. Cathêthan hak cipta  Cathêtan hak cipta wontên ing samak dalam naskah kasêrat "wêwênangipun pangarang sinêngkêr, miturut bab 11 anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêbrad, 1912 No. 600. d. Cap stempel Cap stempel kasêrat WIGNJOSOEROTO DJOKJAKARTA wontên ing samak dalam sisih tengah têngên, såhå ing kåcå sêtunggal sisih tengah nginggil.

Katrangan kawontênaning *naskah* såhå *teks Serat Bangun-Naknik* ing tabel nginggil dipunandharakên kanthi ringkês. Adhêdhasar tabel, asiling *deskripsi naskah* såhå *teks* Serat *Bangun-Naknik* badhé kaandarakên malih langkung jangkêp kados ing ngandhap mênikå.

1. Irah-irahaning *naskah,* papan panyimpêning *naskah,* nomêr *koleksi naskah* såhå panyêratipun

Irah-irahaning *naskah Sêrat Bangun-Naknik* ingkang dipundadosakên minångkå sumber *data* panalitèn mênikå kasêrat wontên ing samak salêbêting *naskah*. *Bangun-Naknik* dipundadosakên irah-irahan amargi isinipun *teks* ingkang nyariyosakên Bangun kaliyan Naknik minångkå parågå kakang såhå rayi ing satunggaling kaluwargå. Wondéné *cuplikan* irah-irahaning naskah sagêd dipuntingali wontên ing ngandhap mênikå.



Gambar 1. **Irah-irahaning *Naskah Sêrat Bangun-Naknik***

Transliterasi: *Bangun-Naknik*

Naskah Sêrat Bangun-Naknik inggih mênikå salah satunggaling *naskah* Jåwå ingkang kasimpên wontên ing *Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta* kanthi nomêr *koleksi* 1732. Wontên ing samak ingkang wontên lêbêt sagêd dipuntingali nåmå panganggitipun inggih mênikå Mas Harjawiraga. Radén Ngabehi Harjawiraga inggih mênikå putranipun Raden Tumenggung Mangundipura, wayahipun Ki Padmasusastra. Radén Ngabehi Harjawiraga kawêntar minångkå panganggit sastra Jåwå. Asiling karya sastra ingkang sanés antawisipun kanthi irah-irahan Pathokaning Nyêkarakên (Balai Pustaka, 1926) såhå Sri Kuning (Balai Pustaka, 1952).



Gambar 2. **Panganggit *Naskah Sêrat Bangun-Naknik***

Transliterasi: Mas Harjawiraga

2. Umur Naskah, Manggålå såhå Kolofon

Umur *naskah sêrat Bangun-Naknik* sagêd dipunmangrêtosi saking katrangan wontên ing *kolofon naskah*. Adhêdhasar katrangan kolofon mênikå kasêrat taun *naskah* dipuncithak rikålå taun 1930. Awit saking mênikå dumugi taun 2020 *naskah Bangun-Naknik* umuripun sampun 90 taun.



Gambar 3 : **Taun cithakan.**

Transliterasi: Balé Pustaka, Wéltêprédhên 1930.



Gambar 4: **Manggålå**

Transliterasi: Bangun Naknik
Anggitané
Mas Harjawiraga
Balé Pustaka, Wéltêprédhên 1930.

3. Kawontênaning *Naskah* såhå Jinising Bahan *Naskah*

Kawontênaning *naskah Bangun-Naknik* taksih saé atêgês botên risak parah. Sêratanipun taksih cêthå sagêd dipunwaos sêdåyå. Samak ngajêng kaliyan samak

wingking ugi taksih wêtah. Ananging jilidan *naskah* sampun botên pati kêncêng. Kêjawi mênikå wontên sapérangan kåcå ingkang pinggiran dlancangipun bolong utawi suwék, ananging sératanipun taksih sagêd dipunwaos. Kanggé samak ing salêbêting *naskah* ugi déréng risak sangêt. Sêratan irah-irahan såhå panganggitipun taksih sagêd dipunwaos.

Wondéné jinising bahan *naskah* ingkang dipunginakakên inggih mênikå nganggé dlancang HVS warni soklat nom. Manawi samak ngajêng ngginakakên dlancang karton warni soklat déné samak dalam ngginakakên dlancang HVS. Naskah dipunjilid mawi sêlotip wêrninipun cêmeng såhå *dilapisi* plastik bêning.

Gambar 5: **Wujuding Samak Ngajêng**



Gambar 6: **Wujuding Samak ing salêbêting *naskah***

Gambar 7: **Wujuding Jilidan Naskah**

4. Dhapukaning *Teks*, Båså, såhå Jinising Aksårå *Teks*

Dhapukaning *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå dhapukan gancaran amargi bentukipun cariyos-cariyos. Båså ingkang kaginakakên mênikå båså Jawi gagrag énggal ragam ngoko såhå kråmå. Jinising aksårå *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå aksårå Jåwå.

Tulådhå *teks* kanthi båså ngoko

> Barêng ing wayah awan ibuné Bangun anggoné olah-olah wis matêng, anak-anake banjur diléraké sêgå. Naknik wêruh ibune ngêlér sêgå, banjur calathu: “Maêm, Bu.”

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Ketika sudah siang ibunya Bangun sudah selesai memasak, kemudian anak-anaknya disiapkan nasi. Naknik yang melihat ibunya sedang menyiapkan nasi, kemudian berkata: “Makan, Bu.”

Tulådhå *teks* kanthi båså kråmå

> Ibuné: “Nyuwun simbah, ndhodhok, piyé.”
> Naknik banjur ndhodhok sartå mandho karo muni: **“Nyuwun, êmbah.”**

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Ibunya: “Minta ke kakek, jongkok, gimana.”
> Naknik kemudian jongkok serta menadahkan tangannya sambil berkata: “Minta, Kek.”

5. Nomêring kåcå *naskah* såhå gambar-gambar (*ilustrasi*)

Nomêr kåcå *teks Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå wontên ing nginggil sisih têngah nginggil mawi angka latin saking kåcå sêtunggal dumugi kåcå ingkang pungkasan.



Gambar 8: **Nomêring Kåcå *Naskah***

a. *Ilustrasi* wontên ing kåcå 13 ginanipun kanggé nggambarakên isinipun *teks* mawi gambar supados pamaos langkung sagêd mangrêtosi isinipun *teks*. Isinipun nyariyosakên Mujiya dhawah amargi ngoyak layangan, lajêng dipuntulungi dêning Bangun. Wondéné layangan ingkang kêsangsang dipunpêndhêtakên tiyang ingkang liwat. *Ilustrasi* mênikå jumbuh kaliyan pêthikan *teks* wontên ing kåcå 12 ing ngandhap mênikå.

> Mujiya banjur mlayu, layangané mumpul, Bangun ngêtutaké karo lunjak-lunjak, playune Mujiya karo nolèh. **Sikilé kêsandhung, tibå krungkêb, layangané kêsangsang wit johar. Mujiya nangis.**
>
> **Bangun: "Mênêngå, mêngko disènggèt."**
>
> **Bangun ora ngêrti yèn tangisé mau jalaran såkå anggoné tibå. Bangun banjur nganthi Mujiya arêp dijak mulih. Kêbênêran ånå wong liwat ngaruh-aruhi: "Wah, bocah, ésuk-ésuk ngéné dolanan layangan, nyå, gi lo, tak jupukaké."**



Gambar 9: ***Ilustrasi***

b. *Ilustrasi* wontên ing kåcå 24 ginanipun supados pamaos langkung mangêrtos isinipun *teks* wontên ing kåcå sadèrèngipun. Isinipun nyariyosakên bilih Bangun, Naknik kaliyan Mujiya dolanan toyå nalikå jawah ing sangandhapipun tritis såhå sami umbah-umbah rasukan. *Ilustrasi* mênikå nggambarakên isining *teks* wontên ing kåcå 23. Pêthikan *teks*-ipun kados ngandhap mênikå.

> **Bangun karo Naknik banjur pådhå ngumbah klambiné, tangané pådhå nadhah mênyang tritis, banyuné nyiprat-nyiprat ing awak. Suwé-suwé bocah loro banjur mudhun mênyang ngisor tritis, têrus udan-udanan ing kono.**
>
> **Ora suwé Mujiya têkå, playonan ing latar, swarané: kêcopak-kêcopak**, karo undang-undang Bangun: "Ngun, kéné, nglatar, pénak."
>
> Bangun bungah bangêt, rumåså oléh kåncå, banjur pådhå playon ånå ing latar, ora suwé Nik yå milu. **Bocah têlu pådhå kanthén rèntèng-rèntèngan, bêngak-bêngok karo lunjak-lunjak.**

Gambar 10: ***Ilustrasi***

c. *Ilustrasi* wontên ing kåcå 31 ginanipun kanggé nggambarakên isinipun teks mawi gambar supados pamaos langkung sagêd mangrêtosi isinipun *teks*. Isinipun nyariyosakên bilih ibu ngajak Naknik dolanan amargi nangis. Lajêng Bangun såhå Mujiya dolanan wêdhi wontên ing ngémpér. *Ilustrasi* mênikå jumbuh kaliyan pêthikan *teks* wontên ing kåcå 30 ing ngandhap mênikå.

> Ibuné: "Wis, Nik, åjå awor. **Kéné, dolan karo sibu waé."**
> **Mujiya banjur mêtu, dolan ånå ngémpér, nglumpukaké wêdhi Bangun inguk-inguk såkå ing jêro. Suwé-suwé banjur milu mêtu. Bocah loro pådhå dolanan wêdhi.**



Gambar 11: ***Ilustrasi***

d. *Ilustrasi* wontên ing kåcå 37 ginanipun supados pamaos langkung mangêrtos isinipun *teks* wontên ing kåcå sadèrèngipun. Isinipun nyariyosakên bilih simbah kakung kaliyan simbah éstrinipun Bangun såhå Naknik rawuh wontên griya saprêlu tilik wayahipun ingkang sakit. Salajêngipun simbah éstri nyaosi dolanan kanggé Bangun såhå Naknik. *Ilustrasi* mênikå sampun nggambarakên isining *teks* wontên ing kåcå 36 såhå 38. Pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

> Êmbah wédok: "Iyå, ênyå**. Iki gi lo Nik, anak-anaké**, kêbênêran kowé wis duwé sléndhang. Êndi tak êmbané. Putuku wédok, yén kêdugå cangkêmé mangap-mangap."
>
> **[38]** Naknik: "Apik, yå, Pak, sing maringi simbah."
> Bangun: "Aku êndi, Êmbah."
> Êmbah lanang: "Kowé cah lanang, **ênyå gi lo, tak olèh-olèhi grobagan.**



Gambar 12: ***Ilustrasi***

e. *Ilustrasi* wontên ing kåcå 62 ginanipun kanggé nggambarakên isinipun teks mawi gambar supados pamaos langkung sagêd mangrêtosi maksudipun. Isinipun nyariyosakên bilih ibuné nyaosi pirså bilih tiganipun sampun sami nêtês dados kiyik. Lajêng Bangun såhå Naknik bingah sangêt gadhah pitik alit kathah.

Ilustrasi mênikå jumbuh kaliyan pêthikan *teks* wontên ing kåcå 61 ing ngandhap mênikå.

> Barêng wis ngarêpaké têlung jêmuwah, ing wayah ésuk krungu ånå swårå kiyik-kiyik, ibuné Bangun kåndhå: "Ngun, pitiké wis nêtês, wé, nêtês kabéh. Ayo didhunaké. Kéné, kéné, kok tampah diintêri: gagak picak, wulung bingung, gagak picak, wulung bingung."
>
> **Bangun: "Anaké cilik-cilik, aku dhêmên bangêt."**
> **Ibuné: "Åjå cêdhak-cêdhak kurungan, yèn dithothol."**
> **Bangun: "Nik, apik, yå. Ga lo kaé putih, sing njaluk géndhong kaé irêng. Kowé dhêmên, Nik."**
> **Naknik: "Iyå, aku njaluk yå, Mas."**

Gambar 13: ***Ilustrasi***

f. *Ilustrasi* wontên ing kåcå 70 ginanipun supados pamaos langkung mangêrtos isinipun *teks*. Isinipun nyariyosakên bilih Bangun ingkang dipunsêkolahakên wontên ing dalêmipun simbah kêpanggih malih kalih Mujiya. Bangun såhå Mujiya kêkancan salawasipun. *Ilustrasi* mênikå jumbuh kaliyan pêthikan *teks* wontên ing kåcå 71 ing ngandhap mênikå.

> Bangun ånå Nagara sawatårå sasi, banjur dilêbokaké sêkolah. **Kabênêran ånå sêkolahan kono kêtêmu Mujiya, ugå wis sêkolah. Bangun lêstari mimitran karo Mujiya.**

Gambar 14: ***Ilustrasi***

6. Isining *Naskah* såhå Sêrataning *Naskah*

Isining *Naskah Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå cariyos. Cacahipun *teks* namung sêtunggal inggih mênikå *teks Bangun-Naknik* ingkang ngêwrat bab panggulawênthahing laré. isinipun kapérang dados 13 bab inggih mênikå 1) Kahanané Bocah Sajroné Sadinå Sawêngi, 2) Katrêsnaning Kakancan, 3) Mênyang Pasar, 4) Udan-udan, 5) Lårå, 6) êmbahné Tilik, 7) Mlaku-mlaku, 8) Madhangan, 9) Ndolani Putu, 10) Klayu, 11) Ngingu Pitik, 12) Pisah lan Kåncå, såhå 13) Mênyang ênggoné Simbah. Ukuran aksaranipun alit, déné sikaping aksårå jêjêg. Tandhêsaning aksårå wontên samak såhå *teks* katingal kandêl. Warninipun mangsi ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *teks* inggih mênikå warni cêmêng. Lajêng wujuding aksårå ingkang kasérat ing *teks* inggih mênikå mucuk êri.

7. Cathêtan ing Papan Sanés

a) Kode naskah

Kode naskah dipunsêrat ngginakakên dlancang HVS warni ijêm ukuran dlancangipun alit. Dipuntémplékakên wontên ing jilidan tengah sisih ngandhap.

Sêratanipun PERPUSTAKAAN Museum Dewantara Kirti Griya 1732 ngginakakên mangsi warni cêmêng.

b) Cathêtan *digitalisasi*

Cathêtan *digitalisasi* gadhah têgês bilih naskah *Bangun-Naknik* badhé dipundamêl digitalisasi-nipun ing taun 2019. Kasêrat wontên dlancang HVS warni abrit nganggé mangsi warni cêmêng. Ukuranipun alit dipuntémplékakên wontên ing jilidan têngah sisih nginggil.

c) Cathêtan *hak cipta*

Cathêtan *hak cipta* wontên ing samak dalam naskah kasêrat: wêwênangipun pangarang sinêngkêr, miturut bab 11 anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêbrad, 1912 No. 600. Cathêtan mênikå wontên ing kåcå kalih.

d) Cap stempel

Cap stempel kasêrat WIGNJOSOEROTO DJOKJAKARTA wontên samak ing salêbêting *naskah* sisih tengah têngên, såhå ing kåcå sêtunggal sisih tengah nginggil. Warni cap mênikå ungu bentukipun bundêr.

Adhêdhasar asiling *deskripsi naskah* ingkang sampun kaandharakên ing nginggil, sagêd kapêndhêt dudutan bilih kawontênan *naskah Sêrat Bangun-Naknik* taksih saé såhå cêthå dipunwaos. *Naskah* ingkang dipunsêrat déning Radén Ngabehi Harjawiraga mênikå cacahipun wontên 72 kåcå. Isinipun ngrêmbag bab panggulawênthahing laré kanthi dhapukan gancaran.

B. *Transkripsi Teks*

Transkripsi teks Bangun-Naknik kadamêl amargi *naskah Bangun-Naknik* mênikå kalêbêt *naskah cithak*. Kêjawi mênikå *transkripsi teks* katindakakên kanggé

nglêstantunakên *teks*. *Metode transkripsi teks* ingkang dipuntindakakên inggih mênikå *metode diplomatik*. Ananging wontên sapérangan prakawis ingkang panyêratipun botên sami kaliyan *teks* ingkang asli. Awit saking mênikå kadamêl *pandom transkripsi* kanggé ngandharakên prakawis mênikå kados ing ngandhap.

1. Wujuding Aksårå

Wujuding aksårå wontên *transkripsi teks Bangun-Naknik* botên sami kalih aslinipun amargi dipunsêrat mawi sêratan astå. Sikaping aksårå wontên ing *teks* asli inggih mênikå jêjêg, manawi wontên *transkripsi* kajumbuhakên kaliyan sêratanipun panyalin. Wondéné wujudipun aksårå kados ing ngandhap mênikå.

Sêratan ing *teks Bangun-Naknik*	
Asiling *Transkripsi teks Bangun-Naknik*	

2. Panyêrating Larik

Cacaking larik wontên *transkripsi* botên dipundamêl sami kalih teks aslinipun. Bab mênikå amargi kertas ingkang dipunginakakên kanggé damêl *transkripsi* bédå. Sêratan ugi kajumbuhakên kaliyan sêratan panyalin.

Sêratan ing *teks Bangun-Naknik*	
Asiling *Transkripsi teks Bangun-Naknik*	

3. Panyêrating Pasangan hå ing Sangandhaping Aksårå

Pasangan aksårå ha kasêrat wontên ing sangandhapipun aksårå wontên ing *teks* aslinipun. Wontên ing *transkripsi* ugi kasêrat ing sangandhaping aksårå. Tuladhanipun kados ing ngandhap mênikå.

Sêratan ing *teks Bangun-Naknik*	
Asiling *Transkripsi teks Bangun-Naknik*	

4. Panyêrating Têmbung ingkang Lêpat

Sêratan ingkang lêpat wontên ing *teks* asli ugi dipunsêrat sami wontên ing *transkripsi teks*. Tuladhanipun kados ing ngandhap mênikå.

Sêratan ing *teks Bangun-Naknik*	
Asiling *Transkripsi teks Bangun-Naknik*	

C. *Transliterasi* såhå *Suntingan Teks Bangun-Naknik*

Transliterasi dipundamêl sadèrèngipun nindakakên *suntingan teks*. *Transliterasi teks Bangun-Naknik* ngginakakên *metode transliterasi standar*. Wondéné *suntingan teks* dipuntindakakên sasampunipun damêl *transliterasi*. *Suntingan teks Bangun-Naknik* ngginakakên *suntingan teks edisi kritis*.Asiling *suntingan teks* kasêrat wontên ing *aparat kritik*. Awit saking mênikå dipundamêl pandomipun langkung rumiyin supados nggampilakên anggénipun damêl *transliterasi* såhå *suntingan teks*.

1. Pandom *Transliterasi Teks Bangun-Naknik*

Pandom *transliterasi teks Bangun-Naknik* wigatos sangêt dipundamêl sadèrèngipun nindakakên *transliterasi*. Pandom mênikå dipunginakakên kanggé nggampilakên panaliti nalikå damêl *transliterasi*. Ingkang wontên ing salêbêting pandom transliterasi *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå kadostå panyêrating aksårå Jåwå såhå pasanganipun, panyêrating sandhangan, panyêrating aksårå swårå,

panyêrating aksårå murda, såhå panyêrating tåndhå pamaos. Pandom *transliterasi* ingkang dipunginakakên wontên *teks Bangun-Naknik* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

a. Wujuding Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun

Aksårå Jåwå nglêgênå inggih mênikå aksårå Jåwå ingkang déréng wontén pasangan utawi sandhanganipun. Aksårå Jåwå nglêgênå cacahipun wontên 20. Wondéné pasangan aksårå Jåwå cacahipun ugi wontên 20.

Tabel 11**: Aksårå Jåwå såhå Pasanganipun**

Nåmå Aksårå	**Wujud Aksårå**	**Wujud Pasangan**	**Tulådhå Panyêrat-ipun**	**Transliterasi Standar**	**Kåcå/ Larik**
hå				omah	4/10
				bapak arêp	64/7
nå		.....		nonong	9/20
				panganan	12/22
cå				cobå	18/9
				kancaku	11/5
rå		.....		Rupamu	8/1
Kå				kêthék	18/3
				mangan kêtan	10/11
Då				dulang	15/10
				ndongèng	9/9

Nåmå Aksåråå	Wujud Aksåråå	Wujud Pasangan	Tulådhå Panyêrat-ipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
Tå				têkå	3/9
				nganti	8/1
Så				sadhélå	8/15
				kok sênêngi	35/9
Wå				wadul	16/3
				Ngun wêruh	17/18
Lå				larang	20/16
				nyêkêli	3/10
På				pasar	4/21
				panas-panas ngé..	17/8
Dhå				dhêmên ngru..	10/12
				mundhak	13/17
Jå				jaranku	4/6
				njaluk	4/17
Yå				yayi	9/18

Nåmå Aksårå	Wujud Aksårå	Wujud Pasangan	Tulådhå Panyêrat-ipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
				apik yå	11/17
Nyå				nyêdhak.	18/3
				yén nyakot	18/6
Må				mêcucu	18/10
				bapak mêngko	11/11
Gå				godhog ga...	19/20
				Naknik gênti	8/12
Bå		.....		banjur	8/9
				ngombé	11/3
Thå				calathu	11/4
				gênthong	4/14
Ngå				ngêmban na..	17/14
				panas ngéné	17/8

b. Wujuding Sandhangan

Sandhangan inggih mênikå tåndhå ingkang dipunginakakén kanggé ngéwahi utawi nambahi swårå satunggaling aksårå utawi pasangan. Sandhangan kapérang dados tigå inggih mênikå sandhangan swårå, sandhangan wyanjånå såhå sandhangan panyigêg wandå. Wujuding tigang sandhangan kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 12: **Wujuding Sandhangan Swårå**

Nåmå Sandhangan	Wujud Sandhangan	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
suku			Sêpur	36/1
pêpêt			Kêbo	68/21
taling			Ésuk	11/2
taling tarung			mbopong	69/14
wulu			simbah	48/8

Tabel 13: **Wujuding Sandhangan Wyanjånå**

Nåmå Sandhangan	Wujud Sandhangan	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
Cåkrå			tritis	60/15
Kêrêt			grêjêgan	63/11
péngkal			dibyuraké	59/14
panjing wå			swarané	23/15

Nåmå Sandhangan	Wujud Sandhangan	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
panjing lå			playon ånå	23/19

Tabel 14: **Wujuding Sandhangan Panyigêg Wandå**

Nåmå Sandhangan	Wujud Sandhangan	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
layar			dhokar	42/20
cêcak			nunggang	55/1
wignyan			nggugah	68/8

c. Wujuding Aksårå Swårå

Aksårå swårå inggih mênikå aksårå kanggé nyêrat aksårå vokal ingkang dados wandå (suku kata) supados pangucapipun langkung cetha. Cacahipun aksårå swårå sanésipun a, i, u, e, o, inggih mênikå aksårå lê såhå rê (Mulyani, 2015: 9). Aksara swårå boten prêlu dipunparingi sandhangan swårå. Aksårå swårå ingkang dipunginakakên wontên ing *teks Bangun-Naknik* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 15: **Wujuding Aksårå Swårå kanggé nyêrat têtêmbungan supados pangucapipun langkung cêthå**

Nåmå Aksårå	Wujud Aksårå	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
A			Ah,	44/17
I			Ih	52/6
E			Élah	53/9

Nåmå Aksårå	Wujud Aksårå	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
O			o, sångå	61/1
lê			Pêlêm	42/5
rê			Ireng	53/17

d. Wujuding Aksårå Murdå

Aksårå murdå inggih mênikå aksårå ingkang dipunginakakên kanggé tåtå prunggu utawi pakurmatan, tuladhanipun kangge nyêrat nåmå dhiri, *geografis*, *lembaga pemerintah, lembaga berbadan hukum*, singkatan gelar kraton saha gelar. Aksara Murda ingkang dipunginakakên ing *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 16: **Wujuding Aksårå Murdå kanggé Nyêrat Nåmå Dhiri**

Nåmå Aksårå	Wujud Aksårå	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
Bå			Bangun	4/3
Nå			Naknik	5/2

e. Panyêrating Aksårå hå Antêb såhå hå Ampang

Tabel 17: **Panyêrating Aksårå hå Antêb**

Tulådhå Panyêratan	Translitêrasi Diplomatik	Translitêrasi Standar	Kåcå/ Larik
	gudhêg pohung	gudhêg pohung	51/1
	kahanané	kahanané	3/1

Tabel 18: **Panyêrating Aksårå hå Ampang**

Tulådhå Panyêratan	Translitêrasi Diplomatik	Translitêrasi Standar	Kåcå/ Larik
	hilaté	ilaté	23/2
	hédhing	édhing	36/14

f. Panyêrating Aksårå "Nyå" dados aksårå "Nå"

Tabel 19: **Panyêrating Aksårå "Nyå" dados aksårå "Nå"**

Tulådhå Panyêratan	Translitêrasi Diplomatik	Translitêrasi Standar	Kåcå/ Larik
	banyjur	banjur	38/14
	panycal-panycalké	pancal-pancalké	25/4

g. Panyêrating ê Pêpêt såhå é,è Taling

Tabel 20: **Panyêrating ê Pêpêt såhå é,è Taling**

Tulådhå Panyêratipun	Transkripsi Diplomatik	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
	séjé	séjé	54/2
	...n dipungéndhong	...n dipungéndhong	45/1
	êndhog	êndhog	51/14

h. Panyêrating Têmbung Dwilinggå

Tabel 21: **Panyêrating Têmbung Dwilinggå**

Tulådhå Panyêratipun	Transkripsi Diplomatik	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
	thênguk-thênguk	thênguk-thênguk	60/14
	litrêk-litrêk	litrêk-litrêk	33/15

i. Panyêrating Têmbung Dwipurwå

Tabel 22: **Panyêrating Têmbung Dwipurwå**

Tulådhå Panyêratipun	Transkripsi Diplomatik	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
	kukurangan	kêkurangan	65/18
	tutuku	têtuku	18/20

j. Panyêrating Konsonan Rangkêp ingkang Ka

Tabel 23: **Panyêrating Konsonan Rangkêp**

Tulådhå Panyêratipun	Transkripsi Diplomatik	Transliterasi Standar	Kåcå/ Larik
	diungkabbi	diungkabi	36/12
	ilatté	ilaté	22/14
	ngarêppaké	ngarêpaké	35/17

k. Panyêrating Taling-Tarung Palsu

Naskah-naskah ingkang sampun dangu umumipun ngginakakên taling tarung palsu. Taling tarung palsu mênikå dipunginakakên amargi jumbuh kaliyan *ejaan* ingkang lumampah nalika *naskah* dipunsêrat utawi dipunsalin. Taling tarung palsu inggih mênikå taling tarung ingkang dipunsêrat wontên aksårå sadèrèngipun wandå ingkang mati ingkang wujudipun *nasal*, lajêng salajêngipun inggih mênikå *vokal terbuka* wontên ing wandå pungkasan.

Tabel 24: **Panyêrating Taling Tarung Palsu**

Tulådhå Panyêratan	Translitêrasi Diplomatik	Translitêrasi Standar	Kåcå/Larik
	kondhå	kåndhå	38/14

Tulådhå Panyêratan	Translitêrasi Diplomatik	Translitêrasi Standar	Kåcå/Larik
	tombå	tåmbå	43/19
	londå	låndå	22/29

l. Panyêrating Tåndhå Pamaos

Tabel 25: **Panyêrating Tåndhå Pamaos**

Tåndhå Pamaos	Wujuding Tåndhå Pamaos	Transliterasi Standar
Adêg-adêg		
Påda Lingså		,
Pådå Lungsi		.
Pådå Pangkat		:
Pangkon		,

2. Pandom *Suntingan Teks Bangun-Naknik*

Panêliti maringi tåndhå wontên sêratan ingkang kaanggêp lêpat amargi *metode* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *metode naskah tunggal* kanthi *edisi standar*. Pandom *suntingan* ingkang dipunginakakên kanggé nyunting *teks Bangun-Naknik* inggih mênikå mawi tåndhå-tåndhå ingkang kaandharakên kados ing ngandhap mênikå (Rokhmansyah, 2017: 98).

a) Tandha <...> dipunginakakên kanggé tåndhå tambahan aksårå mênåpå têmbung.
b) Tandha {...} dipunginakakén kanggé nêdahakên menawi wontên aksara, mênåpå têmbung ingkang dipungantos.

c) Tandha [...] dipunginakakên kanggé tåndhå aksårå mênåpå têmbung ingkang dipunkirangi.

d) Nomêripun *aparat kritik* ing sabên data ngginakakên ångkå arab aksårå *latin* ingkang dipunsêrat ing sisih têngên nginggil.

3. Asiling Transliterasi, Suntingan såhå Aparat Kritik *Teks Bangun-Naknik*

Tabel 26. **Asiling *Transliterasi Teks Bangun-Naknik***

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*
Bangun – Naknik Anggitané Mas Harjawiraga   Balé Pustaka, Wéltêprédhên, 1930 Wêwênangipun pangarang sinêngkêr, miturut bab 11 Anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêblad, 1912 No. 600.   **[I]** **Kahanané Bocah Sajroné Sadinå Sawêngi** Pak Harja duwé tånggå pak Majiya. Pak Harja anaké loro, sing tuwå lanang, jênêng Bangun umur 5 taun. Adhiné wédok jênêng Naknik umur 3 taun. Pak Mujiya anaké mung siji, jênêngé iyå Mujiya, umur 6 taun, bocah-bocah mau pådhå kêkancan dolan. Bangun lagi dolan ånå lataring omahé, klowang-klawung tanpå réwang. Ora suwé ånå bocah lanang têkå, ambêkané mênggèh-mênggèh, tangané nyêkêli jaranan papah gêdhang. Bocah sing têkå mau Mujiya. Barêng lakuné Mujiya cêdhak Bangun banjur calathu karo nuduhaké jaranan papah gêdhang. Tembungé Mujiya: “Ngun aku duwé.” Bangun : “Bapak yå biså gawé.” Bangun banjur mlayu mulih, kåndhå bapakné: “Pak Pak gawèkaké jaran.”

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

[4] Bapakné banjur gawé jaranan papah gêdhang. Sawisé dadi diwènèhaké anaké: "Nyå."

Bangun: "Kok itali, Pak, kåyå Mujiya."

Sawisé didokoki tali, Bangun banjur mlaku karo nyèrèd jaranan papah gêdhang. Barêng têkan ngarêpe Mujiya calathu: "Iki jaranku."

Mujiya: "Apik, yå. Iyéh."

Bangun: "Iyéh."

Bocah loro banjur pådhå playon karo nunggang jaranan ånå ing latar, ngubêngi omah, mlêbu ngomah.

Anggoné playon wis pådhå kêsêl banjur pådhå lèrèn sartå bocah loro mau pådhå mênyang ing mburi. Bangun kêtêmu ibuné karo calathu mênggèh-mênggèh: "Ngombé, Bu."

Ibuné: "Ngombé ing genthong waé."

Bangun lagi nêngah-nêngahi ngombé ing siwur, ibuné ngaruh-aruhi:

"Wis wis åjå akéh-akéh."

Mujiya nyêlani calathu: "Aku njaluk Ngun."

Bangun: "Nyå. Iyéh."

Mujiyå: "Iyéh."

Bocah loro banjur pådhå playon manèh. Playune Bangun nunjang pasarané Naknik sing ånå ing èmpèr ngarêp, kabèh mawut-mawut. Naknik nangis. Ibune têkå nulung.

[5] Ibuné: "Wis mênêng, cah ayu, mêngko tak tatané manêh."

Naknik: "Mas nakal."

Ibuné: "Wis menengå, gi lo. Wah dodol sêgå (sêgane wêdhi), iki iwaké (gogrogan kêmbang gêdhang). Kulå tumbas, nggih. Kéné, cung, pasaran kéné." (ibuné ngundang bocah wédok jênêngé Kuncung).

Kuncung banjur mêndhêk-mêndhêk karo muni: "Kulå tumbas sêkul sak sèn."

Naknik: "Nggih."

Naknik banjur njupuk godhong gêdhang kanggo mungkus wêdhi, nuli diwènèhaké Kuncung.

Ibune Bangun wêruh Bangun têkå banjur calathu sêru: "Åjå mréné, mundhak ngladaki adhiné."

Bangun: "Jaranku wis bubrah. Gawé manéh, Bu."

Ibuné: "Wis åjå jaran-jaranan mundhak pijêr ngombé. Kéné dolanan karo adhiné waé."

Ibuné nuli lungå.

Bangun: "Kéné, ya. Naknik pasaran ayo tuku. Aku tuku, Nik."

Mujiya: "Aku iyå. Dirånå, Cung."

Naknik: "Nyå."

Anggoné calathu mau karo ngulungaké wungkusan di- **[6]** tampani Bangun. Mujiya iyå diwènèhi dhéwé.

Bangun: "Manéh, Nik."

Bangun banjur njupuk dhéwé, Naknik ora èntuk. Bangun nêpsu, pasarané Naknik diowat-awut. Naknik nangis kikitrang, Bangun mlayu karo Mujiya.

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Ibuné mêtu karo muni lan nudingi Bangun: "Yå, yå."

Naknik banjur dijunjung.

Barêng ing wayah awan ibuné Bangun anggoné olah-olah wis matêng, anak-anake banjur dilèraké sêgå. Naknik wêruh ibune ngêlèr sêgå, banjur calathu: "Maêm, Bu."

Ibuné: "Iyå kéné, gi lo tak gêlaraké klåså. Êndi masé mau. Ngun, Bangun."

Bangun têkå lan barêng wêruh lèr-lèran sêgå banjur muni: "Madhang, Bu. Mujiya iyå."

Ibuné: "Iyå, kéné jakên madhang. Kéné, ya. Wis kéné cah têlu amin-amin. Lah Kuncung êndi."

Naknik: "Mulih, Kuncung."

Bangun mangan karo caturan: "Jaranmu êndi, Ya."

Mujiya: "Jaranku wis tak guwang. Sésuk bapak gawé manêh."

Bangun: "Aku iyå. Ênjuk iwaké, Nik."

Naknik: "Ojok."

[7] Ibuné: "Wis êndang lap lêp diêntéké, Nik mundhak mati kuthuké."

Bangun: "Imbuh, Bu, karo iwak."

Ibuné: "åjå pijêr iwaké waé. Gu lo, Mujiya, rak isih iwaké. Nyå, Mujiya, kowé yå imbuh."

Nalikå bocah-bocah isih pådhå mangan êmbokné Mujiya cêluk-cêluk: "Ya, Ya."

Ibuné Bangun mangsuli: "Niki sêg nêdhi."

Êmbokné Mujiya: "Ora gênah. Jêbul nglurug mangan."

Mujiya marani êmbokné karo calathu: "Aku wis warêg êmbok."

Embokné: "Patut. Ga lo diundang bapakmu."

Bangun lan Naknik sabubaré mangan banjur pådhå dolan ånå ngémpér. Ora suwé Naknik thêklak-thêkluk ngantuk nuli diturokaké ibuné. Bangun banjur dolan dhéwé.

Wayah jam papat soré Naknik wis tangi. Wis adaté sabên tangi turu nangis banjur dicandhak ibuné digåwå mêtu såkå paturon. Ora suwé ibuné nuli nggoléki Bangun arêp diguyang babarêngan karo Naknik.

Anggoné cêluk-cêluk: "Ngun, Bangun. Adus."

Bangun mangsuli såkå kadohan: "êmoh."

[8] Ibuné: "Ayo. Em rupamu nganti kåyå babi. Ayo adus."

Bangun banjur digåwå mênyang sumur digrujugi. Naknik ditimbakaké ånå èmbèr, bungah ciciblonan. Bangun wis biså kosokan dhéwé, nanging iyå durung biså rêsik.

Ibuné: "Rainé dikosoki, gu lo sabuné."

Bangun: "Êmoh, pêdhês."

Ibune: "Mêngko tak kosoki, lo."

Bangun banjur kosokan nanging mung ing awak baé, tur ora rêsik sabunan rai ora gêlêm. Ora wurung iyå diguyang ing ibuné, dikosoki awaké kojur nganti rêsik. Bangun nangis. Naknik gêntini guyang iyå nangis. Sawisé pådhå didandani banjur pådhå dolan. Nanging ora adoh, mung ånå ing latar bae.

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Ing wayah soré sawisé madhang, lêt sadhélå nuli pådhå mapan turu. Adaté bocah loro mau yèn turu isih dikêloni, nanging ugå ora nuli biså turu, awit tansah pating cêkikik pådhå gojègan. Bocah loro mau dhêmênané kêbowan. Bangun kang dadi kêbo, lakuné mbrangkang, Naknik kang nunggang. Bangun banjur mbrangkang ånå ing paturon.

Naknik: "Mas, nunggang kêbo."

[9] Bangun: "Kéné gocèkan kêncêng."

Bangun banjur mbrangkang karo nyuwårå: "Ngoh, ngoh."

Naknik: "Tibå, mêngko. Wis wis..... wis."

Bangun isih mbrangkang baé, glodhag, Naknik tibå, banjur nangis.

Ibune: "Wis wis, anggêr anu yångono. Kéné, Nik tak kêloni."

Naknik sawisé dikêloni, Bangun banjur ndharusul ånå saburiné ibuné karo calathu: "Ndongèng, Bu."

Ibuné banjur ndongèng:

"Kocapå, mbok Råndhå Dhadhapan duwé anak wédok jênêngé mbok Lara Tompé, arêp ngirim radèn putra mênyang alas. Barêng têkan ngalas dicêgat kêthék oglèng. Mbok Lara Tompé ora ngêrti, diarani radén putrå, kirimané banjur dipangan. Sawisé mangan kêthék ogléng banjur dikudang:

"Ya buntuté, dåwå-dåwå têmên. Kêthék oglèng mangsuli: mulih sébå, adhuh yayi ngumbar kuncå."

"Ya bathuké, nonong-nonong têmen."

Bathuk banyak adhuh yayi mundhak cakrak.

[10] Bangun: "Nonong kåyå Naknik."

Naknik: "A_____ang."

Ibuné calathu karo nyêblêk Bangun sambi mungkur: "Wis tå mênêngå, adhiné bèn turu."

Sawisé nuli mbanjuraké dongèngé:

"Yå untune, cilik-cilik têmên."

"Untu tikus, adhuh yayi mundhak bagus."

"Bangun: "Kêthék oglèng yå nyakot Bu."

"Ibuné: "Iyå, nyakot cah nakal."

"Yå tangané, kasap-kasap têmên."

"Mangan kêtan, adhuh yayi durung wisuh."

Bocah loro pådhå dhêmên ngrungokaké dongèng kêthék oglèng, banjur lês pådhå turu, polahé pådhå pating gêdabig såkå sayah anggoné dolan ing wayah awan. Banjur pådhå dikêmuli, anggoné turu nuli nglépus.

II
Katrêsnaning Kakancan

Ing wayah jam nêm ésuk, Bangun lan Naknik wis tangi, pådhå nyêdhaki bapakné lagi ngombé wédang arêp mangkat mênyang pagawéan. Bapakné

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Bangun wêruh Mujiya têkå, banjur calathu: "Lah, gu lo, Ngun, kancamu wis têkå, dolanå kéné, Ya wis bapak mangkat."

Mujiya mung manthuk banjur nyêdhaki Bangun. Ibuné Bangun nakoni Mujiya: "Kowé dhék ingi banjur ora bali, é, Ya."

Mujiya: "Bapak nggåwå oléh-oléh layangan."

Bangun: "Bapak mêngko ya tuku layangan gêdhé."

Ibuné: "Iyå, kon nukokaké."

Naknik: "Aku iyå."

Ibuné: "Donok bocah wédok dolanan layangan rak yå pasaran."

Mujiya lungå, ora suwé bali nggåwå layangan. Bangun kêpéngin bangêt, banjur ndêmèk karo calathu: "Apik yå, Ya."

[12] Mujiya: "Mêngko arêp ndokoki buntut ngapat."

Bangun: "Buntuté dåwå, yå."

Mujiya: "Yo, Ngun dolan."

Bangun: "Ndêlok layangané tak cêkêlå. Wah, gêdhé, yå, Ya."

Bangun banjur mlayu karo narik layangan kang bolahé mung sawatårå dhêpå, karo alon: "é, muluk, manjêr, manjêr."

Mujiya: "åjå dhuwur-dhuwur, nék kêsangsang."

Bangun: "Nyå, Ya, tarikên, tak pèthèké."

Mujiya: "Kéné, cul."

Mujiya banjur mlayu, layangané mumpul, Bangun ngêtutaké karo lunjak-lunjak, playune Mujiya karo nolèh. Sikilé kêsandhung, tibå krungkêb, layangané kêsangsang wit johar. Mujiya nangis.

Bangun: "Mênêngå, mêngko disènggèt."

Bangun ora ngêrti yèn tangisé mau jalaran såkå anggoné tibå. Bangun banjur nganthi Mujiya arêp dijak mulih. Kêbênêran ånå wong liwat ngaruh-aruhi: "Wah, bocah, ésuk-ésuk ngéné dolanan layangan, nyå, gi lo, tak jupukaké."

Bocah loro pådhå bungah. Bangun banjur mulih, ora suwé wis bali nggåwå bolah saêlos karo panganan, mu- **[13]** (ilustrasi)

[14] jiya diwènèhi panganané sêparo. Bocah loro banjur pådhå mangan panganan.

Mujiya takon: "Bolah, Ngun, aku njaluk."

Bangun: "Iyå, bolahé sibu, sithik waé, yå."

Bangun karo ngudhali bolah såkå ikal-ikalan nganti sawåtårå dhêpå, arêp mêdhot ora biså, banjur dicakot.

Mujiya: "Ênyå, Ngun talénå."

Bangun: "Ora bisa. Ndêlok, bèn ditaléni sibu. Bu, Bu, talèkaké, Bu."

Ibuné: "Bolah lèhmu njupuk ngêndi. Rak bolah dondoman tå. Êndi njupukå thithik waé. Wis nyå, åjå panasan."

Mujiya karo Bangun banjur dhêpå dolanan layangan. Bangun tibå, nangis banjur ditêraké mulih Mujiya.

Ibuné barêng wêruh banjur takon: "Généyå nangis."

Mujiya: "Bangun tibå dhéwé."

Ibuné: "Wis, mênêng. Mulå åjå playon dhå dolanan kéné waé."

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Bangun karo Mujiya banjur amor dolan karo Naknik sing lagi caturan karo kancané dolan.

Naknik calathu: "Aku arêp ditukokaké bonékah apik karo sléndhang."

[15] Kuncung: "Aku iyå, karo payung."

Naknik: "Aku wis duwé payung."

Kuncung: "Aku diwèhi bonékah bakyu, ånå kaé wis bubrah êndhasê. Tak jupuké, yå."

Kuncung banjur mulih, ora suwé wis bali nggåwå anak-anakan.

Bangun: "Dulangên, Nik."

Mujiya: "Agèk turu, yå."

Bangun: "Kéné tak dulangé."

Anggoné calathu Bangun karo njupuk anak-anakan.

Naknik: "Åjå."

Bangun mêksâ banjur rêbutan, anak-anakané dibuwang Bangun, Naknik nangis.

Kuncung: "Mênêngå, nyå, tak jupukaké."

Bangun: "Élok, anak élék."

Naknik: "A____ang."

Kuncung: "Apik, yå."

Bangun: "Élok."

[16] Barêng anu Bangun wêruh bapakné têkå banjur alok-alok: "É, Bapak têkå, bapak têkå."

Naknik bapakné têkå banjur wadul: "Pak mas nakal, Pak."

Bapakné: "Adhimu kok apakaké, Ngun."

Bangun: "Ora."

Naknik banjur dibopong bapakné mlêbu mênyang ngomah.

Kabéh anggoné dolanan banjur pådhå bubar.

III
Mênyang Pasar

Bapakné karo ibuné Bangun pådhå arêp mênyang pasar. Siré anak-anaké arêp pådhå ditinggal awit wis awan, dalané panas. Nanging anak-anaké pådhå klayu. Bangun sing wêruh dhisik, banjur calathu karo nangis: "Pak, aku mélu."

Naknik wêruh iyå nuli muni: "Mèlu, Pak."

Bapakné: "Panas-panas ngéné, arêp pådhå mèlu. Kowé gêlêm mlaku, ora, Ngun."

Bangun: "Iyå, Naknik tak kanthi."

Bapakné: "Åjå, adhiné bèn diêmban sibu, isih cilik, wis ayo mangkat."

Wusånå banjur pådhå mangkat. Bapakné nganthi Bangun. Ibuné ngêmban Naknik. Ånå ing dalan Bangun calathu mênyang bapakné: "Pak, Pak, aku tukokaké layangan Pak, gu lo kuwi, abang, Pak."

Bapakné: "Ah, mêngko waé ånå pasar."

Ora suwé Bangun wêruh kêthék dicancang ånå pathok.

[18] dhéwéké njênggirat kagét karo alon: "Bu, Bu, ga lo åpå."

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Ibuné: “Kêthék. Åjå nyêdhak.”

Bangun: “O, kêthék oglèng, iyå, Bu.”

Bapakné: “Kowé wani, Ngun.”

Bangun: “Ora, yén nyakot.”

Satêkané pasar sing diujug panggonan barang-barang. Ibuné banjur nyêkêl topi, Bangun arêp diênggoni topi mau karo calathu: “Ngun, rénéå. Cobå, kowé patut åpå ora nganggo topi iki.” Bangun mung mêcucu mêrgå bungah. Bangun banjur ditukokaké.

Barêng mlaku manéh Bangun turut dalan tansah ngêmék-êméki topiné baé. Naknik ditukokaké sléndhang.

Bapakné tansah mésém karo takon: “Kowé dhêmên, Ngun, topiné.”

Bangun: “Dhêmên waé.”

Bapakné: “Wis tå, åjå pijêr dibukak waé, diênggo. Wah, Nik kalung sléndhang. Såpå sing nukokaké, Nik.”

Naknik: “Apik.”

Barêng wis rampung anggoné têtuku, banjur pådha mulih.

Bangun turut dalan pijêr mlayu, awit bungah bangêt. Såkå bungahé nganti lali layangan. Sing dipikir mung topi baé, mu-

[19] lå sadhélå-sadhélå pijêr dimèk-mèki. Déné Naknik pijêr ngêlus-êlus sléndhangé.

Satêkané ngomah, Bangun banjur têrus dolan nggoléki Mujiya, barêng kêtêmu banjur pamér: “Ya, Ya. Aku tukoké topi.”

Mujiya ora mangsuli, banjur lungå klépat. Ora suwé bali wis nganggo topi, karo kåndhå: “Aku yå wis duwé.”

Bocah loro banjur pådhå dolan topén kabéh. Bangun upyêk omong karo nyêkêl panganan: “Aku mau wêruh kêthék ogléng, nganggo buntut, aku ki wédi. Ênyå, Ya.”

Anggoné calathu Bangun karo ngulungi panganan. Mujiya nampani panganan karo mangsuli: “Aku yå ora wani.”

Ora suwé Naknik nusul dolan karo sléndhangan, barêng cêdhak Mujiya iyå banjur pamèr: “Aku duwé sléndhang apik, kowé ora duwé.”

Bangun: “Cah lanang åpå: sléndhang, yå, Ya. Topi waé.”

Naknik banjur pasaran panganan têmênan, anggoné nukokaké ibuné såkå pasar: “Kacang lan kênthang godhogan.”

[20] kabéh diwadhahi ing sênik cilik, digéndhong ing sléndhang karo tåwå: dol, dodol, kacang kênthang, mo____ was.

Mujiya barêng wêruh banjur kåndhå karo Bangun: “Aku arêp tuku, Ngun.”

Bangun: “Nik, Mujiya tuku.”

Naknik: “Ora éntuk, kowé nakal.”

Mujiya: “Sèsuk tak kéki panganan. Tuku, yå.”

Naknik: “Ånå kaé dhuwité bêling.”

Bocah loro banjur pådhå golék bêling, sawisé oléh banjur pådhå mênyang panggonané Naknik.

Naknik kåndhå karo bocah loro: “Aku dodol kåyå wong pasar mau.”

Bangun: “Aku tuku, ndhuk, rong sèn.”
Naknik mangsuli sêmu nêpsu: “Åjå njupuk dhéwé, tak doli. Nyå.”
Bangun: “Larang mên, imbuh.”
Naknik: “Åjå.”
Mujiya: “Tuku kênthang, sak sèn.”
Naknik: “Nyå.”
Bangun: “Mujiya kèki akéh. Kéné aku imbuh.”
[21] Naknik: “Nyå. Wis êntèk. Mulih, ah.”
Bangun: “Kuwi ijih ngono. Kéné, aku tuku maném.”
Naknik: “Arêp tak pangan dhéwé.”
Bangun: “Êndi, njaluk thithik.”
Naknik: “Nyå.”

IV
Udan-udan

Ing wayah soré nuju udan dêrês, bocah-bocah pådhå ora biså dolan, mung pådhå thênguk-thênguk baé. Bangun lan Naknik ora ånå kancané dolan, pådhå ånå ngèmpèr ngarêp, nyawang gumrojoging banyu talang. Bangun dhêmên bangêt nyawang banyu udan kang nyiprat-nyiprat ånå ing tritis. Bênêr ing panggonané pådhå linggih ånå gêndhéngé sing trocoh, Bangun lunjak-lunjak såkå bungahé.

Bangun calathu marang adhiné: “Nik, Nik, gi lo ånå udan, mlêbu ngomah, mêngko, tak tadhané. Anyêp, Nik.”
Naknik: “Iyå, mêngko aku tak nadhah. Anyêp yå, Mas.”
Bangun: “Aku gêntèn.”

Bangun banjur mangan ilaté dièlètaké ditadhahaké ing banyu trocohan. Cangkêmê barêng klêbon banyu banjur diulu. Nuli calathu: “énak, Nik, énak.”

Naknik: “Aku njaluk.”
Bangun mangsuli: “åjå.” Banjur nudingi trocohan banyu li-
[23] yané karo calathu: “Ga lo, Nik, kaé iyå.”

Naknik banjur marani trocohan liyané, ilaté dièlèt-èlètaké nadhah banyu, banyuné nyiprat-nyiprat mênyang klambi nganti têlês. Bangun iyå ngono.

Bangun banjur ngalih panggonan, mênyang tritis, tangané ditadhahaké, nuli undang-undang Naknik karo calathu: “Nik, Nik, iki malah akéh.”

Naknik: “Iyå, aku arêp ngumbah klambi.”
Bangun: “Iyå, Nik, ayo ngumbah. Endi tak uculi. Wis kumbahên. Aku iyå.”

Bangun karo Naknik banjur pådhå ngumbah klambiné, tangané pådhå nadhah mênyang tritis, banyuné nyiprat-nyiprat ing awak. Suwé-suwé bocah loro banjur mudhun mênyang ngisor tritis, têrus udan-udanan ing kono.

Ora suwé Mujiya têkå, playonan ing latar, swarané: kêcopak-kêcopak, karo undang-undang Bangun: “Ngun, kéné, nglatar, pénak.”

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Bangun bungah bangêt, rumåså oléh kåncå, banjur pådhå playon ånå ing latar, ora suwé Nik yå milu. Bocah têlu pådhå kanthén rèntèng-rèntèngan, bêngak-bêngok karo lunjak-lunjak.

Barêng ing latar banyuné wis mêgung, Mujiya ajak-ajak Bangu-

[25] n: "Ayo nglangi, aku biså nglangi. Kowé biså nglangi, Ngun."

Mujiya banjur mêngkurêb ånå ing mêgungan banyu udan, sikilé dipancal-pancalké ing banyu. Bangun lan Naknik ora tahan ngingêtaké polahé Mujiya, banjur pådhå milu. Bocah têlu pådhå mêngkurêb ing latar, nanging Nik ora pati sênêng amor kåncå-kåncåné, banjur bali mênyang ngisor tritis karo ngêcok-êcok, klambiné, rékané ngumbahi.

Mujiya banjur linggih, Bangun iyå grégah milu linggih, linggihé arêp-arêpan.

Mujiya calathu: "Anu, Ngun, ayo dibêndung, gawé suwakan, mêngko golèk iwak."

Bocah loro banjur ngêruki lêmah blêthok, dibêndungaké ing panggonan banyu sing ora pati mêgung, dadi banyuné ora biså mili.

Udané wis têrang, ing latar kari banyu ngêcêmbong baé. Bangun karo Mujiya isih pating kêcopak kêcèh ing banyu. Bêndungan anggêr wis pampêt, banjur ditawu, yèn wis asat rékå-rékå golèk iwak, banjur ngalih panggonan, iyå mangkono maném. Suwé-suwé banyuné asat mung kari blêthok baé, awaké bocah loro pådhå glu-

[26] prut blêthok, barêng garing, rupané pådhå irêng-irêng. Naknik sing isih ånå ing banyu, awaké nggêbibir.

Sajroné udan ibuné Bangun ora wêruh anak-anaké. Barêng wis têrang, niliki mênyang ngarêpan, satêkané njåbå, wêruh anak-anaké nggêbibir banjur marani karo pêtrék-pêtrék: "Tobil, tobil, dadi iki mau pådhå udan-udan. Bangun, ayo adus. Éh, iki wédok-wédok iyå udan-udan. Rikat, Ngun."

Bangun: "êmoh, aku golék iwak karo Mujiya."

Ibuné: "Ya, mulih ora, tak gêbugi kowé. Ayo adus. Karo nggêblag, Bangun nangis, têrus dikanthi mênyang sumur karo Naknik pådhå diguyang."

V
Lårå

Barêng bêngi Bangun lan Naknik anggoné turu pådhå glébagan. Sadhélå-sadhélå ngruntuh. Barêng ibuné ngêmèk-êmèki êndhasé anak-anaké, karåså pådhå panas. Bocah loro nuli pådhå nangis nggiyêng.

Ibuné: "Nah, kuwi tambané wong dhêmên udan-udan, sésuk udan-udan maném, yå."

Bangun ora mangsuli, mung sênggrak-sênggruk baé.

Bapakné: "Wong bocah lårå kok diuring-uring. Lah kowé sing ånå ngomah ora biså njågå bocah."

Èsuké bocah loro ora ånå sing biså dolan. Mujiya iyå lårå. Barêng awan, bapakné Bangun mulih såkå pagawéyan karo nggåwå jamu såkå ing dhoktêran.

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Bapakné Bangun banjur ngulungaké jamu mênyang sing wédok karo calathu: "Iki jamuné Bangun, sabên rong jam saséndhok, iki jamuné Naknik, sadinå ping têlu. Ênyå, Ngun, diombé."

Bangun: "Êmoh, pait."

[28] Bapakné: "Ora, enak waé. Ênyå tå."

Bangun: "hi___hi êmoh."

Bapakné: "Kono, Ngun, gocèkånå, dicangar waé."

Bangun: "Êmoh dicangar, ngombé dhéwé waé."

Ibuné: "Wis mangapå, nyå, tak ombèkaké."

Bangun mangap, banjur diombèni jamu saséndhok, isih nangis, banjur ora kråså pait banjur mênêng.

Ibuné: "Nah, cah bagus, gêlêm ngombé jamu dhéwé. Kowé, Nik, kowé ngombé jamu dhéwé."

Naknik: "Êmoh."

Ibuné: "Gu lo êmas gêlêm ngombé jamu dhéwé. Kowé iyå, yå, cah ayu."

Bangun: "Aku ngombé dhéwé, yå, Bu."

Ibuné: "Cah bagus kok, kowé iyå, yå, Nik. Nyå, cah ayu."

Naknik: "Êmoh, êmoh."

Bapakné: "Wis tå, diombé thêl waé. Bocah athi dadak ditari jamu."

Naknik banjur digrêjêg dijamoni, nangis. Bangun calathu sêmu ngisin-isin adhiné: "Êndi, Pak, aku jamuné maném, ngombé dhéwé yå gêlêm."

[29] Bapakné: "Mêngko, lo, Mujiya, généå ubêt-ubêt kacu. Sirahmu ngêlu, é, yå."

Mujiya: "Aku lårå, ora éntuk dolan simmbok. Bangun endi."

Bapakné Bangun: "Gi lo, Ngun kancamu lårå têkå.

Kéné, Ya, mlêbu ngomah waé. Åjå pådhå mêtu.

Bangun: "Aku doyan jamu, Ya. Mêngko aku iyå ngombé maném. Nék Naknik êmoh. Cah èlèk."

Naknik: "a___a. Aku doyan jamu."

Bangun: "Sirahmu ko dokoki åpå, Ya."

Mujiya: "Simbok sing ndoki. Aku lårå."

Bangun: "Kowé ngombé jamu ora."

Mujiya: "Ora, aku ora jamu. Aku yèn mari arêp jak mênyang pasar Bapak."

Bangun: "Tuku åpå, Ya."

Mujiya: "Tuku klambi karo sarung."

Bangun: "Aku iyå. Bu, Bu, aku ditukokaké klambi karo sarung, yå."

Ibuné: "Iyå, mulané ndang mariyå."

Bapakné: "Ênyå, pådhå nontonå gambar, åjå mêtu-mêtu."

Bocah têlu banjur nonton gambar.

Bangun: "Iki låndå nunggu jaran."

[30] Mujiya: "Landané nganggo sêpatu, nganggo topi."

Naknik calathu karo nggèrèd buku: "Nyonyah yå nganggo topi."

Bangun: "Aku sing mbukak. Mêngko suwèk. Åjå, Nik."

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Nik nggéndholi gambar, Mujiya nggocéki, Nik nêpsu, Mujiya ditapuk, nangis. Banjur grégah marani adhiné banjur dijiwit, Nik nangis.

Ibuné krungu, jêléh-jêléh såkå kadohan: "Mbok åjå pådhå grèjègan."

Barêng cêdhak mbacutaké calathuné: "Adhiné ko kapakaké, wong lagi lårå waé pådhå gréjégan."

Bangun: "Nik nakal, Mujiya diantêm, yå tak jiwit."

Ibuné: "Wis, Nik, åjå awor. Kéné, dolan karo sibu waé."

Mujiya banjur mêtu, dolan ånå ngémpér, nglumpukaké wêdhi Bangun inguk-inguk såkå ing jêro. Suwé-suwé banjur milu mêtu. Bocah loro pådhå dolanan wêdhi.

Mujiya: "Iki gunung. Kowé ora gawé, Ngun."

Bangun: "Iyå, aku arêp gawé. Tak golék wêdhi dhisik."

Mujiya: "Ênyå, thekku pékên, aku tak golèk manéh."

[32] Bangun: "Aku gawé rong tikus, tikuse êrongé kéné, yå."

Mujiya: "åjå jêro-jêro, Ngun. Mêngko jugrug. Lah, rak jugrug tå."

Bangun: "Gawé manéh waé. Dirånå, yå."

Ibuné Bangun niliki Bangun marang paturonané. Barêng ora ånå diinguk mênyang ing jåbå, wêruh anaké dolanan wêdhi, banjur calathu: "é, Bangun. Dipênging mêtu-mêtu jêbul ånå ing jåbå. Ayo ngombé jamu."

Bangun: "Kéné, ngombé dhéwé."

Bangun sawisé ngombé jamu, Mujiya takon: "Ora pait."

Bangun: "Ora."

Ibuné: "Wis, mlêbu ngomah. Mêngko yèn dårå dhoktêr rawuh, didukani."

Mujiya: "Aku wêdi dhoktêr."

Bangun: "Aku ora wêdi yå, Bu."

Ibuné: "Mulå åjå metu-mêtu."

Ora lêt suwé dhoktêré têkå, bapakné Bangun mêthukaké, dhoktêr banjur pitakon: "Pundi anaké."

[33] Bapakné Bangun: "Punikå wontên sêndhang, sami tilêm."

Dhoktêr: "Kowé lårå, Lé?"

Bangun mung manthuk.

Dhoktêr banjur mriksa bocah loro pisan. Sawisé nuli kåndhå: "Jamunå watuk niku dibacutaké. Niki mang nyadhong jamu urus-urus, sing gêdhé rong séndhok, sing cilik saséndhok."

Bapakné Bangun: "Inggih."

Sapungkuré dhoktêr, bapakné Bangun banjur nyadhong jamu, sabaliné wis nggåwå jamu kastroli. Bangun wêruh bapakné nggåwa jamu bungah.

Bangun: "Kéné tak ombèné, aku wis doyan jamu."

Ibuné: "Åpå dudu bocah lanang, ora doyan jamu. Ombènén yå, tak kokné cangkir, nyå."

Bangun barêng wêruh jamuné litrêk-litrêk banjur mêmbik-mêmbik nangis karo calathu: "êmoh, yén kåyå ngéné, aku ora doyan, wong ora énak. Ihi, ihi."

Ibuné: "Glênggêng, dang uwis."

Bangun: "ånå ha kåé yèn diingêtaké bapak, yå ora doyan."

Bapakné: "Ê, dadi sing marahi ora doyan aku tå. Ya, wis, tak lungå."
[34] Bangun: "Sibu yå åjå ngingêtaké."
Ibuné: "Wis tak mungkur. Glênggêng, glênggêng, cah bagus."
Bangun: "Tåmbåné åpå."
Ibuné: "Mêngko awan tak bakaraké dhèndhèng. Wis tå rikat ngombé."
Bangun: "Wis, marêp rånå."
Bangun banjur ngombé jamu, swarané: êk, êk, êk karo gabêr-gabêr.
Ibuné: "Cah bagus tênan, wis turon waé. Adhiné gênti tak onthèlé."

VI
Embahné Tilik

Êmbahné Bangun omah ing Nagårå, barêng krungu putu-putuné pådhå lårå, banjur tilik, sadurungé têkå, bapakné Bangun kåndhå karo anak-anaké: Ngun mêngko soré simbah têkå.
Bangun: "Êmbah lanang."
Bapakné: "Iyå, karo êmbah wédok."
Bangun: "Aku sênêng, yèn kambi êmbah wédok."
Bapakné: "Sing kok sênêngi rak oléh-oléhé, tå."
Naknik: "Êmbah wédok, êmbahku yå, bu."
Bangun: "Dudu, êmbahku."
Bapakné: "Yå, êmbahné cah loro."
Bangun: "Aku tak mêthuk simbah, yå, Pak."
Bapakné: "Åjå, kowé lagi mari. Mêngko pêthukên ånå ngomah waé. Karo Naknik."
Barêng soré ngarêpaké têkané êmbahné, ibuné Bangun ndandani anak-anaké, calathuné: "Kéné dhå sa-
[36] lin klambi, bapak wis mêthuk nyang sêpur, sadhélå êngkas simbah rawuh."
Bangun: "Nganggo topi, Bu."
Ibuné: "Topi ki rak yèn lungan."
Naknik: "Aku nganggo sléndhang, apik."
Ibuné: "Iyå, iyå, sléndhangan. Lah kaé, simbah rawuh, simbah rawuh."
Êmbah wédok: "Êndi Naknik, wé, simbah nganti pangling, sléndhangan barang."
Êmbah lanang: "Wé, Bangun athik wis sêmono. Kênê, Ngun simbah kangên."
Êmbah wêdok: "Kéné, kéné diungkabi, åpå olèh-olèhé. Lah iki roti karo iwak. Ênyå jeruké kêprokné niji édhing. Dianggo dolanan waé, mêngko dipangan. Iki, Ngun, doyananmu iwak lélé. Kowé iyå, Nik. Nyå."
Ibuné: "Åjå digadho, lo, mêngko kanggo lawuh."
Bangun: "Aku jêruké sing gêdhé waé, êmbah."
Êmbah wédok: "Iyå, ênyå. Iki gi lo Nik, anak-anaké, kêbênêran kowé wis duwé sléndhang. Êndi tak êmbané. Putuku wédok, yén kêdugå cangkêmé mangap-mangap."
[38] Naknik: "Apik, yå, Pak, sing maringi simbah."

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Bangun: “Aku êndi, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Kowé cah lanang, ênyå gi lo, tak olèh-olèhi grobagan.
Bangun: “Horé. Êndi, Êmbah, êndi.”
Êmbah lanang: “Mêngko dhisik, ditalèni. Nyå. Wis dolan karo adhiné kono, tak adus sik, simbah sayah.”
Barêng wis pådhå bali linggihan, Naknik nyêdhaki êmbahné lanang, nuli ditakoni: “åpå, Nik, ndhêpèpèl simbah. Ngombé wédang.”
Naknik: “Êmoh. Anaké apik, yå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Iyå, bésuk ditukokaké maném sing gêdhé.”
Bangun têkå karo nggéréd grobag, banjur kåndhå karo adhiné: “Nik, anaké tunggangké grobag kéné, gé, tak gèrèdé. Linggihnå. Nah, ayo mlaku.”
Êmbah lanang: “Åjå rikat-rikat, anaké mundhak tibå, adhiné bèn tutaké. É, nganggo topi barang, Bangun ki.”
Ibuné: “Mênikå rak pamér, mêntas dipuntumbasakên bapakipun.”
Barêng wis suwé anak-anakané Naknik arêp dijupuk,
[39] Bangun mênging: “Bèn, Nik, anaké åjå kok jupuk, bèn nunggang waé.”
Naknik: “Åjå, mundhak tibå, lårå mêngko.”
Bangun nggocèki anak-anakan karo brêkêncêngan: “Åjå, åjå, bèn.”
Sawisé mangkono banjur digåwå mlayu.
Naknik: “Êndi anakku.”
Ibuné: “Kékné, lé, kuwi rak dhekké Nik tå.”
Bangun: “Bèn nunggang.”
Êmbah lanang: “Hêm.”
Ibuné: “La karså dintên namung grêjêgan mawon.”
Êmbah lanang: “Wis, Ngun, dikékné, ênyå, gi lo, jêruk iki waé dokoknå grobagmu.”
Bangun: “Êndi, êndi, iyå jêruk waé.”
Naknik: “Aku iyå jêruk, jêruk, Bu.”
Ibuné: “Nyuwun simbah, ndhodhok, piyé.
Naknik banjur ndhodhok sartå mandho karo muni: “Nyuwun, Êmbah.
Êmbah lanang: “ê, putuku wédok wis biså båsa. Ênyå, ênyå.”
Bocah loro banjur rukun dolan maném. Barêng wis a-
[40] doh karo êmbahné, Bangun calathu: “Nik, jêruké pêcahên.”
Naknik: “Êmoh, tak ênggo dolanan waé kok.”
Bangun: “Ora, mêngko tak keki gêntén. Êndi tak oncèkané, nah, ênyå iki kowé.”
Naknik: “Aku mung thithik, mas akéh.”
Bangun: “Mêngko nyuwun simbah maném, yå, Nik, yå, lêgi, yå.”
Naknik: “Ê....., jêrukmu êndi, Mas.”
Bangun: “Jêrukku ånå ing grobag, sésuk dipêcah.”
Naknik: “Aku arêp nyuwun simbah maném.”
Bangun: “Aku iyå.”
Bocah loro banjur pådhå marani êmbahné.

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

VII
Mlaku-mlaku

Êmbahné Bangun lanang wédok barêng wêruh putu-putuné wis pådhå waras, pådhå bungah atiné.

Ing wayah soré sawisé pådhå adus, êmbahné Bangun lanang wédok pådhå linggihan ånå ngarêpan nyawang putu-putuné wis pådhå rêsik.

Êmbah lanang calathu mênyang êmbah wédok: "sukur bocah-boch wis pådhå mari. Ayo pådhå mlaku-mlaku, soré-soré langité padhang. Ayo, Ngun. Ayo, Nik."

Bangun: "Ayo, ayo, aku wis bêtah mlaku dhéwé, Nik durung."

Êmbah lanang: "Naknik bén digéndhong êmbah wédok, kowé tak kanthi. Ayo Êmbah, Naknik géndhongên."

Bangun: "Aku wêdi asu, yén nyakot. Gug, gug, yèn jêgog, Êmbah."

Êmbah lanang: "Mulå kéné, tak kanthi waé, åjå mlaku dhéwé."

Naknik: "Mas wêdi asu, yå, Êmbah."

[42] êmbah wédok: "e....., kowé wani."

Naknik: "Êmoh. Kuwi åpå, Êmbah."

Êmbah wédok: "Kêmbang."

Naknik: "Kêmbang åpå, Êmbah."

Êmbah wédok: "Kêmbang pêlêm."

Naknik: "Énak, Êmbah."

Êmbah wédok: "Énak."

Naknik: "Lah, kuwi åpå, Êmbah."

Êmbah wédok: "Banyak."

Naknik: "Nyakot, Êmbah."

Êmbah wédok: "Iyå, yèn ånå cah nangis."

Naknik: "Aku ora nangis, Êmbah."

Êmbah wédok: "Ora wé, juwèh têmên. Åpå-åpå ditakonké."

Êmbah lanang: "Kuwi rak såkå kudu-kuduné caturan."

Êmbah wédok: "Yå pancèn juwéh. Simbah kêsêl. Dhun yå, Nik, mêngko géndhong maném. sémilah, (bismillah). ayo tak kanthi."

Bangun: "Ayo tak kanthi, Nik."

Êmbah lanang: "Pinggir waé, yèn ånå dhokar."

Bangun: "Kaé ånå, Êmbah, jing, jing."

[43] Êmbah lanang: "Ayo ndêlok sêdhélå. Wis sak kéné waé."

Bangun: "Aku dhêmên, Êmbah. Nik, mungsik, Nik."

Naknik: "Aku êmoh."

Êmbah wédok: "Nik wêdi, kéné tak géndhong."

Êmbah lanang: "Kono, êmbah, putuné jajaknå, mêngko dipangan ånå ngomah."

Êmbah wédok: "Soré-soré thikan puthu bumbung, wah lagi ditumplaki."

Nalikå wêruh sawo mênil Bangun banjur nudingi karo calathu: "Aku njaluk kuwi."

Êmbah lanang: “Njaluk åpå kuwi.”
Êmbah wédok: “Njaluk sawo mênil.”
Êmbah lanang: “Tukoknå liyané waé, kuwi matuki.”
Bangun: “Aku wis ora watuk, Êmbah, ngombé jamu dhéwé yå gêlêm, yén Naknik onthél.”
Êmbah wédok: “Ênyå gi lo, gêdhang waé.”
Naknik: “êmoh.”
Êmbah lanang: “Wis tukoknå siji waé, kanggo tåmbå kêpêngin, åjå suwé-suwé ånå kono mundhak mêméngin bocah.”
[44] Êmbah wédok: “Nyå, nyå, siji. Kowé iyå, Ngun.”
Bangun: “Iyå, sing gêdhé dhéwé.”
Êmbah lanang: “Bangun ora busuk, wis ayo êndang mulih.”
Bangun: “Wis pêtêng, Êmbah, tingé wis disumêd, padhang yå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Kowé kêsêl ora, Ngun.”
Bangun: “Ora, aku nyang pasar bêtah mlaku, karo sibu. Êmbah, êmbah, kowé dhuwur, êmbah wédok iyå.”
Êmbah lanang: “Kuwi layangan, kowé yå dhuwur.”
Bangun: “Kowé tak idak layangamu yå lårå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Hadho, lårå, lé, åjå.”
Bangun: “Kowé yå lårå, Êmbah wédok.”
Êmbah wédok: “Iyå.”
Bangun: “Ayo, Nik, tak kanthi, mlaku waé.”
Êmbah wédok: “åjå ah, wis pêtêng, bén, Nik tak géndhongé.”
Êmbah lanang: “Ayo, Ngun, tak pondhong, dalané pêtêng.”

Satêkané ngomah êmbah lanang mênggéh-mênggéh. Barêng ibuné Bangun wêruh banjur calathu: “Pak, laré sampun agêng kok sampun dipungéndhong. Gu lo, simbah nganti mênggéh-mênggéh. Mêdhun, lé.”

Êmbah lanang: “Bèn tå, wiwit mangkat, mlaku waé, mung tak géndhong sadhélå.”
Naknik kåndhå karo ibuné: “êmbah wédok tuku panganan, aku duwé sawo.”
Ibuné: “Êndi aku njaluk.”
Naknik: “Sawoné oncèk, Bu.”
Ibuné: “Êndi tak oncèkané.”
Êmbah wédok: “sawomu êndi, Ngun.”
Bangun: “Wis ênték.”
Êmbah lanang: “Géné wis dipangan ånå ing dalan.”
Naknik: “Sawoku ijèh yå, êmbah. Sésuk tuku maném.”
Êmbah wédok: “Iyå, sésuk tuku sing akéh.”

VIII
Madhangan

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Ing wayah awan ibuné Bangun sawisé rampung anggoné tåtå mangan, banjur calathu mênyang Nik: "Nik, êmbah diaturi dhahar."

Naknik banjur mênyang ngarêpan, satêkané ngarêpé êmbah lanang banjur kåndhå: "Êmbah dhahar."

Êmbah lanang: "Gi lo, êmbah wédok, diaturi dhahar Naknik."

Êmbah wédok: "Cah ayu wis biså tåtå dhahar. Cah-cah åpå wis pådhå mangan dhisik."

Ibuné: "Sampun, manawi botên kapurih nêdhå rumiyin mindhak ngrêsahi."

Êmbah lanang: "Bèn pådhå ngadhêp tå, énake wong madhang yèn kalumpukan karo anak putu. Êndi Bangun."

Êmbah wédok: "Ngun."

Bangun mangsuli såkå kadohan: "Åpå, Simbah."

Émbah wédok: "Lagi åpå. Iki lo ditimbali êmbah lanang, ngadhêp."

Bangun: "Madhang."

[47] Embah lanang: "Kéné ngalih ngomah, kåyå åpå yèn madhang. Nah kéné, kowé wis imbuh."

Ibuné: "Sampun kaping kalih."

Êmbah wédok: "Imbuh manéh."

Bangun: "Hê êh, karo iwak."

Êmbah wédok: "Géné isih njaluk imbuh."

Êmbah lanang: "Bèn kétok tå. Yén wis warêg rak ora nggranyah. Nik piyé, wah antêng."

Ibuné: "Nik manawi sampun tuwuk botén ajéng punåpå-punåpå. Laré éstri bédå kaliyan laré jalêr."

Naknik: "Mêngko aku nyuwun gêdhang."

Êmbah lanang: "Iyå, iyå, paringånå, Êmbah."

Êmbah wédok: "Ênyå, gêndhuk. Wah antêngé."

Bangun lèrèn anggoné mangan karo calathu: "Ora ênték."

Ibuné: "Niyat wis kakèhyên."

Bangun: "Aku yå gêdhang."

Bapakné: "Nah, rak méri adhiné, sêlak kêpéngin gêdhang, sêgané niså. Nyå."

Bangun: "Bu, bu, Mujiya kek kånå madhang."

Ibuné: "Êndi, kon réné. Ya, Ya."

Barêng Mujiya têkå, ibuné Bangun kåndhå karo êmbah la-

[48] nang: "Mênikå kancanipun dolan Bangun."

Êmbah wédok: "Kek kånå, bèné srêgêp dolan karo anakmu."

Sawisé rampung anggoné pådhå mangan, êmbah lanang banjur linggihan ånå ngarêpan, lèyèh-lèyèh ånå kursi malês.

Êmbah lanang calathu: "Wah isis, pênak lungguh ngarêpan. Nik simbah jupuknå slêpén, ånå dhuwur bantal, kéné, wé prigêl kanggo ndhodhok, rékké êndi. O, wis ênték."

Ibuné: "Ngun simbah dipundhutaké rék."

Bangun: "Karo Mujiya."

Êmbah lanang: “Mêngko lé tuku adoh.”
Ibuné: “Botên cêlak mawon.”
Bangun: “åpå, Bu.”
Ibuné Bangun ngulungi dhuwit bolong karo calathu: “Rèk, yå.”
Bangun: “Kabéh.”
Ibuné: “Ora, mêngko jujul rong sèn.”
Bangun: “Jujul loro.”
Ibuné: “Bangun punikå bodho sangét, déréng sumêrêp ing étang.”
[49] êmbah lanang: “Jujulé mengko sitok édhing karo Mujiya.”
Bangun: “Iyå. Ayo, Ya, mêngko tak kèki sitok.”
Ora suwé Bangun wis têkå nggåwå rèk, nuli diulungaké êmbahné karo calathu: “Nyå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Dhuwitmu êndi.”
Bangun: “Ora dikéki.”
Êmbah lanang: “Kowé ora njaluk jujul.”
Bangun: “Ora, aku njaluk prêmén, Mujiya iyå.”
Êmbah lanang: “Hah, hah, badhut, badhut.”

IX
Ndolani Putu

Ing wayah ésuk, êmbah wédok karo ibuné Bangun pådhå mênyang pasar, bapakné Bangun mênyang pêgawéyan, êmbah lanang kari ånå ngomah dhéwé, ndolani putuné.
Êmbah lanang: “Kéné, kéné. Sibu karo êmbah wédok lagi nyang pasar. Dolan karo simbah waé.”
Bangun: “Aku duwé bal, ayo bal-balan, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Aku ora biså.”
Bangun: “Aku nêndhang, kowé yå nêndhang. Kåyå bapak kaé néh.”
Êmbah lanang: “Ayo, ayo.”
Bangun: “Kowé ngadêg kéné. Aku kånå. Nah, nêndhang, êmbah. O, simbah ora biså. Wis, têndhang, êmbah. Ora, kênå tak têndhang, simbah kalah.”
Êmbah lanang: “Aku wis kêsêl. Gu lo Nik linggih dhéwé. Kéné, Nik.”
Naknik: “Pasaran, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Wélah, åpå tå, pasarané.”
[51] Naknik: “Gudhêg pohung, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Iyå, iyå, nyå. Wis kéné pasaran, kéné, Ngun, tak muruki nggambar êndhas.”
Êmbahné banjur gawé undêr-undêr karo muni: “Ngéné: O O O.”
Bangun: “Aku iyå biså, Êmbah: O O O.”
Êmbah lanang: “Kéné gi lo, nyå, potlot, gawé ing dluwang, kéné.”
Bangun: “Biså, Êmbah, aku.”
Êmbah lanang: “Iki dikêbaki.”
Ora suwé sing mênyang pasar têkå, Naknik sing wêruh dhisik banjur

alon-alon: “sibu têkå, sibu têkå, oléh-oléh.”

Bangun: “Aku iyå, Bu, êndi Bu, Bu, aku bisâ gawé êndhog, lah iki.”

Ibuné: “O, simbah mau ndolani bocah-bocah.”

Êmbah lanang: “Aku dijak bal-balan Bangun nganti mênggèh-mênggèh.”

Ibuné: “Ora gênah, jêbul êmbahné dijak bal-balan.”

Bangun: “Simbah kalah.”

Êmbah wédok: “Nyå, Nik, timun go anak-anaké.”

Naknik: “Sléndhang, Bu.”

[52] Ibuné: “Nyå, kowé panganan Ngun, kowé iyå, Nik.”

Bangun banjur dolan, déné Naknik banjur ngêmban anak-anakané timun, karo sindhénan: “La, lélå, lélå lélå.”

Êmbah lanang: “Ih olèhé nglélå-lélå anaké nganggo mégal-mégol.”

Naknik: “Anaké wis bobuk, Êmbah.”

Êmbah lanang: “Iyå. Wis turonå.”

Naknik sawisé nurokaké anak-anakané timun banju dolan, katému Bangun.

Bangun takon: “Nik, êndi anakmu.”

Naknik: “Bubuk.”

Bangun: “Nik, Nik, anaké dibêléh waé yå.”

Naknik: “åjå, nangis mêngko.”

Bangun: “Ora mêngko dipangan. Êndi tak irisé.”

Naknik nurut, nuli njupuk timuné sartå diulungaké Bangun, Bangun banjur golék lading. Baréng timuné diiris, sing sairis diwènèhaké Naknik, calathuné: “Nah, nyå kowé sêparo.”

[53] Ibuné barêng wêruh banjur nyrêngêni: “êlo, anaké thik dipêcah. Dhék, Bangun sing marahi.”

Bangun ora mangsuli mung mênêng baé.

Ibuné: “Wis dolan kéné, åjå grêjêgan.”

Bocah loro banjur dolan ånå ngarêpan. Ora suwé Bangun wêruh bapakné têkå. Bangun mlayoni karo calathu: “Bapak têkå, têkå. Pak aku bisâ gawé êndhas. Simbah sing muruki. Lah iki, akéh.”

Bapakné: “Élah, ora gênah, layang wacan jaré diorèk-orèk.”

Êmbah lanang: “Iki mau mêntas tak wåcå. Aku kêturon, jêbul digrumut anakmu, diêndhogi.”

Bapakné: “Iki lawang-lawang pådhå diorèk-orèk arêng. Kowé, Ngun, sing gawé.”

Bangun: “Iyå. Aku karo Nik yå gawé.”

Naknik: “Apik, Pak, êndhog, lah iki.”

Bapakné: “Élah, urung bantal pådhå irêng kabéh.”

X
Klayu

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Séjé dinå êmbahné Bangun arêp bali mulih mênyang Nagårå. Ibuné Bangun ésuk-ésuk wis nggugahi anak-anaké: "Ayo, dhå tangi, ndhérékaké simbah, kondur."

Bangun: "Aku mélu."

Êmbah lanang: "Iyå, nyang sêtatsiyun."

Bangun: "Êmoh, yå mélu mênyang Nagårå."

Bapakné: "Suk, yèn wis gêdhé, sêkolah, ndhèrèk simbah, karo Nik."

Bangun: "Aku yå wis gêdhé."

Êmbah lanang: "Iyå, iyå, mélu simbah."

Bangun: "Êndi, aku tak gawé têkêné simbah. Ayo, simbah."

Êmbah lanang: "Bèn tå, suk yén wis agal bén ånå Nagårå. Ayo, ayo pådhå mangkat, karo mlaku-mlaku."

Satékané ing sêtatsiyun êmbah lanang banjur mapan linggih ånå palérénan, karo calathu: "Wis, dhå linggih kéné, åjå cêdhak-cêdhak ril."

[55] Bangun: "Mêngko nunggang sêpur, yå, Êmbah."

Êmbah lanang: "Iyå."

Bangun: "Aku dhêmên nunggang sêpur, jos, jos."

Êmbah wédok: "Nyå, nndhuk, anakmu êmbanên, sêpuré wis têkå."

Ibuné: "Ayo, Nik, mélu sibu."

Naknik: "Êmoh, milu simbah waé."

Ibuné: "Simbah arêp tuku panganan. Ga lo, sêpuré têkå. Ayo."

Êmbah lanang: "Bapakné kuwi, Bangun iki gocékan, sêpuré wis têkå."

Bangun: "Êmoh, êmoh. Milu simbah."

Naknik: "Milu simbah, milu simbah."

Barêng sêpuré wis têkå, êmbah lanang karo êmbah wédok pådhå arêp munggah, êmbah lanang calathu: "Wis, slamêt, slamêt."

Bapakné: "Sampun tå kulå aturi munggah."

Êmbah lanang anguk-anguk såkå jêndhélå karo muni: "Wis slamêt."

Êmbah wédok: "Kari slamêt."

Sêpur banjur nyuwårå sêndhit, grêg, grêg, mlaku."

Bangun: "Simbah, Simbah."

Naknik: "Simbah, Simbah."

[56] Bapakné: "Wis, wis, simbah wis kondur. Ayo mulih, mênêng, mênêng."

Ibuné: "Wis, dhå mênêng."

Bapakné: "Ayo dhå ndhokar waé."

Bangun: "Aku linggih ngarêpan, Pak."

Bapakné: "Iyå, gocèkan sing kêncêng."

Naknik: "Milu simbah."

Ibuné: "Simbah sésuk bali. Gilo wis nunggang dhokar."

Turut dalan Naknik isih nangis baé. Diênêng-ênêngi ora gêlêm mênêng, pijêr muni milu simbah.

Bapakné nuli calathu: "Wis ayo pådhå mênyang pasar waé, tuku dolanan. Kowé ditukokaké åpå, Nik."

Bangun: "Anu waé, Nik, tuku jêruk."

Naknik: “Êmoh.”

Ibuné: “é, anu yå cah ayu, tuku sawo, mêngko didum karo Kuncung.”

Naknik: “Aku loro.”

Bangun: “Aku yå loro.”

[57] Bapakné Bangun bisik-bisik: “Mênêngå waé, Ngun, mêngko tak tukokaké dhéwé.”

Bangun: “Ånå kaé sing gêdhé-gêdhé.”

Bapakné: “Iyå.”

Bangun: “Bu, aku arêp ditukokaké sawo bapak, gêdhé-gêdhé.”

Ibuné: “Kowé yå gêdhé-gêdhé, yå, Nik.”

Naknik: “Hêêh.”

Satêkané pasar, bocah loro banjur ditukokaké sawo karo jêruk, pådhå sênêng atiné. Barêng Naknik wis kétok rapih, banjur pådhå mulih. Nanging sadhélå-sadhélå Naknik isih takon êmbahné baé. Wusånå séjé dinå banjur lali.

Lêt sêpasar bapakné Bangun tåmpå layang såkå êmbah lanang, awéh wêruh mungguh kaslamêtané lakuné.

Barêng bocah-bocah krungu ånå layang såkå êmbah lanang, banjur pådhå takon, bapakné nuli rékå-rékå måcå layangé. Anggoné muni: “Bangun åjå nakal, åjå sok ngladaki adhiné, åjå dhêmên jajan. Naknik åjå sok nangis, yén mangan sing akéh, åjå dhêmên pasaran.”

Bangun: “Yén aku dolan éntuk, Pak.”

Bapakné: “Ora éntuk, lah iki rungoknå: Bangun å-

[58] jå dhêmên dolan, yèn panasan jamonånå. Bésuk yèn aku tilik mréné, Naknik tak olah-olahi cêthing cilik, Bangun grobagan cilik, karo êndhas pitik.”

Bangun: “Ora, yèn simbah mréné aku arêp diolèh-olèhi grobagan karo êndhas pitik.”

XI
Ngingu Pitik

Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: “Gi lo, Ngun, tak kukoaké pitik, kowé iyå, Nik, siji.”

Bangun: “Kurungi, mêngko ngêndhog.”

Naknik: “Pitikku yå ngêndhog.”

Ibuné: “Yèn ngêndhog ditêtêské.”

Bangun: “Êh, digoréng.”

Ibuné: “Kuwi, patut, ditêtêské, bèn akeh.”

Bangun: “Iyå, iyå, pitikmu iyå, Nik.”

Naknik: “Pakani, Bu.”

Bangun banjur njupuk bêras, dibyuraké ing jêron kurungan karo bungah-bungah sartå alok: “Itiké mangan bêras. Atho, tanganku dipangan pitiké. Iki, iki.”

Ibuné: “Nah, rak dithothok. Wis tå, åjå cêdhak-cêdhak.

Åjå cêdhak-cêdhak, Nik.”

[60] séjé dinå pitiké Bangun méméti arêp ngêndhog. Barêng Bangun wêruh pitiké mlêbu pawon, banjur kåndhå karo ibuné: “Bu, Bu, pitiké mlêbu pawon.”

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Ibuné Bangun mangsuli karo ngingêtaké pitiké: "O, arêp ngêndhog.

Naknik: "Thékku, iyå."

Ibuné: "Mêngko tak gawékaké pêtarangan. Tak cêkêli, wis tognå waé, tak tutupané kukusan."

Bangun: "Bu, pitiké njaluk mêtu."

Ibuné: "Bukakên tå."

Bangun: "Bu, Bu, ånå êndhogé. Iki gi lo."

Ibuné: "Tognå waé. Sésuk rak ngêndhog maném wis pakanånå.

Nuju wayah jam sångå ésuk, ibuné Bangun wêruh Bangun thênguk-thênguk ånå tritis banjur takon: "Kowé lagi åpå, Ngun, thênguk-thênguk ånå tritis."

Bangun: "Nunggu pitikku ngêndhog."

Ibuné: "Bocah bodho, kuwi rak pitik kipu. Tilikånå tarangan kånå. Wis pirå êndhogé."

Bangun: "Bu, Bu, wis akéh. Pitiké wis arêp ngêndhog maném."

Barêng ibuné Bangun niliki, wêruh pitiké wis angrêm,

[61] Banjur kåndhå: "O, wis angrêm, pirå êndhogé. Ji, ro, lu, pat, ma..... o, sångå."

Bangun: "Wis angrêm, Bu."

Ibuné: "Iyå, bésuk mêtu anaké."

Bangun: "Aku dhêmên pitik cilik, Bu. Pitiké Nik bésuk yå ngêndhog, yå, Bu."

Ibuné: "Iyå wis åjå cêdhak-cêdhak, yèn kênå gurêm."

Barêng wis ngarêpaké têlung jêmuwah, ing wayah ésuk krungu ånå swårå kiyik-kiyik, ibuné Bangun kåndhå: "Ngun, pitiké wis nêtês, wé, nêtês kabéh. Ayo didhunaké. Kéné, kéné, kok tampah diintêri: gagak picak, wulung bingung, gagak picak, wulung bingung."

Bangun: "Anaké cilik-cilik, aku dhêmên bangêt."

Ibuné: "Åjå cêdhak-cêdhak kurungan, yèn dithothol."

Bangun: "Nik, apik, yå. Ga lo kaé putih, sing njaluk géndhong kaé irêng. Kowé dhêmên, Nik."

Naknik: "Iyå, aku njaluk yå, Mas."

Bangun: "Siji Nik, Nik gi lo tak cêkêl, kênå, nyå, cêkêlên, nah-nah aku nyêkêl maném. Ayo dolan, Nik, pitiké digåwå."

Bocah loro banjur pådhå dolan. Ora suwé wêruh Mujiya klédhang-klédhang. Bangun banjur marani karo kåndhå:

[62] Ilustrasi

[63] Mujiya: "Aku duwé pitik, Nik iyå."

Mujiya: "Lé tuku êndi, Ngun."

Bangun: "Pitikku dhéwé. Aku dhêmên, Ya, sésuk tak kèki."

Naknik: "Aku dikéki siji, mas, êmbanå. Nyå, sléndhang."

Mujiya: "Kéné tak êmbané. Wis gocéki."

Bangun: "Dilélå-lélå, Nik."

Såkå kêsênêngan anggoné dolanan kuthuk, nganti pådhå ora kråså ngêléh., kråså-kråså barêng diundang ibuné.

Têmbungé ibuné: “Ngun, Nik, kéné dhå madhang. Nyå, iki ajangmu. Kowé iki, Nik, wis åjå ngrêjêgan. Sing diêmban kuwi åpå. É tobil, kuthuk, mêngko rak mati. Culké, gér, dimor biyangné.

Bangun: “aeng, Naknik, pitik kok diêmban, yèn aku yå ora, iki tak kanthongi.”

Ibuné: “Olah, malah kêplêpêkên. Ndêlok kéné, lah rak tênan tå. Êndi dibalékaké. É bocah athik bonto-bonto têmên. Gi lo wis thilêk-thilêk. Wis åjå sok njupuk kuthuk manéh, mundhak mati.”

XII
Pisah lan Kåncå

Nuju sawiji dinå Bangun dolan ånå ing latar karo Naknik, ora suwé wêruh Mujiya dikanthi êmmbokné mårå dhayoh mênyang ênggoné ibuné Bangun, prêlu pamitan arêp ngalih mênyang Nagara. Satêkané ing kono, Mujiya kéri ånå latar, dolan karo Bangun.

Mujiya kåndhå nyang Bangun: “Ngun, Bapak arêp ngalih, Bangun, kowé yå milu.”

Mujiya: “Iyå, nunggang sêpur adoh. Aku wis ditukokaké klambi anyar. Aku arêp disêkolahaké.”

Bangun: “Aku bésuk yå sêkolah.”

Naknik: “Aku iyå.”

Bangun: “Saiki pitikku wis gêdhé. Iyå wis mêtu wuluné, yèn turu ndêlik ånå ngisoré êmmbokné.”

Naknik: “Dhèk ingi ånå sing njaluk géndhong, njuk tibå.”

Mujiya: “Pitikku wis dibêlèh, digoréng karo dipanggang, mêngko dipangan ånå sêpur.”

[65] Bangun: “Dhék ingi sibu ya mbêlèh pitik, aku dikèki êndhasé.”

Naknik: “Aku pupuné.”

Mujiya: “Sing mbêlèh såpå, Ngun.”

Bangun: “Bapak dhéwé.”

Mujiya: “Yén aku tak bêlèhaké mênyang goné Pak Nawi, kaum.”

Bangun: “Aku yå rånå. Dhèk ingi pak Nawi ora ånå, sing mbêléh bapak dhéwé. Ånå kaé pitikku sing wédok ora dibêlèh, bèn ngêndhog.”

Mujiya: “Ngésuk aku yå ngingu pitik mênéh.”

Bangun: “Ayo, Ya nékêr rånå, nyå, tak silihi.”

Mujiya: “Êmoh, Ngun, aku wis arêp mangkat.”

Akéh-akéh Bangun wis ora pati sumanak, mung nggagas anggoné arêp lungan. Bangun tansah nyêdhaki. Mungguh wong ngatuwå, Bangun ngrasakaké susah arêp pisahan, nanging sarèhné bocah, kétoké mung kêkurangan gunêm.

Ora suwé êmbokné Mujiya mêtu, têrus arêp mangkat, satêkané ing latar banjur calathu: “Wis yå, gus, Mujiya arêp ngalih, saiki sudå réwangé dolan.”

Bangun mênêng baé. Mujiya iyå mênêng baé, mung banjur kinthi-

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

[66] l mélu êmbokné. Bangun mung tansah nyawang Mujiya, lakuné wis adoh isih ngêtaké baé. Suwé-suwé Bangun banjur kliwir-kliwir mulih, kåndhå karo ibuné, têmbungé: "Bu, Bu, Mujiya wis mélu êmbokné, arêp sêkolah, aku yå sêkolah, bu."

Ibuné: "Suk sêkolah ånå goné simbah."

Ibuné Bangun nyawang anaké karåså mêlas, kétok kajog atiné, pijér dhélég, mangan ora pati doyan, nganti sawåtårå dinå mung ngundhêr ånå ngomah baé.

XIII
Mênyang Enggoné Simbah

Wis suwé bapakné Bangun anggoné ngrêmbug prêkårå nyêkolahaké anaké. Saiki wis wayahé, mulå arêp dipasrahaké mênyang Nagara.

Barêng wis kêndhêl rêmbugé, ing wayah soré bapakné Bangun ngandhani Bangun. Têmbungé: "Ngun sésuk tilik simbah."

Bangun: "Sésuk, Pak, aku milu."

Bapakné: "Iyå, karo sibu, karo Naknik, nunggang sêpur."

Bangun bangêt ing bungahé, banjur lunjak-lunjak karo muni: "Tilik simbah, nunggang sêpur."

Ing wayah soré, wong tuwané Bangun wis pådhå tåtå-tåtå gawan lan oléh-oléhé, sadhélå-sadhélå Bangun tansah njunjungi bakal gawané. Ora såkå arêp ngréwangi, mung såkå bungahé, nuli salin nganthi adhiné, dikandhani yén arêp tilik simbah.

Jam sångå bêngi Bangun durung turu, tansah nyêdhaki ibuné,

[68] kang diéling-éling mung anggoné arêp tilik êmbahné baé.

Ibuné: "Wis, Ngun, turua, wis bêngi."

Bangun: "Sésuk mangkat, Bu."

Bangun mapan turu.

Jam limå ésuk ibuné lan bapakné Bangun wis rampung oléhé dandan, banjur nggugah anak-anaké arêp dirêsiki, nanging Bangun wis kêlop-kêlop mêlék.

Ibuné takon: "Kowé wis tangi, Ngun."

Bangun: "Uwis, Naknik durung."

Ibuné: "Kéné tak salini klambi."

Ibuné Bangun barêng wis rampung anggoné ndadani Bangun ganti nggugah Nik, barêng wis tangi iyå nuli didandani.

Sawisé rampung, bapakné Bangun banjur ajak-ajak mangkat. Têmbungé: "Wis ayo mangkat, mêngko kawanên."

Satêkané sêtatsiyun nuli tuku karcis, ora suwé sêpuré têkå, kabéh pådhå munggah, Bangun milih panggonan sacêdhaking jêndhélå. Barêng sêpur wis mlaku, Bangun tansah tatakon.

Bangun: "Pak, Pak, kêbo, bocahé nunggang, aku yå wani. Aku sênêng numpak sêpur."

[69] Bapakné: "Wis tå åjå manglung-manglung."

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*

Bangun: “Linggih ora kétok, Pak.”

Bapakné: “Wis, tak gocèki.

Bangun: “Pak, Pak, sépur mandhég. Ora midhun, Pak.”

Bapakné: “Mêngko ijéh adoh. Mêngko simbah rak mêthuk.

Barêng wis oléh têlung êndhêgan maném, têkan sêtatsiyun Nagara. Sêpur sadurungé mandhêg, Bangun wêruh êmbahné. Bangun nuli alok-alok: “Simbah, simbah, pak, simbah, ga lo, kaé.”

Ora suwé êmbah lanang wis kétok nyêdhaki jêndhêlå karo takon: êndi bocah-bocah. Banjur mapag ånå ing lawang karo ngacungaké tangané, calathuné: “Kéné, sêmilah. Karo mbopong Bangun.”

Bangun: “Êmbah aku nunggang sêpur.”

Naknik: “Aku iyå.”

Êmbah lanang: “Ayo pådhå nunggang dhokar. Aku tak ånå kusiran karo mangku Bangun.”

Bangun: “Dhokaré ora rikat kåyå sêpur, Êmbah.”

Satêkané ngarêp pomahan, sawise dhokar dikon mandhêg, êmbahné banjur calathu: “Wis, wis mêdhun.”

[70] Ilustrasi

[71] Bangun: “Lah kaé êmbah wédok. Êmbah, Êmbah, aku. . . . . .”

Bapakné: “Bangun ki rak arêp kåndhå lé nunggang sêpur. Cah déså.”

Êmbah wédok: “Kowé mau nunggang sêpur, Ngun, kowé iyå, Nik.”

Bangun: “Êmbah, sêpuré rikat.”

Naknik: “Aku yå nunggang sêpur rikat.”

Sawisé saréhan, êmbah lanang ngandhani Bangun. Têmbungé: “Wis, Ngun, kowé wis gêdhé, mélu simbah waé, sêkolah.”

Bangun: “Iyå, sêkolah kåyå Mujiya.”

Bangun ånå Nagara sawatårå sasi, banjur dilêmbokaké sêkolah. Kabênêran ånå sêkolahan kono kêtêmu Mujiya, ugå wis sêkolah. Bangun lêstari mimitran karo Mujiya.

Tamat

Asiling *Transliterasi Standar Teks Bangun-Naknik*
Isiné **Kåcå**
I. Kahanané Bocah Sajroné Sadinå Sawêngi.....3
II. Katrêsnaning Kakancan.....11
III. Mênyang Pasar.....17
IV. Udan-udan.....22
V. Lårå.....27
VI. Êmbahné Tilik.....35
VII. Mlaku-mlaku.....41
VIII. Madhangan.....46
IX. Ndolani Putu.....50
X. Klayu.....54
XI. Ngingu Pitik.....59
XII. Pisah lan Kåncå.....64
XIII. Mênyang Enggoné Simbah.....67

Tabel 27. ***Suntingan Teks Bangun-Naknik***

Suntingan Edisi Standar Teks Bangun-Naknik
Bangun – Naknik Anggitané Mas Harjawiraga   Balé Pustaka, Wéltêprédhên, 1930

Wêwênangipun pangarang sinêngkêr, miturut bab 11
Anggêr ingkang kapacak ing sêtatsêblad, 1912 No. 600.

[I]
Kahanané Bocah Sajroné Sadinå Sawêngi

Pak Harja duwé tånggå pak Majiya. Pak Harja anaké loro, sing tuwå lanang, jênêng Bangun umur 5 taun. Adhiné wédok jênêng Naknik umur 3 taun. Pak Mujiya anaké mung siji, jênêngé iyå Mujiya, umur 6 taun, bocah-bocah mau pådhå kêkancan dolan.

Bangun lagi dolan ånå lataring omahé, klowang-klawung tanpå réwang. Ora suwé ånå bocah lanang têkå, ambêkané mênggèh-mênggèh, tangané nyêkêli jaranan papah gêdhang. Bocah sing têkå mau Mujiya. Barêng lakuné Mujiya cêdhak Bangun banjur calathu karo nuduhaké jaranan papah gêdhang.

Tembungé Mujiya: "Ngun aku duwé."

Bangun : "Bapak yå biså gawé."

Bangun banjur mlayu mulih, kåndhå bapakné: "Pak Pak gawèkaké jaran."

[4] Bapakné banjur gawé jaranan papah gêdhang. Sawisé dadi diwènèhaké anaké: "Nyå."

Bangun: "Kok itali, Pak, kåyå Mujiya."

Sawisé didokoki tali, Bangun banjur mlaku karo nyèrèd jaranan papah gêdhang. Barêng têkan ngarêpe Mujiya calathu: "Iki jaranku."

Mujiya: "Apik, yå. Iyéh."

Bangun: "Iyéh."

Bocah loro banjur pådhå playon karo nunggang jaranan ånå ing latar, ngubêngi omah, mlêbu ngomah.

Anggoné playon wis pådhå kêsêl banjur pådhå lèrèn sartå bocah loro mau pådhå mênyang ing mburi. Bangun kêtêmu ibuné karo calathu mênggèh-mênggèh: "Ngombé, Bu."

Ibuné: "Ngombé ing genthong waé."

Bangun lagi nêngah-nêngahi ngombé ing siwur, ibuné ngaruh-aruhi:

"Wis wis åjå akéh-akéh."

Mujiya nyêlani calathu: "Aku njaluk Ngun."

Bangun: "Nyå. Iyéh."

Mujiyå: "Iyéh."

Bocah loro banjur pådhå playon manèh. Playune Bangun nunjang pasarané Naknik sing ånå ing èmpèr ngarêp, kabèh mawut-mawut. Naknik nangis. Ibune têkå nulung.

[5] Ibuné: "Wis mênêng, cah ayu, mêngko tak tatané manêh."

Naknik: "Mas nakal."

Ibuné: "Wis menengå, gi lo. Wah dodol sêgå (sêgane wêdhi), iki iwaké (gogrogan kêmbang gêdhang). Kulå tumbas, nggih. Kéné, cung, pasaran kéné." (ibuné ngundang bocah wédok jênêngé Kuncung).

Kuncung banjur mêndhêk-mêndhêk karo muni: "Kulå tumbas sêkul sak sèn."

Naknik: "Nggih."

Naknik banjur njupuk godhong gêdhang kanggo mungkus wêdhi, nuli diwènèhaké Kuncung.

Ibune Bangun wêruh Bangun têkå banjur calathu sêru: "Åjå mréné, mundhak ngladaki adhiné."

Bangun: "Jaranku wis bubrah. Gawé maném, Bu."

Ibuné: "Wis åjå jaran-jaranan mundhak pijêr ngombé. Kéné dolanan karo adhiné waé."

Ibuné nuli lungå.

Bangun: "Kéné, ya. Naknik pasaran ayo tuku. Aku tuku, Nik."

Mujiya: "Aku iyå. Dirånå, Cung."

Naknik: "Nyå."

Anggoné calathu mau karo ngulungaké wungkusan di- **[6]** tampani Bangun. Mujiya iyå diwènèhi dhéwé.

Bangun: "Maném, Nik."

Bangun banjur njupuk dhéwé, Naknik ora èntuk. Bangun nêpsu, pasarané Naknik diowat-awut. Naknik nangis kikitrang, Bangun mlayu karo Mujiya.

Ibuné mêtu karo muni lan nudingi Bangun: "Yå, yå."

Naknik banjur dijunjung.

Barêng ing wayah awan ibuné Bangun anggoné olah-olah wis matêng, anak-anake banjur dilèraké sêgå. Naknik wêruh ibune ngêlèr sêgå, banjur calathu: "Maêm, Bu."

Ibuné: "Iyå kéné, gi lo tak gêlaraké klåså. Êndi masé mau. Ngun, Bangun."

Bangun têkå lan barêng wêruh lèr-lèran sêgå banjur muni: "Madhang, Bu. Mujiya iyå."

Ibuné: "Iyå, kéné jakên madhang. Kéné, ya. Wis kéné cah têlu amin-amin. Lah Kuncung êndi."

Naknik: "Mulih, Kuncung."

Bangun mangan karo caturan: "Jaranmu êndi, Ya."

Mujiya: "Jaranku wis tak guwang. Sésuk bapak gawé manêh."

Bangun: "Aku iyå. Ênjuk iwaké, Nik."

Naknik: "Ojok."

[7] Ibuné: "Wis êndang lap lêp diêntéké, Nik mundhak mati kuthuké."

Bangun: "Imbuh, Bu, karo iwak."

Ibuné: "åjå pijêr iwaké waé. Gu lo, Mujiya, rak isih iwaké. Nyå, Mujiya, kowé yå imbuh."

Nalikå bocah-bocah isih pådhå mangan êmbokné Mujiya cêluk-cêluk: "Ya, Ya."

Ibuné Bangun mangsuli: "Niki sêg nêdhi."

Êmbokné Mujiya: "Ora gênah. Jêbul nglurug mangan."

Mujiya marani êmbokné karo calathu: "Aku wis warêg êmbok."

Embokné: "Patut. Ga lo diundang bapakmu."

Suntingan Edisi Standar Teks Bangun-Naknik

Bangun lan Naknik sabubaré mangan banjur pådhå dolan ånå ngémpér. Ora suwé Naknik thêklak-thêkluk ngantuk nuli diturokaké ibuné. Bangun banjur dolan dhéwé.

Wayah jam papat soré Naknik wis tangi. Wis adaté sabên tangi turu nangis banjur dicandhak ibuné digåwå mêtu såkå paturon. Ora suwé ibuné nuli nggoléki Bangun arêp diguyang babarêngan karo Naknik.

Anggoné cêluk-cêluk: "Ngun, Bangun. Adus."

Bangun mangsuli såkå kadohan: "êmoh."

[8] Ibuné: "Ayo. Em rupamu nganti kåyå babi. Ayo adus."

Bangun banjur digåwå mênyang sumur digrujugi. Naknik ditimbakaké ånå èmbèr, bungah ciciblonan. Bangun wis biså kosokan dhéwé, nanging iyå durung biså rêsik.

Ibuné: "Rainé dikosoki, gu lo sabuné."

Bangun: "Êmoh, pêdhês."

Ibune: "Mêngko tak kosoki, lo."

Bangun banjur kosokan nanging mung ing awak baé, tur ora rêsik sabunan rai ora gêlêm. Ora wurung iyå diguyang ing ibuné, dikosoki awaké kojur nganti rêsik. Bangun nangis. Naknik gêntini guyang iyå nangis. Sawisé pådhå didandani banjur pådhå dolan. Nanging ora adoh, mung ånå ing latar bae.

Ing wayah soré sawisé madhang, lêt sadhélå nuli pådhå mapan turu. Adaté bocah loro mau yèn turu isih dikêloni, nanging ugå ora nuli biså turu, awit tansah pating cêkikik pådhå gojègan. Bocah loro mau dhêmênané kêbowan. Bangun kang dadi kêbo, lakuné mbrangkang, Naknik kang nunggang. Bangun banjur mbrangkang ånå ing paturon.

Naknik: "Mas, nunggang kêbo."

[9] Bangun: "Kéné gocèkan kêncêng."

Bangun banjur mbrangkang karo nyuwårå: "Ngoh, ngoh."

Naknik: "Tibå, mêngko. Wis wis..... wis."

Bangun isih mbrangkang baé, glodhag, Naknik tibå, banjur nangis.

Ibune: "Wis wis, anggêr anu yångono. Kéné, Nik tak kêloni."

Naknik sawisé dikêloni, Bangun banjur ndharusul ånå saburiné ibuné karo calathu: "Ndongèng, Bu."

Ibuné banjur ndongèng:

"Kocapå, mbok Råndhå Dhadhapan duwé anak wédok jênêngé mbok Lara Tompé, arêp ngirim radèn putra mênyang alas. Barêng têkan ngalas dicêgat kêthék oglèng. Mbok Lara Tompé ora ngêrti, diarani radén putrå, kirimané banjur dipangan. Sawisé mangan kêthék ogléng banjur dikudang:

"Ya buntuté, dåwå-dåwå têmên. Kêthék oglèng mangsuli: mulih sébå, adhuh yayi ngumbar kuncå."

"Ya bathuké, nonong-nonong têmen."

Bathuk banyak adhuh yayi mundhak cakrak.

[10] Bangun: "Nonong kåyå Naknik."

Naknik: "A_____ang."

Ibuné calathu karo nyêblêk Bangun sambi mungkur: "Wis tå mênêngå, adhiné bèn turu."

Sawisé nuli mbanjuraké dongèngé:

"Yå untune, cilik-cilik têmên."

"Untu tikus, adhuh yayi mundhak bagus."

"Bangun: "Kêthék oglèng yå nyakot Bu."

"Ibuné: "Iyå, nyakot cah nakal."

"Yå tangané, kasap-kasap têmên."

"Mangan kêtan, adhuh yayi durung wisuh."

Bocah loro pådhå dhêmên ngrungokaké dongèng kêthék oglèng, banjur lês pådhå turu, polahé pådhå pating gêdabig såkå sayah anggoné dolan ing wayah awan. Banjur pådhå dikêmuli, anggoné turu nuli nglépus.

II
Katrêsnaning Kakancan

Ing wayah jam nêm ésuk, Bangun lan Naknik wis tangi, pådhå nyêdhaki bapakné lagi ngombé wédang arêp mangkat mênyang pagawéan. Bapakné Bangun wêruh Mujiya têkå, banjur calathu: "Lah, gu lo, Ngun, kancamu wis têkå, dolanå kéné, Ya wis bapak mangkat."

Mujiya mung manthuk banjur nyêdhaki Bangun. Ibuné Bangun nakoni Mujiya: "Kowé dhék ingi banjur ora bali, é, Ya."

Mujiya: "Bapak nggåwå oléh-oléh layangan."

Bangun: "Bapak mêngko ya tuku layangan gêdhé."

Ibuné: "Iyå, kon nukokaké."

Naknik: "Aku iyå."

Ibuné: "Donok bocah wédok dolanan layangan rak yå pasaran."

Mujiya lungå, ora suwé bali nggåwå layangan. Bangun kêpéngin bangêt, banjur ndêmèk karo calathu: "Apik yå, Ya."

[12] Mujiya: "Mêngko arêp ndokoki buntut ngapat."

Bangun: "Buntuté dåwå, yå."

Mujiya: "Éh. yo, Ngun dolan."

Bangun: "Ndêlok layangané tak cêkêlå. Wah, gêdhé, yå, Ya."

Bangun banjur mlayu karo narik layangan kang bolahé mung sawatårå dhêpå, karo alon: "é, muluk, manjêr, manjêr."

Mujiya: "åjå dhuwur-dhuwur, nék kêsangsang."

Bangun: "Nyå, Ya, tarikên, tak pèthèké."

Mujiya: "Kéné, cul."

Mujiya banjur mlayu, layangané mumpul, Bangun ngêtutaké karo lunjak-lunjak, playune Mujiya karo nolèh. Sikilé kêsandhung, tibå krungkêb, layangané kêsangsang wit johar. Mujiya nangis.

Bangun: "Mênêngå, mêngko disènggèt."

Bangun ora ngêrti yèn tangisé mau jalaran såkå anggoné tibå. Bangun banjur nganthi Mujiya arêp dijak mulih. Kêbênêran ånå wong liwat ngaruh-aruhi: "Wah, bocah, ésuk-ésuk ngéné dolanan layangan, nyå, gi lo, tak jupukaké."

Bocah loro pådhå bungah. Bangun banjur mulih, ora suwé wis bali nggåwå bolah saêlos karo panganan, mu- **[13]** (ilustrasi)

[14] jiya diwènèhi panganané sêparo. Bocah loro banjur pådhå mangan panganan.

Mujiya takon: "Bolah, Ngun, aku njaluk."

Bangun: "Iyå, bolahé sibu, sithik waé, yå."

Bangun karo ngudhali bolah såkå ikal-ikalan nganti sawåtårå dhêpå, arêp mêdhot ora biså, banjur dicakot.

Mujiya: "Ênyå, Ngun talénå."

Bangun: "Ora bisa. Ndêlok, bèn ditaléni sibu. Bu, Bu, talèkaké, Bu."

Ibuné: "Bolah lèhmu njupuk ngêndi. Rak bolah dondoman tå. Êndi njupukå thithik waé. Wis nyå, åjå panasan."

Mujiya karo Bangun banjur dhêpå dolanan layangan. Bangun tibå, nangis banjur ditêraké mulih Mujiya.

Ibuné barêng wêruh banjur takon: "Généyå nangis."

Mujiya: "Bangun tibå dhéwé."

Ibuné: "Wis, mênêng. Mulå åjå playon dhå dolanan kéné waé."

Bangun karo Mujiya banjur amor dolan karo Naknik sing lagi caturan karo kancané dolan.

Naknik calathu: "Aku arêp ditukokaké bonékah apik karo sléndhang."

[15] Kuncung: "Aku iyå, karo payung."

Naknik: "Aku wis duwé payung."

Kuncung: "Aku diwèhi bonékah bakyu, ånå kaé wis bubrah êndhasê. Tak jupuké, yå."

Kuncung banjur mulih, ora suwé wis bali nggåwå anak-anakan.

Bangun: "Dulangên, Nik."

Mujiya: "Agèk turu, yå."

Bangun: "Kéné tak dulangé."

Anggoné calathu Bangun karo njupuk anak-anakan.

Naknik: "Åjå."

Bangun mêksa banjur rêbutan, anak-anakané dibuwang Bangun, Naknik nangis.

Kuncung: "Mênêngå, nyå, tak jupukaké."

Bangun: "Élok, anak élék."

Naknik: "A____ang."

Kuncung: "Apik, yå."

Bangun: "Élok."

[16] Barêng anu Bangun wêruh bapakné têkå banjur alok-alok: "É, Bapak têkå, bapak têkå."

Naknik bapakné têkå banjur wadul: "Pak mas nakal, Pak."

Bapakné: "Adhimu kok apakaké, Ngun."

Bangun: "Ora."

Naknik banjur dibopong bapakné mlêbu mênyang ngomah.

Kabéh anggoné dolanan banjur pådhå bubar.

III
Mênyang Pasar

Bapakné karo ibuné Bangun pådhå arêp mênyang pasar. Siré anak-anaké arêp pådhå ditinggal awit wis awan, dalané panas. Nanging anak-anaké pådhå klayu. Bangun sing wêruh dhisik, banjur calathu karo nangis: "Pak, aku mélu."

Naknik wêruh iyå nuli muni: "Mèlu, Pak."

Bapakné: "Panas-panas ngéné, arêp pådhå mèlu. Kowé gêlêm mlaku, ora, Ngun."

Bangun: "Iyå, Naknik tak kanthi."

Bapakné: "Åjå, adhiné bèn diêmban sibu, isih cilik, wis ayo mangkat."

Wusånå banjur pådhå mangkat. Bapakné nganthi Bangun. Ibuné ngêmban Naknik. Ånå ing dalan Bangun calathu mênyang bapakné: "Pak, Pak, aku tukokaké layangan Pak, gu lo kuwi, abang, Pak."

Bapakné: "Ah, mêngko waé ånå pasar."

Ora suwé Bangun wêruh kêthêk dicancang ånå pathok.

[18] dhéwéké njênggirat kagét karo alon: "Bu, Bu, ga lo åpå."

Ibuné: "Kêthék. Åjå nyêdhak."

Bangun: "O, kêthék oglèng, iyå, Bu."

Bapakné: "Kowé wani, Ngun."

Bangun: "Ora, yén nyakot."

Satêkané pasar sing diujug panggonan barang-barang. Ibuné banjur nyêkêl topi, Bangun arêp diênggoni topi mau karo calathu: "Ngun, rénéå. Cobå, kowé patut åpå ora nganggo topi iki." Bangun mung mêcucu mêrgå bungah. Bangun banjur ditukokaké.

Barêng mlaku maném Bangun turut dalan tansah ngêmék-êméki topiné baé. Naknik ditukokaké sléndhang.

Bapakné tansah mésém karo takon: "Kowé dhêmên, Ngun, topiné."

Bangun: "Dhêmên waé."

Bapakné: "Wis tå, åjå pijêr dibukak waé, diênggo. Wah, Nik kalung sléndhang. Såpå sing nukokaké, Nik."

Naknik: "Apik."

Barêng wis rampung anggoné têtuku, banjur pådha mulih.

Bangun turut dalan pijêr mlayu, awit bungah bangêt. Såkå bungahé nganti lali layangan. Sing dipikir mung topi baé, mu-

[19] lå sadhélå-sadhélå pijêr dimèk-mèki. Déné Naknik pijêr ngêlus-êlus sléndhangé.

Satêkané ngomah, Bangun banjur têrus dolan nggoléki Mujiya, barêng kêtêmu banjur pamér: "Ya, Ya. Aku tukoké topi."

Mujiya ora mangsuli, banjur lungå klépat. Ora suwé bali wis nganggo topi, karo kåndhå: "Aku yå wis duwé."

Bocah loro banjur pådhå dolan topén kabéh. Bangun upyêk omong karo nyêkêl panganan: "Aku mau wêruh kêthék ogléng, nganggo buntut, aku ki wédi. Ênyå, Ya."

Anggoné calathu Bangun karo ngulungi panganan. Mujiya nampani panganan karo mangsuli: "Aku yå ora wani."

Ora suwé Naknik nusul dolan karo sléndhangan, barêng cêdhak Mujiya iyå banjur pamèr: "Aku duwé sléndhang apik, kowé ora duwé."

Bangun: "Cah lanang åpå: sléndhang, yå, Ya. Topi waé."

Naknik banjur pasaran panganan têmênan, anggoné nukokaké ibuné såkå pasar: "Kacang lan kênthang godhogan."

[20] kabéh diwadhahi ing sênik cilik, digéndhong ing sléndhang karo tåwå: dol, dodol, kacang kênthang, mo____ was.

Mujiya barêng wêruh banjur kåndhå karo Bangun: "Aku arêp tuku, Ngun."

Bangun: "Nik, Mujiya tuku."

Naknik: "Ora éntuk, kowé nakal."

Mujiya: "Sèsuk tak kéki panganan. Tuku, yå."

Naknik: "Ånå kaé dhuwité bêling."

Bocah loro banjur pådhå golék bêling, sawisé oléh banjur pådhå mênyang panggonané Naknik.

Naknik kåndhå karo bocah loro: "Aku dodol kåyå wong pasar mau."

Bangun: "Aku tuku, ndhuk, rong sèn."

Naknik mangsuli sêmu nêpsu: "Åjå njupuk dhéwé, tak doli. Nyå."

Bangun: "Larang mên, imbuh."

Naknik: "Åjå."

Mujiya: "Tuku kênthang, sak sèn."

Naknik: "Nyå."

Bangun: "Mujiya kèki akéh. Kéné aku imbuh."

[21] Naknik: "Nyå. Wis êntèk. Mulih, ah."

Bangun: "Kuwi ijih ngono. Kéné, aku tuku maném."

Naknik: "Arêp tak pangan dhéwé."

Bangun: "Êndi, njaluk thithik."

Naknik: "Nyå."

IV
Udan-udan

Ing wayah soré nuju udan dêrês, bocah-bocah pådhå ora biså dolan, mung pådhå thênguk-thênguk baé. Bangun lan Naknik ora ånå kancané dolan, pådhå ånå ngèmpèr ngarêp, nyawang gumrojoging banyu talang. Bangun dhêmên bangêt nyawang banyu udan kang nyiprat-nyiprat ånå ing tritis. Bênêr ing panggonané pådhå linggih ånå gêndhéngé sing trocoh, Bangun lunjak-lunjak såkå bungahé.

Bangun calathu marang adhiné: "Nik, Nik, gi lo ånå udan, mlêbu ngomah, mêngko, tak tadhané. Anyêp, Nik."

Naknik: "Iyå, mêngko aku tak nadhah. Anyêp yå, Mas."

Bangun: "Aku gêntèn."

Bangun banjur mangan ilaté dièlètaké ditadhahaké ing banyu trocohan. Cangkêmê barêng klêbon banyu banjur diulu. Nuli calathu: "énak, Nik, énak."

Naknik: "Aku njaluk."

Bangun mangsuli: "åjå." Banjur nudingi trocohan banyu li-
[23] yané karo calathu: "Ga lo, Nik, kaé iyå."

Naknik banjur marani trocohan liyané, ilaté dièlèt-èlètaké nadhah banyu, banyuné nyiprat-nyiprat mênyang klambi nganti têlês. Bangun iyå ngono.

Bangun banjur ngalih panggonan, mênyang tritis, tangané ditadhahaké, nuli undang-undang Naknik karo calathu: "Nik, Nik, iki malah akéh."

Naknik: "Iyå, aku arêp ngumbah klambi."

Bangun: "Iyå, Nik, ayo ngumbah. Endi tak uculi. Wis kumbahên. Aku iyå."

Bangun karo Naknik banjur pådhå ngumbah klambiné, tangané pådhå nadhah mênyang tritis, banyuné nyiprat-nyiprat ing awak. Suwé-suwé bocah loro banjur mudhun mênyang ngisor tritis, têrus udan-udanan ing kono.

Ora suwé Mujiya têkå, playonan ing latar, swarané: kêcopak-kêcopak, karo undang-undang Bangun: "Ngun, kéné, nglatar, pénak."

Bangun bungah bangêt, rumåså oléh kåncå, banjur pådhå playon ånå ing latar, ora suwé Nik yå milu. Bocah têlu pådhå kanthén rèntèng-rèntèngan, bêngak-bêngok karo lunjak-lunjak.

Barêng ing latar banyuné wis mêgung, Mujiya ajak-ajak Bangu-
[25] n: "Ayo nglangi, aku biså nglangi. Kowé biså nglangi, Ngun."

Mujiya banjur mêngkurêb ånå ing mêgungan banyu udan, sikilé dipancal-pancalké ing banyu. Bangun lan Naknik ora tahan ngingêtaké polahé Mujiya, banjur pådhå milu. Bocah têlu pådhå mêngkurêb ing latar, nanging Nik ora pati sênêng amor kåncå-kåncåné, banjur bali mênyang ngisor tritis karo ngêcok-êcok, klambiné, rékané ngumbahi.

Mujiya banjur linggih, Bangun iyå grégah milu linggih, linggihé arêp-arêpan.

Mujiya calathu: "Anu, Ngun, ayo dibêndung, gawé suwakan, mêngko golèk iwak."

Bocah loro banjur ngêruki lêmah blêthok, dibêndungaké ing panggonan banyu sing ora pati mêgung, dadi banyuné ora biså mili.

Udané wis têrang, ing latar kari banyu ngêcêmbong baé. Bangun karo Mujiya isih pating kêcopak kêcèh ing banyu. Bêndungan anggêr wis pampêt, banjur ditawu, yèn wis asat rékå-rékå golèk iwak, banjur ngalih panggonan, iyå mangkono maném. Suwé-suwé banyuné asat mung kari blêthok baé, awaké bocah loro pådhå glu-
[26] prut blêthok, barêng garing, rupané pådhå irêng-irêng. Naknik sing isih ånå ing banyu, awaké nggêbibir.

Sajroné udan ibuné Bangun ora wêruh anak-anaké. Barêng wis têrang, niliki mênyang ngarêpan, satêkané njåbå, wêruh anak-anaké nggêbibir banjur marani karo pêtrék-pêtrék: "Tobil, tobil, dadi iki mau pådhå udan-udan. Bangun, ayo adus. Éh, iki wédok-wédok iyå udan-udan. Rikat, Ngun."

Bangun: "êmoh, aku golék iwak karo Mujiya."

Ibuné: "Ya, mulih ora, tak gêbugi kowé. Ayo adus. Karo nggêblag, Bangun nangis, têrus dikanthi mênyang sumur karo Naknik pådhå diguyang."

V

Suntingan Edisi Standar Teks Bangun-Naknik

Lårå

Barêng bêngi Bangun lan Naknik anggoné turu pådhå glébagan. Sadhélå-sadhélå ngruntuh. Barêng ibuné ngêmèk-êmèki êndhasé anak-anaké, karåså pådhå panas. Bocah loro nuli pådhå nangis nggiyêng.

Ibuné: "Nah, kuwi tambané wong dhêmên udan-udan, sésuk udan-udan maném, yå."

Bangun ora mangsuli, mung sênggrak-sênggruk baé.

Bapakné: "Wong bocah lårå kok diuring-uring. Lah kowé sing ånå ngomah ora biså njågå bocah."

Èsuké bocah loro ora ånå sing biså dolan. Mujiya iyå lårå. Barêng awan, bapakné Bangun mulih såkå pagawéyan karo nggåwå jamu såkå ing dhoktêran.

Bapakné Bangun banjur ngulungaké jamu mênyang sing wédok karo calathu: "Iki jamuné Bangun, sabên rong jam saséndhok, iki jamuné Naknik, sadinå ping têlu. Ênyå, Ngun, diombé."

Bangun: "Êmoh, pait."

[28] Bapakné: "Ora, enak waé. Ênyå tå."

Bangun: "hi___hi êmoh."

Bapakné: "Kono, Ngun, gocèkånå, dicangar waé."

Bangun: "Êmoh dicangar, ngombé dhéwé waé."

Ibuné: "Wis mangapå, nyå, tak ombèkaké."

Bangun mangap, banjur diombèni jamu saséndhok, isih nangis, banjur ora kråså pait banjur mênêng.

Ibuné: "Nah, cah bagus, gêlêm ngombé jamu dhéwé. Kowé, Nik, kowé ngombé jamu dhéwé."

Naknik: "Êmoh."

Ibuné: "Gu lo êmas gêlêm ngombé jamu dhéwé. Kowé iyå, yå, cah ayu."

Bangun: "Aku ngombé dhéwé, yå, Bu."

Ibuné: "Cah bagus kok, kowé iyå, yå, Nik. Nyå, cah ayu."

Naknik: "Êmoh, êmoh."

Bapakné: "Wis tå, diombé thêl waé. Bocah athi dadak ditari jamu."

Naknik banjur digrêjêg dijamoni, nangis. Bangun calathu sêmu ngisin-isin adhiné: "Êndi, Pak, aku jamuné maném, ngombé dhéwé yå gêlêm."

[29] Bapakné: "Mêngko, lo, Mujiya, généå ubêt-ubêt kacu. Sirahmu ngêlu, é, yå."

Mujiya: "Aku lårå, ora éntuk dolan simmbok. Bangun endi."

Bapakné Bangun: "Gi lo, Ngun kancamu lårå têkå.

Kéné, Ya, mlêbu ngomah waé. Åjå pådhå mêtu.

Bangun: "Aku doyan jamu, Ya. Mêngko aku iyå ngombé maném. Nék Naknik êmoh. Cah èlèk."

Naknik: "a___a. Aku doyan jamu."

Bangun: "Sirahmu ko dokoki åpå, Ya."

Mujiya: "Simbok sing ndoki. Aku lårå."

Bangun: "Kowé ngombé jamu ora."

Mujiya: “Ora, aku ora jamu. Aku yèn mari arêp jak mênyang pasar Bapak.”

Bangun: “Tuku åpå, Ya.”

Mujiya: “Tuku klambi karo sarung.”

Bangun: “Aku iyå. Bu, Bu, aku ditukokaké klambi karo sarung, yå.”

Ibuné: “Iyå, mulané ndang mariyå.”

Bapakné: “Ênyå, pådhå nontonå gambar, åjå mêtu-mêtu.”

Bocah têlu banjur nonton gambar.

Bangun: “Iki låndå nunggu jaran.”

[30] Mujiya: “Landané nganggo sêpatu, nganggo topi.”

Naknik calathu karo nggèrèd buku: “Nyonyah yå nganggo topi.”

Bangun: “Aku sing mbukak. Mêngko suwèk. Åjå, Nik.”

Nik nggéndholi gambar, Mujiya nggocéki, Nik nêpsu, Mujiya ditapuk, nangis. Banjur grégah marani adhiné banjur dijiwit, Nik nangis.

Ibuné krungu, jêléh-jêléh såkå kadohan: “Mbok åjå pådhå grèjègan.”

Barêng cêdhak mbacutaké calathuné: “Adhiné ko kapakaké, wong lagi låråwaé pådhå gréjégan.”

Bangun: “Nik nakal, Mujiya diantêm, yå tak jiwit.”

Ibuné: “Wis, Nik, åjå awor. Kéné, dolan karo sibu waé.”

Mujiya banjur mêtu, dolan ånå ngémpér, nglumpukaké wêdhi Bangun inguk-inguk såkå ing jêro. Suwé-suwé banjur milu mêtu. Bocah loro pådhå dolanan wêdhi.

Mujiya: “Iki gunung. Kowé ora gawé, Ngun.”

Bangun: “Iyå, aku arêp gawé. Tak golék wêdhi dhisik.”

Mujiya: “Ênyå, thekku pékên, aku tak golèk manéh.”

[32] Bangun: “Aku gawé rong tikus, tikuse êrongé kéné, yå.”

Mujiya: “åjå jêro-jêro, Ngun. Mêngko jugrug. Lah, rak jugrug tå.”

Bangun: “Gawé manéh waé. Dirånå, yå.”

Ibuné Bangun niliki Bangun marang paturonané. Barêng ora ånå diinguk mênyang ing jåbå, wêruh anaké dolanan wêdhi, banjur calathu: “é, Bangun. Dipênging mêtu-mêtu jêbul ånå ing jåbå. Ayo ngombé jamu.”

Bangun: “Kéné, ngombé dhéwé.”

Bangun sawisé ngombé jamu, Mujiya takon: “Ora pait.”

Bangun: “Ora.”

Ibuné: “Wis, mlêbu ngomah. Mêngko yèn dårå dhoktêr rawuh, didukani.”

Mujiya: “Aku wêdi dhoktêr.”

Bangun: “Aku ora wêdi yå, Bu.”

Ibuné: “Mulå åjå metu-mêtu.”

Ora lêt suwé dhoktêré têkå, bapakné Bangun mêthukaké, dhoktêr banjur pitakon: “Pundi anaké.”

[33] Bapakné Bangun: “Punikå wontên sêndhang, sami tilêm.”

Dhoktêr: “Kowé låråh, Lé?”

Bangun mung manthuk.

Dhoktêr banjur mrikså bocah loro pisan. Sawisé nuli kåndhå: "Jamunå watuk niku dibacutaké. Niki mang nyadhong jamu urus-urus, sing gêdhé rong séndhok, sing cilik saséndhok."

Bapakné Bangun: "Inggih."

Sapungkuré dhoktêr, bapakné Bangun banjur nyadhong jamu, sabaliné wis nggåwå jamu kastroli. Bangun wêruh bapakné nggåwa jamu bungah.

Bangun: "Kéné tak ombèné, aku wis doyan jamu."

Ibuné: "Åpå dudu bocah lanang, ora doyan jamu. Ombènén yå, tak kokné cangkir, nyå."

Bangun barêng wêruh jamuné litrêk-litrêk banjur mêmbik-mêmbik nangis karo calathu: "êmoh, yén kåyå ngéné, aku ora doyan, wong ora énak. Ihi, ihi."

Ibuné: "Glênggêng, dang uwis."

Bangun: "ånå ha kåé yèn diingêtaké bapak, yå ora doyan."

Bapakné: "Ê, dadi sing marahi ora doyan aku tå. Ya, wis, tak lungå."

[34] Bangun: "Sibu yå åjå ngingêtaké."

Ibuné: "Wis tak mungkur. Glênggêng, glênggêng, cah bagus."

Bangun: "Tåmbåné åpå."

Ibuné: "Mêngko awan tak bakaraké dhèndhèng. Wis tå rikat ngombé."

Bangun: "Wis, marêp rånå."

Bangun banjur ngombé jamu, swarané: êk, êk, êk karo gabêr-gabêr.

Ibuné: "Cah bagus tênan, wis turon waé. Adhiné gênti tak onthèlé."

VI
Embahné Tilik

Êmbahné Bangun omah ing Nagårå, barêng krungu putu-putuné pådhå lårå, banjur tilik, sadurungé têkå, bapakné Bangun kåndhå karo anak-anaké: Ngun mêngko soré simbah têkå.

Bangun: "Êmbah lanang."

Bapakné: "Iyå, karo êmbah wédok."

Bangun: "Aku sênêng, yèn kambi êmbah wédok."

Bapakné: "Sing kok sênêngi rak oléh-oléhé, tå."

Naknik: "Êmbah wédok, êmbahku yå, bu."

Bangun: "Dudu, êmbahku."

Bapakné: "Yå, êmbahné cah loro."

Bangun: "Aku tak mêthuk simbah, yå, Pak."

Bapakné: "Åjå, kowé lagi mari. Mêngko pêthukên ånå ngomah waé. Karo Naknik."

Barêng soré ngarêpaké têkané êmbahné, ibuné Bangun ndandani anak-anaké, calathuné: "Kéné dhå sa-

[36] lin klambi, bapak wis mêthuk nyang sêpur, sadhélå êngkas simbah rawuh."

Bangun: "Nganggo topi, Bu."

Ibuné: "Topi ki rak yèn lungan."

Naknik: "Aku nganggo sléndhang, apik."

Ibuné: "Iyå, iyå, sléndhangan. Lah kaé, simbah rawuh, simbah rawuh."

Êmbah wédok: “Êndi Naknik, wé, simbah nganti pangling, sléndhangan barang.”

Êmbah lanang: “Wé, Bangun athik wis sêmono. Kênê, Ngun simbah kangên.”

Êmbah wêdok: “Kéné, kéné diungkabi, åpå olèh-olèhé. Lah iki roti karo iwak. Ênyå jeruké kêprokné niji édhing. Dianggo dolanan waé, mêngko dipangan. Iki, Ngun, doyananmu iwak lélé. Kowé iyå, Nik. Nyå.”

Ibuné: “Åjå digadho, lo, mêngko kanggo lawuh.”

Bangun: “Aku jêruké sing gêdhé waé, êmbah.”

Êmbah wédok: “Iyå, ênyå. Iki gi lo Nik, anak-anaké, kêbênêran kowé wis duwé sléndhang. Êndi tak êmbané. Putuku wédok, yén kêdugå cangkêmé mangap-mangap.”

[38] Naknik: “Apik, yå, Pak, sing maringi simbah.”

Bangun: “Aku êndi, Êmbah.”

Êmbah lanang: “Kowé cah lanang, ênyå gi lo, tak olèh-olèhi grobagan.

Bangun: “Horé. Êndi, Êmbah, êndi.”

Êmbah lanang: “Mêngko dhisik, ditalèni. Nyå. Wis dolan karo adhiné kono, tak adus sik, simbah sayah.”

Barêng wis pådhå bali linggihan, Naknik nyêdhaki êmbahné lanang, nuli ditakoni: “åpå, Nik, ndhêpèpèl simbah. Ngombé wédang.”

Naknik: “Êmoh. Anaké apik, yå, Êmbah.”

Êmbah lanang: “Iyå, bésuk ditukokaké maném sing gêdhé.”

Bangun têkå karo nggéréd grobag, banjur kåndhå karo adhiné: “Nik, anaké tunggangké grobag kéné, gé, tak gèrèdé. Linggihnå. Nah, ayo mlaku.”

Êmbah lanang: “Åjå rikat-rikat, anaké mundhak tibå, adhiné bèn tutaké. É, nganggo topi barang, Bangun ki.”

Ibuné: “Mênikå rak pamér, mêntas dipuntumbasakên bapakipun.”

Barêng wis suwé anak-anakané Naknik arêp dijupuk,

[39] Bangun mênging: “Bèn, Nik, anaké åjå kok jupuk, bèn nunggang waé.”

Naknik: “Åjå, mundhak tibå, lårå mêngko.”

Bangun nggocèki anak-anakan karo brêkêncêngan: “Åjå, åjå, bèn.”

Sawisé mangkono banjur digåwå mlayu.

Naknik: “Êndi anakku.”

Ibuné: “Kékné, lé, kuwi rak dhekké Nik tå.”

Bangun: “Bèn nunggang.”

Êmbah lanang: “Hêm.”

Ibuné: “La karså dintên namung grêjêgan mawon.”

Êmbah lanang: “Wis, Ngun, dikékné, ênyå, gi lo, jêruk iki waé dokoknå grobagmu.”

Bangun: “Êndi, êndi, iyå jêruk waé.”

Naknik: “Aku iyå jêruk, jêruk, Bu.”

Ibuné: “Nyuwun simbah, ndhodhok, piyé.

Naknik banjur ndhodhok sartå mandho karo muni: “Nyuwun, Êmbah.

Êmbah lanang: “ê, putuku wédok wis biså båsa. Ênyå, ênyå.”

Bocah loro banjur rukun dolan maném. Barêng wis a-
[40] doh karo êmbahné, Bangun calathu: "Nik, jêruké pêcahên."
Naknik: "Êmoh, tak ênggo dolanan waé kok."
Bangun: "Ora, mêngko tak keki gêntén. Êndi tak oncèkané, nah, ênyå iki kowé."
Naknik: "Aku mung thithik, mas akéh."
Bangun: "Mêngko nyuwun simbah maném, yå, Nik, yå, lêgi, yå."
Naknik: "Ê....., jêrukmu êndi, Mas."
Bangun: "Jêrukku ånå ing grobag, sésuk dipêcah."
Naknik: "Aku arêp nyuwun simbah maném."
Bangun: "Aku iyå."
Bocah loro banjur pådhå marani êmbahné.

VII
Mlaku-mlaku

Êmbahné Bangun lanang wédok barêng wêruh putu-putuné wis pådhå waras, pådhå bungah atiné.

Ing wayah soré sawisé pådhå adus, êmbahné Bangun lanang wédok pådhå linggihan ånå ngarêpan nyawang putu-putuné wis pådhå rêsik.

Êmbah lanang calathu mênyang êmbah wédok: "sukur bocah-boch wis pådhå mari. Ayo pådhå mlaku-mlaku, soré-soré langité padhang. Ayo, Ngun. Ayo, Nik."

Bangun: "Ayo, ayo, aku wis bêtah mlaku dhéwé, Nik durung."
Êmbah lanang: "Naknik bén digéndhong êmbah wédok, kowé tak kanthi. Ayo Êmbah, Naknik géndhongên."
Bangun: "Aku wêdi asu, yén nyakot. Gug, gug, yèn jêgog, Êmbah."
Êmbah lanang: "Mulå kéné, tak kanthi waé, åjå mlaku dhéwé."
Naknik: "Mas wêdi asu, yå, Êmbah."
[42] êmbah wédok: "e....., kowé wani."
Naknik: "Êmoh. Kuwi åpå, Êmbah."
Êmbah wédok: "Kêmbang."
Naknik: "Kêmbang åpå, Êmbah."
Êmbah wédok: "Kêmbang pêlêm."
Naknik: "Énak, Êmbah."
Êmbah wédok: "Énak."
Naknik: "Lah, kuwi åpå, Êmbah."
Êmbah wédok: "Banyak."
Naknik: "Nyakot, Êmbah."
Êmbah wédok: "Iyå, yèn ånå cah nangis."
Naknik: "Aku ora nangis, Êmbah."
Êmbah wédok: "Ora wé, juwèh têmên. Åpå-åpå ditakonké."
Êmbah lanang: "Kuwi rak såkå kudu-kuduné caturan."
Êmbah wédok: "Yå pancèn juwéh. Simbah kêsêl. Dhun yå, Nik, mêngko géndhong maném. Sémilah, (bismillah). Ayo tak kanthi."

Bangun: “Ayo tak kanthi, Nik.”
Êmbah lanang: “Pinggir waé, yèn ånå dhokar.”
Bangun: “Kaé ånå, Êmbah, jing, jing.”
[43] Êmbah lanang: “Ayo ndêlok sêdhélå. Wis sak kéné waé.”
Bangun: “Aku dhêmên, Êmbah. Nik, mungsik, Nik.”
Naknik: “Aku êmoh.”
Êmbah wédok: “Nik wêdi, kéné tak géndhong.”
Êmbah lanang: “Kono, êmbah, putuné jajaknå, mêngko dipangan ånå ngomah.”
Êmbah wédok: “Soré-soré thikan puthu bumbung, wah lagi ditumplaki.”
Nalikå wêruh sawo mênil Bangun banjur nudingi karo calathu: “Aku njaluk kuwi.”
Êmbah lanang: “Njaluk åpå kuwi.”
Êmbah wédok: “Njaluk sawo mênil.”
Êmbah lanang: “Tukoknå liyané waé, kuwi matuki.”
Bangun: “Aku wis ora watuk, Êmbah, ngombé jamu dhéwé yå gêlêm, yén Naknik onthél.”
Êmbah wédok: “Ênyå gi lo, gêdhang waé.”
Naknik: “êmoh.”
Êmbah lanang: “Wis tukoknå siji waé, kanggo tåmbå kêpêngin, åjå suwé-suwé ånå kono mundhak mêméngin bocah.”
[44] Êmbah wédok: “Nyå, nyå, siji. Kowé iyå, Ngun.”
Bangun: “Iyå, sing gêdhé dhéwé.”
Êmbah lanang: “Bangun ora busuk, wis ayo êndang mulih.”
Bangun: “Wis pêtêng, Êmbah, tingé wis disumêd, padhang yå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Kowé kêsêl ora, Ngun.”
Bangun: “Ora, aku nyang pasar bêtah mlaku, karo sibu. Êmbah, êmbah, kowé dhuwur, êmbah wédok iyå.”
Êmbah lanang: “Kuwi layangan, kowé yå dhuwur.”
Bangun: “Kowé tak idak **layanga**$(\boldsymbol{n})^{\mathbf{1}}$**mu** yå lårå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Hadho, lårå, lé, åjå.”
Bangun: “Kowé yå lårå, Êmbah wédok.”
Êmbah wédok: “Iyå.”
Bangun: “Ayo, Nik, tak kanthi, mlaku waé.”
Êmbah wédok: “åjå ah, wis pêtêng, bén, Nik tak géndhongé.”
Êmbah lanang: “Ayo, Ngun, tak pondhong, dalané pêtêng.”
Satêkané ngomah êmbah lanang mênggéh-mênggéh. Barêng ibuné Bangun wêruh banjur calathu: “Pak, laré sampun agêng kok sampun dipungéndhong. Gu lo, simbah nganti mênggéh-mênggéh. Mêdhun, lé.”
Êmbah lanang: “Bèn tå, wiwit mangkat, mlaku waé, mung tak géndhong sadhélå.”
Naknik kåndhå karo ibuné: “êmbah wédok tuku panganan, aku duwé sawo.”

Ibuné: “Êndi aku njaluk.”
Naknik: “Sawoné oncèk, Bu.”
Ibuné: “Êndi tak oncèkané.”
Êmbah wédok: “sawomu êndi, Ngun.”
Bangun: “Wis ênték.”
Êmbah lanang: “Géné wis dipangan ånå ing dalan.”
Naknik: “Sawoku ijèh yå, êmbah. Sésuk tuku manéh.”
Êmbah wédok: “Iyå, sésuk tuku sing akéh.”

VIII
Madhangan

Ing wayah awan ibuné Bangun sawisé rampung anggoné tåtå mangan, banjur calathu mênyang Nik: “Nik, êmbah diaturi dhahar.”

Naknik banjur mênyang ngarêpan, satêkané ngarêpé êmbah lanang banjur kåndhå: “Êmbah dhahar.”

Êmbah lanang: “Gi lo, êmbah wédok, diaturi dhahar Naknik.”
Êmbah wédok: “Cah ayu wis biså tåtå dhahar. Cah-cah åpå wis pådhå mangan dhisik.”
Ibuné: “Sampun, manawi botên kapurih nêdhå rumiyin mindhak ngrêsahi.”
Êmbah lanang: “Bèn pådhå ngadhêp tå, énake wong madhang yèn kalumpukan karo anak putu. Êndi Bangun.”
Êmbah wédok: “Ngun.”
Bangun mangsuli såkå kadohan: “Åpå, Simbah.”
Émbah wédok: “Lagi åpå. Iki lo ditimbali êmbah lanang, ngadhêp.”
Bangun: “Madhang.”
[47] Embah lanang: “Kéné ngalih ngomah, kåyå åpå yèn madhang. Nah kéné, kowé wis imbuh.”
Ibuné: “Sampun kaping kalih.”
Êmbah wédok: “Imbuh maném.”
Bangun: “Hê êh, karo iwak.”
Êmbah wédok: “Géné isih njaluk imbuh.”
Êmbah lanang: “Bèn kétok tå. Yén wis warêg rak ora nggranyah. Nik piyé, wah antêng.”
Ibuné: “Nik manawi sampun tuwuk botén ajéng punåpå-punåpå. Laré éstri bédå kaliyan laré jalêr.”
Naknik: “Mêngko aku nyuwun gêdhang.”
Êmbah lanang: “Iyå, iyå, paringånå, Êmbah.”
Êmbah wédok: “Ênyå, gêndhuk. Wah antêngé.”
Bangun lèrèn anggoné mangan karo calathu: “Ora ênték.”
Ibuné: “Niyat wis kakèhyên.”
Bangun: “Aku yå gêdhang.”
Bapakné: “Nah, rak méri adhiné, sêlak kêpéngin gêdhang, sêgané niså. Nyå.”

Bangun: “Bu, bu, Mujiya kek kånå madhang.”
Ibuné: “Êndi, kon réné. Ya, Ya.”
Barêng Mujiya têkå, ibuné Bangun kåndhå karo êmbah la-
[48] nang: “Mênikå kancanipun dolan Bangun.”
Êmbah wédok: “Kek kånå, bèné srêgêp dolan karo anakmu.”
Sawisé rampung anggoné pådhå mangan, êmbah lanang banjur linggihan ånå ngarêpan, lèyèh-lèyèh ånå kursi malês.
Êmbah lanang calathu: “Wah isis, pênak lungguh ngarêpan. Nik simbah jupuknå slêpén, ånå dhuwur bantal, kéné, wé prigêl kanggo ndhodhok, rékké êndi. O, wis ênték.”
Ibuné: “Ngun simbah dipundhutaké rék.”
Bangun: “Karo Mujiya.”
Êmbah lanang: “Mêngko lé tuku adoh.”
Ibuné: “Botên cêlak mawon.”
Bangun: “åpå, Bu.”
Ibuné Bangun ngulungi dhuwit bolong karo calathu: “Rèk, yå.”
Bangun: “Kabéh.”
Ibuné: “Ora, mêngko jujul rong sèn.”
Bangun: “Jujul loro.”
Ibuné: “Bangun punikå bodho sangét, déréng sumêrêp ing étang.”
[49] êmbah lanang: “Jujulé mengko sitok édhing karo Mujiya.”
Bangun: “Iyå. Ayo, Ya, mêngko tak kèki sitok.”
Ora suwé Bangun wis têkå nggåwå rèk, nuli diulungaké êmbahné karo calathu: “Nyå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Dhuwitmu êndi.”
Bangun: “Ora dikéki.”
Êmbah lanang: “Kowé ora njaluk jujul.”
Bangun: “Ora, aku njaluk prêmén, Mujiya iyå.”
Êmbah lanang: “Hah, hah, badhut, badhut.”

IX
Ndolani Putu

Ing wayah ésuk, êmbah wédok karo ibuné Bangun pådhå mênyang pasar, bapakné Bangun mênyang pêgawéyan, êmbah lanang kari ånå ngomah dhéwé, ndolani putuné.
Êmbah lanang: “Kéné, kéné. Sibu karo êmbah wédok lagi nyang pasar. Dolan karo simbah waé.”
Bangun: “Aku duwé bal, ayo bal-balan, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Aku ora biså.”
Bangun: “Aku nêndhang, kowé yå nêndhang. Kåyå bapak kaé néh.”
Êmbah lanang: “Ayo, ayo.”
Bangun: “Kowé ngadêg kéné. Aku kånå. Nah, nêndhang, êmbah. O, simbah ora biså. Wis, têndhang, êmbah. Ora, kênå tak têndhang, simbah kalah.”

Êmbah lanang: “Aku wis kêsêl. Gu lo Nik linggih dhéwé. Kéné, Nik.”

Naknik: “Pasaran, Êmbah.”

Êmbah lanang: “Wélah, åpå tå, pasarané.”

[51] Naknik: “Gudhêg pohung, Êmbah.”

Êmbah lanang: “Iyå, iyå, nyå. Wis kéné pasaran, kéné, Ngun, tak muruki nggambar êndhas.”

Êmbahné banjur gawé undêr-undêr karo muni: “Ngéné: O O O.”

Bangun: “Aku iyå biså, Êmbah: O O O.”

Êmbah lanang: “Kéné gi lo, nyå, potlot, gawé ing dluwang, kéné.”

Bangun: “Biså, Êmbah, aku.”

Êmbah lanang: “Iki dikêbaki.”

Ora suwé sing mênyang pasar têkå, Naknik sing wêruh dhisik banjur alon-alon: “sibu têkå, sibu têkå, oléh-oléh.”

Bangun: “Aku iyå, Bu, êndi Bu, Bu, aku biså gawé êndhog, lah iki.”

Ibuné: “O, simbah mau ndolani bocah-bocah.”

Êmbah lanang: “Aku dijak bal-balan Bangun nganti mênggèh-mênggèh.”

Ibuné: “Ora gênah, jêbul êmbahné dijak bal-balan.”

Bangun: “Simbah kalah.”

Êmbah wédok: “Nyå, Nik, timun go anak-anaké.”

Naknik: “Sléndhang, Bu.”

[52] Ibuné: “Nyå, kowé panganan Ngun, kowé iyå, Nik.”

Bangun banjur dolan, déné Naknik banjur ngêmban anak-anakané timun, karo sindhénan: “La, lélå, lélå lélå.”

Êmbah lanang: “Ih olèhé nglélå-lélå anaké nganggo mégal-mégol.”

Naknik: “Anaké wis bobuk, Êmbah.”

Êmbah lanang: “Iyå. Wis turonå.”

Naknik sawisé nurokaké anak-anakané timun **banju**$(\boldsymbol{r})^{\mathbf{2}}$ dolan, katému Bangun.

Bangun takon: “Nik, êndi anakmu.”

Naknik: “Bubuk.”

Bangun: “Nik, Nik, anaké dibêléh waé yå.”

Naknik: “åjå, nangis mêngko.”

Bangun: “Ora mêngko dipangan. Êndi tak irisé.”

Naknik nurut, nuli njupuk timuné sartå diulungaké Bangun, Bangun banjur golék lading. Baréng timuné diiris, sing sairis diwènèhaké Naknik, calathuné: “Nah, nyå kowé sêparo.”

[53] Ibuné barêng wêruh banjur nyrêngêni: “êlo, anaké thik dipêcah. Dhék, Bangun sing marahi.”

Bangun ora mangsuli mung mênêng baé.

Ibuné: “Wis dolan kéné, åjå grêjêgan.”

Bocah loro banjur dolan ånå ngarêpan. Ora suwé Bangun wêruh bapakné têkå. Bangun mlayoni karo calathu: “Bapak têkå, têkå. Pak aku biså gawé êndhas. Simbah sing muruki. Lah iki, akéh.”

Bapakné: “Élah, ora gênah, layang wacan jaré diorèk-orèk.”

Êmbah lanang: “Iki mau mêntas tak wåcå. Aku kêturon, jêbul digrumut anakmu, diêndhogi.”
Bapakné: “Iki lawang-lawang pådhå diorèk-orèk arêng. Kowé, Ngun, sing gawé.”
Bangun: “Iyå. Aku karo Nik yå gawé.”
Naknik: “Apik, Pak, êndhog, lah iki.”
Bapakné: “Élah, urung bantal pådhå irêng kabéh.”

X
Klayu

Séjé dinå êmbahné Bangun arêp bali mulih mênyang Nagårå. Ibuné Bangun ésuk-ésuk wis nggugahi anak-anaké: “Ayo, dhå tangi, ndhérékaké simbah, kondur.”
Bangun: “Aku mélu.”
Êmbah lanang: “Iyå, nyang sêtatsiyun.”
Bangun: “Êmoh, yå mélu mênyang Nagårå.”
Bapakné: “Suk, yèn wis gêdhé, sêkolah, ndhèrèk simbah, karo Nik.”
Bangun: “Aku yå wis gêdhé.”
Êmbah lanang: “Iyå, iyå, mélu simbah.”
Bangun: “Êndi, aku tak gawé têkêné simbah. Ayo, simbah.”
Êmbah lanang: “Bèn tå, suk yén wis agal bén ånå Nagårå. Ayo, ayo pådhå mangkat, karo mlaku-mlaku.”
Satékané ing sêtatsiyun êmbah lanang banjur mapan linggih ånå palérénan, karo calathu: “Wis, dhå linggih kéné, åjå cêdhak-cêdhak ril.”
[55] Bangun: “Mêngko nunggang sêpur, yå, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Iyå.”
Bangun: “Aku dhêmên nunggang sêpur, jos, jos.”
Êmbah wédok: “Nyå, nndhuk, anakmu êmbanên, sêpuré wis têkå.”
Ibuné: “Ayo, Nik, mélu sibu.”
Naknik: “Êmoh, milu simbah waé.”
Ibuné: “Simbah arêp tuku panganan. Ga lo, sêpuré têkå. Ayo.”
Êmbah lanang: “Bapakné kuwi, Bangun iki gocékan, sêpuré wis têkå.”
Bangun: “Êmoh, êmoh. Milu simbah.”
Naknik: “Milu simbah, milu simbah.”
Barêng sêpuré wis têkå, êmbah lanang karo êmbah wédok pådhå arêp munggah, êmbah lanang calathu: “Wis, slamêt, slamêt.”
Bapakné: “Sampun tå kulå aturi munggah.”
Êmbah lanang anguk-anguk såkå jêndhélå karo muni: “Wis slamêt.”
Êmbah wédok: “Kari slamêt.”
Sêpur banjur nyuwårå sêndhit, grêg, grêg, mlaku.”
Bangun: “Simbah, Simbah.”
Naknik: “Simbah, Simbah.”
[56] Bapakné: “Wis, wis, simbah wis kondur. Ayo mulih, mênêng, mênêng.”

Ibuné: "Wis, dhå mênêng."
Bapakné: "Ayo dhå ndhokar waé."
Bangun: "Aku linggih ngarêpan, Pak."
Bapakné: "Iyå, gocèkan sing kêncêng."
Naknik: "Milu simbah."
Ibuné: "Simbah sésuk bali. Gilo wis nunggang dhokar."

Turut dalan Naknik isih nangis baé. Diênêng-ênêngi ora gêlêm mênêng, pijêr muni milu simbah.

Bapakné nuli calathu: "Wis ayo pådhå mênyang pasar waé, tuku dolanan. Kowé ditukokaké åpå, Nik."
Bangun: "Anu waé, Nik, tuku jêruk."
Naknik: "Êmoh."
Ibuné: "é, anu yå cah ayu, tuku sawo, mêngko didum karo Kuncung."
Naknik: "Aku loro."
Bangun: "Aku yå loro."

[57] Bapakné Bangun bisik-bisik: "Mênêngå waé, Ngun, mêngko tak tukokaké dhéwé."
Bangun: "Ånå kaé sing gêdhé-gêdhé."
Bapakné: "Iyå."
Bangun: "Bu, aku arêp ditukokaké sawo bapak, gêdhé-gêdhé."
Ibuné: "Kowé yå gêdhé-gêdhé, yå, Nik."
Naknik: "Hêêh."

Satêkané pasar, bocah loro banjur ditukokaké sawo karo jêruk, pådhå sênêng atiné. Barêng Naknik wis kétok rapih, banjur pådhå mulih. Nanging sadhélå-sadhélå Naknik isih takon êmbahné baé. Wusånå séjé dinå banjur lali.

Lêt sêpasar bapakné Bangun tåmpå layang såkå êmbah lanang, awéh wêruh mungguh kaslamêtané lakuné.

Barêng bocah-bocah krungu ånå layang såkå êmbah lanang, banjur pådhå takon, bapakné nuli rékå-rékå måcå layangé. Anggoné muni: "Bangun åjå nakal, åjå sok ngladaki adhiné, åjå dhêmên jajan. Naknik åjå sok nangis, yén mangan sing akéh, åjå dhêmên pasaran."
Bangun: "Yén aku dolan éntuk, Pak."
Bapakné: "Ora éntuk, lah iki rungoknå: Bangun å-

[58] jå dhêmên dolan, yèn panasan jamonånå. Bésuk yèn aku tilik mréné, Naknik tak olah-olahi cêthing cilik, Bangun grobagan cilik, karo êndhas pitik."
Bangun: "Ora, yèn simbah mréné aku arêp diolèh-olèhi grobagan karo êndhas pitik."

XI
Ngingu Pitik

Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: "Gi lo, Ngun, tak $< t >^{3}$**uko**$(k)^{4}$**aké** pitik, kowé iyå, Nik, siji."
Bangun: "Kurungi, mêngko ngêndhog."

Naknik: “Pitikku yå ngêndhog.”

Ibuné: “Yèn ngêndhog ditêtêské.”

Bangun: “Êh, digoréng.”

Ibuné: “Kuwi, patut, ditêtêské, bèn akeh.”

Bangun: “Iyå, iyå, pitikmu iyå, Nik.”

Naknik: “Pakani, Bu.”

Bangun banjur njupuk bêras, dibyuraké ing jêron kurungan karo bungah-bungah sartå alok: “Itiké mangan bêras. Atho, tanganku dipangan pitiké. Iki, iki.”

Ibuné: “Nah, rak dithothok. Wis tå, åjå cêdhak-cêdhak.

Åjå cêdhak-cêdhak, Nik.”

[60] séjé dinå pitiké Bangun méméti arêp ngêndhog. Barêng Bangun wêruh pitiké mlêbu pawon, banjur kåndhå karo ibuné: “Bu, Bu, pitiké mlêbu pawon.”

Ibuné Bangun mangsuli karo ngingêtaké pitiké: “O, arêp ngêndhog.

Naknik: “Thékku, iyå.”

Ibuné: “Mêngko tak gawékaké pêtarangan. Tak cêkêli, wis tognå waé, tak tutupané kukusan.”

Bangun: “Bu, pitiké njaluk mêtu.”

Ibuné: “Bukakên tå.”

Bangun: “Bu, Bu, ånå êndhogé. Iki gi lo.”

Ibuné: “Tognå waé. Sésuk rak ngêndhog maném wis pakanånå.”

Nuju wayah jam sångå ésuk, ibuné Bangun wêruh Bangun thênguk-thênguk ånå tritis banjur takon: “Kowé lagi åpå, Ngun, thênguk-thênguk ånå tritis.”

Bangun: “Nunggu pitikku ngêndhog.”

Ibuné: “Bocah bodho, kuwi rak pitik kipu. Tilikånå tarangan kånå. Wis pirå êndhogé.”

Bangun: “Bu, Bu, wis akéh. Pitiké wis arêp ngêndhog maném.”

Barêng ibuné Bangun niliki, wêruh pitiké wis angrêm,

[61] Banjur kåndhå: “O, wis angrêm, pirå êndhogé. Ji, ro, lu, pat, ma..... o, sångå.”

Bangun: “Wis angrêm, Bu.”

Ibuné: “Iyå, bésuk mêtu anaké.”

Bangun: “Aku dhêmên pitik cilik, Bu. Pitiké Nik bésuk yå ngêndhog, yå, Bu.”

Ibuné: “Iyå wis åjå cêdhak-cêdhak, yèn kênå gurêm.”

Barêng wis ngarêpaké têlung jêmuwah, ing wayah ésuk krungu ånå swårå kiyik-kiyik, ibuné Bangun kåndhå: “Ngun, pitiké wis nêtês, wé, nêtês kabéh. Ayo didhunaké. Kéné, kéné, kok tampah diintêri: gagak picak, wulung bingung, gagak picak, wulung bingung.”

Bangun: “Anaké cilik-cilik, aku dhêmên bangêt.”

Ibuné: “Åjå cêdhak-cêdhak kurungan, yèn dithothol.”

Bangun: “Nik, apik, yå. Ga lo kaé putih, sing njaluk géndhong kaé irêng. Kowé dhêmên, Nik.”

Naknik: “Iyå, aku njaluk yå, Mas.”

Bangun: “Siji Nik, Nik gi lo tak cêkêl, kênå, nyå, cêkêlên, nah-nah aku

nyêkêl maném. Ayo dolan, Nik, pitiké digåwå."

Bocah loro banjur pådhå dolan. Ora suwé wêruh Mujiya klédhang-klédhang. Bangun banjur marani karo kåndhå:

[62] Ilustrasi

[63] Mujiya: "Aku duwé pitik, Nik iyå."

Mujiya: "Lé tuku êndi, Ngun."

Bangun: "Pitikku dhéwé. Aku dhêmên, Ya, sésuk tak kèki."

Naknik: "Aku dikéki siji, mas, êmbanå. Nyå, sléndhang."

Mujiya: "Kéné tak êmbané. Wis gocéki."

Bangun: "Dilélå-lélå, Nik."

Såkå kêsênêngan anggoné dolanan kuthuk, nganti pådhå ora kråså ngêléh., kråså-kråså barêng diundang ibuné.

Têmbungé ibuné: "Ngun, Nik, kéné dhå madhang. Nyå, iki ajangmu. Kowé iki, Nik, wis åjå ngrêjêgan. Sing diêmban kuwi åpå. É tobil, kuthuk, mêngko rak mati. Culké, gér, dimor biyangné.

Bangun: "aeng, Naknik, pitik kok diêmban, yèn aku yå ora, iki tak kanthongi."

Ibuné: "Olah, malah kêplêpêkên. Ndêlok kéné, lah rak tênan tå. Êndi dibalékaké. É bocah athik bonto-bonto têmên. Gi lo wis thilêk-thilêk. Wis åjå sok njupuk kuthuk maném, mundhak mati."

XII
Pisah lan Kåncå

Nuju sawiji dinå Bangun dolan ånå ing latar karo Naknik, ora suwé wêruh Mujiya dikanthi êmmbokné mårå dhayoh mênyang ênggoné ibuné Bangun, prêlu pamitan arêp ngalih mênyang Nagara. Satêkané ing kono, Mujiya kéri ånå latar, dolan karo Bangun.

Mujiya kåndhå nyang Bangun: "Ngun, Bapak arêp ngalih, Bangun, kowé yå milu."

Mujiya: "Iyå, nunggang sêpur adoh. Aku wis ditukokaké klambi anyar. Aku arêp disêkolahaké."

Bangun: "Aku bésuk yå sêkolah."

Naknik: "Aku iyå."

Bangun: "Saiki pitikku wis gêdhé. Iyå wis mêtu wuluné, yèn turu ndêlik ånå ngisoré êmmbokné."

Naknik: "Dhèk ingi ånå sing njaluk géndhong, njuk tibå."

Mujiya: "Pitikku wis dibêlèh, digoréng karo dipanggang, mêngko dipangan ånå sêpur."

[65] Bangun: "Dhék ingi sibu ya mbêlèh pitik, aku dikèki êndhasé."

Naknik: "Aku pupuné."

Mujiya: "Sing mbêlèh såpå, Ngun."

Bangun: "Bapak dhéwé."

Mujiya: "Yén aku tak bêlèhaké mênyang goné Pak Nawi, kaum."

Bangun: "Aku yå rånå. Dhèk ingi pak Nawi ora ånå, sing

mbêléh bapak dhéwé. Ånå kaé pitikku sing wédok ora dibêlèh, bèn ngêndhog."

Mujiya: "Ngésuk aku yå ngingu pitik mêné̊h."

Bangun: "Ayo, Ya nékêr rånå, nyå, tak silihi."

Mujiya: "Êmoh, Ngun, aku wis arêp mangkat."

Akéh-akéh Bangun wis ora pati sumanak, mung nggagas anggoné arêp lungan. Bangun tansah nyêdhaki. Mungguh wong ngatuwå, Bangun ngrasakaké susah arêp pisahan, nanging sarèhné bocah, kétoké mung kêkurangan gunêm.

Ora suwé êmbokné Mujiya mêtu, têrus arêp mangkat, satêkané ing latar banjur calathu: "Wis yå, gus, Mujiya arêp ngalih, saiki sudå réwangé dolan."

Bangun mênêng baé. Mujiya iyå mênêng baé, mung banjur kinthi-

[66] l mélu êmbokné. Bangun mung tansah nyawang Mujiya, lakuné wis adoh isih ngêtaké baé. Suwé-suwé Bangun banjur kliwir-kliwir mulih, kåndhå karo ibuné, têmbungé: "Bu, Bu, Mujiya wis mélu êmbokné, arêp sêkolah, aku yå sêkolah, bu."

Ibuné: "Suk sêkolah ånå goné simbah."

Ibuné Bangun nyawang anaké karåså mêlas, kétok kajog atiné, pijér dhélég, mangan ora pati doyan, nganti sawåtårå dinå mung ngundhêr ånå ngomah baé.

XIII
Mênyang Enggoné Simbah

Wis suwé bapakné Bangun anggoné ngrêmbug prêkårå nyêkolahaké anaké. Saiki wis wayahé, mulå arêp dipasrahaké mênyang Nagara.

Barêng wis kêndhêl rêmbugé, ing wayah soré bapakné Bangun ngandhani Bangun. Têmbungé: "Ngun sésuk tilik simbah."

Bangun: "Sésuk, Pak, aku milu."

Bapakné: "Iyå, karo sibu, karo Naknik, nunggang sêpur."

Bangun bangêt ing bungahé, banjur lunjak-lunjak karo muni: "Tilik simbah, nunggang sêpur."

Ing wayah soré, wong tuwané Bangun wis pådhå tåtå-tåtå gawan lan oléh-oléhé, sadhélå-sadhélå Bangun tansah njunjungi bakal gawané. Ora såkå arêp ngréwangi, mung såkå bungahé, nuli salin nganthi adhiné, dikandhani yén arêp tilik simbah.

Jam sångå bêngi Bangun durung turu, tansah nyêdhaki ibuné,

[68] kang diéling-éling mung anggoné arêp tilik êmbahné baé.

Ibuné: "Wis, Ngun, turua, wis bêngi."

Bangun: "Sésuk mangkat, Bu."

Bangun mapan turu.

Jam limå ésuk ibuné lan bapakné Bangun wis rampung oléhé dandan, banjur nggugah anak-anaké arêp dirêsiki, nanging Bangun wis kêlop-kêlop mêlék.

Ibuné takon: "Kowé wis tangi, Ngun."

Bangun: "Uwis, Naknik durung."

Ibuné: “Kéné tak salini klambi.”

Ibuné Bangun barêng wis rampung anggoné ndadani Bangun ganti nggugah Nik, barêng wis tangi iyå nuli didandani.

Sawisé rampung, bapakné Bangun banjur ajak-ajak mangkat. Têmbungé: “Wis ayo mangkat, mêngko kawanên.”

Satêkané sêtatsiyun nuli tuku karcis, ora suwé sêpuré têkå, kabéh pådhå munggah, Bangun milih panggonan sacêdhaking jêndhélå. Barêng sêpur wis mlaku, Bangun tansah tatakon.

Bangun: “Pak, Pak, kêbo, bocahé nunggang, aku yå wani. Aku sênêng numpak sêpur.”

[69] Bapakné: “Wis tå åjå manglung-manglung.”

Bangun: “Linggih ora kétok, Pak.”

Bapakné: “Wis, tak gocèki.

Bangun: “Pak, Pak, sépur mandhég. Ora midhun, Pak.”

Bapakné: “Mêngko ijéh adoh. Mêngko simbah rak mêthuk.

Barêng wis oléh têlung êndhêgan maném, têkan sêtatsiyun Nagara. Sêpur sadurungé mandhêg, Bangun wêruh êmbahné. Bangun nuli alok-alok: “Simbah, simbah, pak, simbah, ga lo, kaé.”

Ora suwé êmbah lanang wis kétok nyêdhaki jêndhêlå karo takon: êndi bocah-bocah. Banjur mapag ånå ing lawang karo ngacungaké tangané, calathuné: “Kéné, sêmilah. Karo mbopong Bangun.”

Bangun: “Êmbah aku nunggang sêpur.”

Naknik: “Aku iyå.”

Êmbah lanang: “Ayo pådhå nunggang dhokar. Aku tak ånå kusiran karo mangku Bangun.”

Bangun: “Dhokaré ora rikat kåyå sêpur, Êmbah.”

Satêkané ngarêp pomahan, sawise dhokar dikon mandhêg, êmbahné banjur calathu: “Wis, wis mêdhun.”

[70] Ilustrasi

[71] Bangun: “Lah kaé êmbah wédok. Êmbah, Êmbah, aku. . . . . .”

Bapakné: “Bangun ki rak arêp kåndhå lé nunggang sêpur. Cah déså.”

Êmbah wédok: “Kowé mau nunggang sêpur, Ngun, kowé iyå, Nik.”

Bangun: “Êmbah, sêpuré rikat.”

Naknik: “Aku yå nunggang sêpur rikat.”

Sawisé saréhan, êmbah lanang ngandhani Bangun. Têmbungé: “Wis, Ngun, kowé wis gêdhé, mélu simbah waé, sêkolah.”

Bangun: “Iyå, sêkolah kåyå Mujiya.”

Bangun ånå Nagara sawatårå sasi, banjur dilêmbokaké sêkolah. Kabênêran ånå sêkolahan kono kêtêmu Mujiya, ugå wis sêkolah. Bangun lêstari mimitran karo Mujiya.

Tamat

Suntingan Edisi Standar Teks Bangun-Naknik

Isiné **Kåcå**

I. Kahanané Bocah Sajroné Sadinå Sawêngi.....3
II. Katrêsnaning Kakancan.....11
III. Mênyang Pasar.....17
IV. Udan-udan.....22
V. Låråå.....27
VI. Êmbahné Tilik.....35
VII. Mlaku-mlaku.....41
VIII. Madhangan.....46
IX. Ndolani Putu.....50
X. Klayu.....54
XI. Ngingu Pitik.....59
XII. Pisah lan Kåncå.....64
XIII. Mênyang Enggoné Simbah.....67

Aparat kritik inggih mênikå wujud tanggél jawab panaliti ingkang damêl *suntingan teks Bangun-Naknik*. Ingkang kalêbêt suntingan inggih mênikå nambahi, ngirangi utawi nggantos aksårå, wandå, såhå têmbung. Anggénipun *nyunting* dipunjumbuhakên kaliyan *kontekstual teks, Baoesastra Djåwå* (Poerwadarminta), *Kamus Lengkap Bahasa Jawa* (Sudarmanto).

Asiling *aparat kritik* dipunsêrat mawi *tabel.* Lajêng dipunandharakên malih ing ngandhapipun tabél. Ancasipun inggih mênikå supados pamaos langkung paham *suntingan* ing *teks Bangun-Naknik*. Aparat kritik *teks Bangun-Naknik* kasêrat wontên ing tabel ngandhap mênikå:

Tabel 28. ***Aparat Kritik Teks Bangun-Naknik***

No.	*Transliterasi Standar*	*Suntingan*	Sasampunipun dipun-*sunting*	Katrangan
1.	layangamu	**layanga**$(\boldsymbol{n})^{\mathbf{1}}$**mu**	layanganmu	Kåcå 44 larik 12
2.	banju	**banju**$(\boldsymbol{r})^{\mathbf{2}}$	banjur	Kåcå 52 larik 11
3.	kukoaké	$<\boldsymbol{t}>^{\mathbf{3}}$**uko**$(\boldsymbol{k})^{\mathbf{4}}$**aké**	tukokaké	Kåcå 59 larik 5

Tabel ing nginggil inggih mênikå tabel ingkang ngêwrat asiling *aparat kritik* ingkang wontên *ing teks sêrat Bangun-Naknik* kanthi ringkês. Salajêngipun andharan saking tabel badhé dipunandharakên malih supados langkung cêthå. Wondéné pirêmbagan mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Layangamu (kåcå 44, larik 12) dipun-*sunting* dados layanganmu

Pêthikan *teks* ing ngandhap mênikå ngandharakên bilih Bangun nyuwun pirså kaliyan simbah manawi midak layanganipun sakit mênåpå botên. Têmbung layanga botên kapanggihakên ing Purwadarminta (1939), wontênipun inggih mênikå têmbung layangan. Pramilå têmbung layanga botên jumbuh kaliyan *konteks* ukaranipun. Ingkang trêp têmbung layanga menikå dipuntambahi aksårå n satêmah mujudakên têmbung layangan. Layangan utawi wayangan têgêsipun ora kêna kêpidak (Poerwadarminta, 1939: 256). Wondéné pethikan *teks*-ipun kados ing ngandhap punika.

> Bangun: "Ora, aku nyang pasar bêtah mlaku, karo sibu. Êmbah, êmbah, kowé dhuwur, êmbah wédok iyå."
> Êmbah lanang: "Kuwi layangan, kowé yå dhuwur."
> Bangun: "Kowé tak idak **layanga**$(\boldsymbol{n})^{\mathbf{1}}$**mu** yå lårå, Êmbah?"

Bangun: “Tidak, aku pergi ke pasar bisa jalan sendiri, sama ibu. Kakek, Kakek, kamu tinggi, Nenek juga.”
Kakek: “Itu bayangan, kamu juga tinggi.”
Bangun: “Kamu aku injak bayanganmu juga sakit, Kek?”

2. banju (kåcå 52, larik 11) dipun-*sunting* dados banjur

Têmbung banju botên kapanggihakên wontên ing Purwadarminta (1939). Manawi dipuntingali têmbung banju botên jumbuh kaliyan *konteks*-ipun inggih mênikå sasampunipun Naknik nilêmakên anak-anakané kalajêngakên dolan. Awit saking mênikå têmbung banju dipun-*sunting* kanthi cårå nambahi aksårå r satêmah dados têmbung banjur. Banjur têgêsipun nuli utawi satêrusé (Poerwadarminta, 1939: 28). Wondéné pethikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

Naknik: “Anaké wis bobuk, Êmbah.”
Êmbah lanang: “Iyå. Wis turonå.”
Naknik sawisé nurokaké anak-anakané timun **banju**$(\boldsymbol{r})^{\mathbf{2}}$ dolan, katému Bangun.

Naknik: “Anaknya sudah tidur, Kakek.”
Kakek: “Iya. Sudah ditidurkan. “
Setelah Naknik menidurkan boneka timunnya lalu bermain, bertemu Bangun.

3. kukoaké (kåcå 59, larik 5) dipun-*sunting* dados tukokaké

Têmbung kukoaké botên dipunpanggihakên têgêsipun ing Purwadarminta (1939). Kanthi nggatosakên *konteks* ukaranipun såhå têmbung sacandhakipun têmbung kukoaké botên jumbuh. Ingkang trêp inggih mênikå aksårå k ing wiwitaning têmbung kukoaké dipungantos aksårå t satêmah dados têmbung tukokaké. Têmbung tukokaké asalipun saking têmbung linggå inggih mênikå tuku, têgêsipun ngêpék baranging sanés dilironi dhuwit (Poerwadarminta, 1939: 611), lajêng angsal panambang –aké. Têmbung linggå ingkang pungkasanipun awujud

aksårå vokal såhå dipunparingi panambang –aké bakal owah dados –kaké (Sasangka, 2001 :73). Wondéné *konteks*-ipun kados ing ngandhap punika.

> Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: "Gi lo, Ngun, tak $<$ $\boldsymbol{t}$ $>^{\mathbf{3}}$**uko**($\boldsymbol{k}$)$^{\mathbf{4}}$**aké** pitik, kowé iyå, Nik, siji."
>
> Sepulang dari pasar ibunya Bangun membawa dua ekor ayam. Kemudian diberikan kepada anak-anaknya. Katanya: "Ini, Ngun, Ibu belikan ayam, kamu juga, Nik satu."

D. *Terjemahan* såhå Cathêtan *Terjemahan Teks Bangun-Naknik*

1. Asiling *Terjemahan*

Tabel 29: **Asiling *Terjemahan Teks* Bangun Naknik**

Asiling *Terjemahan Teks Bangun-Naknik*
Bangun: "Delmannya jalannya tidak cepat seperti kereta ya Kek."

Sesampainya didepan rumah, setelah delmannya berhenti, kakek kemudian berkata: "Sudah, sudah, turun."

[71] Bangun: "Lah itu Nenek. Nenek, Nenek, aku...."

Bapaknya: "Bangun kan mau bercerita tadi waktu naik kereta. Anak Desa."

Nenek: "Kamu tadi naik kereta Ngun? Kamu juga Nik?"

Bangun: "Nek keretanya cepat."

Naknik: "Aku juga naik kereta cepat."

Setelah beristirahat, kakek berkata kepada Bangun: "Sudah, Ngun, kamu sudah besar, ikut kakek saja, sekolah."

Bangun: "Iya, sekolah seperti Mujiya."

Bangun tinggal di Nagara untuk beberapa bulan, kemudian Bangun dimasukkan ke sekolah. Kebetulan di sekolahan bertemu lagi dengan Mujiya, yang juga sudah bersekolah. Bangun berteman dengan Mujiya selamanya.

Tamat

Asiling *Terjemahan Teks Bangun-Naknik*

Daftar Isi

Halaman

1. Kehidupan Anak selama Sehari Semalam…….
2. Rasa Sayang dalam Pertemanan……
3. Pergi ke Pasar……
4. Hujan-hujan……
5. Sakit……..
6. Simbah Menjenguk……
7. Jalan-jalan…….
8. Makan ……..
9. Mengasuh Cucu…….
10. Klayu……
11. Memelihara Ayam…….
12. Berpisah dengan Teman……..
13. Pergi ke Rumah Kakek dan Nenek…….

2. Cathêtan *Terjemahan*

Anggénipun damêl *terjemahan* mênikå wontên têtêmbungan saking båså sumbêr ingkang awrat manawi dipungantos dados båså sasaran. Awit saking mênikå wontên têmbung båså Jawi ingkang botên dipungantos dados båså Indonesia saénggå dipundamêl cathêtan *terjemahan*. Ancasipun supados pamaos tetep sagêd mangrêtosi isinipun *teks*. Têtêmbungan mênikå kasêrat wontên ing *tabel* kalajêngakên andharanipun ing sangandhapipun.

Tabel 30: Cathêtan *Terjemahan*

No.	Têmbung	Kåcå/Larik
1.	Sêpasar	57/11
2.	Sèn	20/6
3.	Slêpén	48/4

No.	Têmbung	Kåcå/Larik
4.	Tobil	26/13

a. Sêpasar inggih mênikå dintên ingkang cacahipun wontên gangsal inggih mênikå Legi, Paing, Pon, Wagé, Kliwon. Déné sêpasar inggih mênikå gangsal dintên saking dintên kålå wau (Poerwadarminta, 1939: 474).
b. Sèn inggih mênikå artå ingkang kadamêl saking tembågå, ajinipun 0,01 rupiah (Poerwadarminta, 1939: 550).
c. Slêpén inggih mênikå wadhah rokok ingkang dipundamêl saking namnaman méndong lsp (Poerwadarminta, 1939:568).
d. Tobil inggih mênikå têtêmbungan ingkang nuwuhakên umpatan satunggaling tiyang. Manawi dipuntêgêsi kanthi têgês ingkang sajatosipun, tobil inggih mênikå anak kadal (Poerwadarminta, 1939:617).

E. Pangrêmbag Bab Panggulawênthahing Laré Tiyang Jawi

Pangrêmbag bab panggulåwênthahing laré ing *sêrat Bangun-Naknik* kawahyakakên kanthi ringkês ing tabel ngandhap mênikå. Salajêngipun dipunandharakên malih mawi têtêmbungan supados langkung cêthå malih.

Tabel 31: **Panggulåwênthahing Laré miturut *Naskah Bangun-Naknik***

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
1.	Nêpangakên agami	1	6	Ibuné: "Iyå, kéné jakên madhang. Kéné, ya. **Wis kéné cah têlu amin-amin.** Lah Kuncung êndi."	Ibunya: "Iya, sini diajak makan. Sini, ya. **Sudah sini kalian bertiga berdoa.** Lah dimana Kuncung?"	Laré angsal nilai-nilai agåmi kados dêdonga sadèrèngipun nêdhå såhå matur bismillah sadèrèngipun nindakakên pakaryan wiwit saking alit supados sagêd dipundadosakên dhasar anggênipun tumindak ing pagêsangan.
		9	42	Êmbah wédok: "Yå pancén juwéh. Simbah kêsêl. Dhun yå, Nik, mêngko géndhong maném. **sêmilah, (bismillah).** ayo tak kanthi."	Nenek: "Memang ceriwis. Nenek capek. Turun ya, Nik, nanti gendong lagi. **Bismillah**. Ayo nenek gandeng."	
2.	Laré dipungladhi adus piyambak supados sagêd mandiri	11	8	Ibuné: "Ayo. Em rupamu nganti kåyå babi. Ayo adus." Bangun banjur digåwå mênyang sumur digrujugi. Naknik ditimbakaké ånå émbér, bungah ciciblonan. **Bangun wis biså kosokan dhéwé,**	Ibunya: "Ayo. Em mukamu sampai mirip babi. Ayo mandi." Bangun kemudian dibawa ke sumur dimandikan. Naknik diambilkan air didalam ember, senang bermain air. **Bangun sudah bisa**	Sikap *mandiri* laré sagêd dipungladhi mawi ngajari laré adus såhå nêdha piyambak. Laré ingkang sagêd nindakakên kagiyatan

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				nanging iyå durung biså rêsik. **Ibuné: "Rainé dikosoki, gu lo sabuné."** Bangun banjur kosokan nanging mung ing awak baé, tur ora rêsik sabunan rai ora gêlêm. **Ora wurung iyå diguyang ing ibuné, dikosoki awaké kojur nganti rêsik**. Bangun nangis. Naknik gêntini guyang iyå nangis. Sawisé pådhå didandani banjur pådhå dolan. Nanging ora adoh, mung ånå ing latar bae.	**membersihkan dirinya sendiri, tetapi ya belum bisa bersih.** **Ibune: "Mukanya dibersihkan, itu lho sabunnya."** Bangun kemudian sabunan tetapi hanya badannya saja yang disabuni, tetapi tidak bersih mukanya juga tidak mau disabuni. **Ujung-ujungnya juga dimandikan ibunya, disabuni badannya sampai bersih.** Bangun nangis. Naknik gantian dimandikan juga ikut menangis. Setelah sudah didandani kemudian mereka bermain. Tetapi tidak jauh, hanya bermain di teras saja.	padintênan piyambak gadhah mupangat supados sagêd tumindak tanpå gumantung kaliyan tiyang sanês. *K*
3.	Nginggah kéwan kanggé ngajari laré tanggél jawab	22	59	Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-	Sepulang dari pasar ibunya Bangun membawa dua ekor ayam. Lalu	Tanggél jawab sagêd dipuntuwuhakên wiwit saking alit.

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				anaké. Têmbungé: “Gi lo, Ngun, tak tukoaké pitik, kowé iyå, Nik, siji.” Bangun:“Kurungi, mêngko ngêndhog.” Naknik: “Pitikku yå ngêndhog.” Ibuné: “**Yén ngêndhog ditêtêské**.” Bangun: “éh, digoréng.” Ibuné: “Kuwi, patut, ditêtêské, bén akeh.” Bangun: “Iyå, iyå, pitikmu iyå, Nik.” Naknik: **“Pakani, bu.”** **Bangun banjur njupuk bêras, dibyuraké ing jêron kurungan karo bungah-bungah sartå alok: “itiké mangan bêras.** Atho, tanganku dipangan pitiké. Iki, iki.”	Diberi anak-anaknya. Katanya: ini, Ngun, ibu belikan ayam, kamu juga, Nik satu. Bangun: “Dikurungi, nanti biar bertelur.” Naknik: “Ayamku juga bertelur.” Ibunya: **“Kalau bertelur biar sampai menetas.”** Bangun: “Eh,digoreng.” Ibunya: “Itu biar menetas saja biar banyak.” Bangun: “Iya, iya, ayammu juga, Nik.” Naknik: **“Dikasih makan, Bu.”** **Bangun kemudian mengambil beras, ditebar didalam kurungan dengan riang serta berkata: “Ayamnya makan beras.**	Salah satunggal cårånipun inggih mênikå nginggah kéwan. Mupangatipun inggih mênikå supados laré sagêd tanggél jawab, gadhah empati såhå kêndêl kaliyan kéwan. Ananging nginggah kéwan kanggé laré alit ugi wontên kêkiranganipun inggih mênikå kêwan ingkang dipuninggah dipunanggè dolanan sarêmênipun. Pramilå anggènipun nginggah kéwan kêdah dipunawasi tiyang sêpuh.

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
					Aduh, tanganku dimakan ayam. Ini, ini.”	
		23	60	Ibuné: “**Mêngko tak gawékaké pêtarangan**. Tak cêkêli, wis tognå waé, tak tutupané kukusan.” Bangun: “Bu, pitiké njaluk mêtu.” Ibuné: “Bukakên tå.” Bangun: “Bu, Bu, ånå êndhogé. Iki gi lo.” Ibuné: “Tognå waé. Sésuk rak ngêndhog maném **wis pakanånå**.	Ibunya: **“Nanti ibu bikinkan sarang**. Ibu pegangin, sudah keluarkan saja, ibu tutup dengan kukusan.” Bangun: “Bu, ayamnya minta keluar.” Ibunya:“Buka tutupnya.” Bangun: “Bu, Bu, ada telurnya. Ini Bu.” Ibunya: “Dikeluarkan saja. Besok kan bertelur lagi, **sudah dikasih makan sana**”	
		24	63	Têmbungé ibuné: “Ngun, Nik, kéné dhå madhang. Nyå, iki ajangmu. Kowé iki, Nik, wis åjå ngrêjêgan. **Sing diêmban kuwi åpå. É tobil, kuthuk, mêngko rak mati. Culké, gér, dimor biyangné.**	Kata ibunya: “Ngun, Nik, sini makan. Sini, ini piringmu. Kamu ini, Nik, sudah jangan ribut. **Yang digendong kamu itu apa? E tobil, anak ayam, nanti mati. Dilepaskan, ger,**	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				Bangun: "aeng, Naknik**, pitik kok diêmban, yèn aku yå ora, iki tak kanthongi."** Ibuné: "Olah, malah kêplêpêkên. Ndêlok kéné, lah rak tênan tå. Êndi dibalékaké. É bocah athik bonto-bonto têmên. Gi lo wis thilêk-thilêk. Wis åjå sok njupuk kuthuk manéh, mundhak mati."	**dilepas bareng induknya."** Bangun: "Naknik, **ayam kok digendong, kalau aku ya tidak, ini aku masukkan kedalam kantong**." Ibunya: "Olah, malah tidak bisa bernafas. Lihat sini, lah kan benar. Sini dikembalikan. E anak kok ya bodoh-bodoh banget. Ini ayamnya sudah mau mati. Sudah ya jangan ambil-ambil anak ayam lagi, nanti mati."	
4.	Ngajari unggah-ungguh	6	39	Ibuné: **"Nyuwun simbah, ndhodhok, piyé**." Naknik banjur ndhodhok sartå mandho karo muni: **"Nyuwun, Êmbah."**	Ibunya: **"Minta ke kakek, jongkok, gimana."** Naknik kemudian jongkok serta menadahkan tangannya sambil berkata: "Mau, Kek."	Mawi unggah-ungguh båså, laré sagêd sinau ngurmati tiyang ingkang langkung sêpuh. laré kêdah dipunajari unggah-

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
		7	46	Ing wayah awan ibuné Bangun sawisé rampung anggoné tåtå mangan, banjur calathu mênyang Nik: **“Nik, Êmbah diaturi dhahar.”** Naknik banjur mênyang ngarêpan, satêkané ngarêpé êmbah lanang banjur kåndhå: **“Êmbah dhahar.”**	Siang hari setelah ibunya Bangun sudah selesai menyiapkan makan, lalu berkata kepada Nik: **“Nik, Kakek dikasih tau untuk makan.”** Naknik kemudian menuju depan rumah, sesampainya didepan kakek lalu berkata: **“Kek makan.”**	ungguh båså wiwit saking alit supados gadhah budi pekerti ingkang saé nalikå gêsang ing satêngahing masarakat.
5.	Ngginakakên gugon tuhon kanggé paring pitutur kanggé laré	2	7	Ibuné: “Wis êndang lap lêp diêntékké, Nik **mundhak mati kuthuké**.”	Ibunya: “Sudah cepat lap lep dihabiskan, Nik **nanti mati anak ayamnya**.”	Gugon tuhon wontên ingkang ngêwrat pitutur. Pitutur ingkang kawrat inggih mênikå supados laré sagêd ngrêgani têtêdhan.
6.	Nyariosakên dongéng sadèrèngipun tilêm	**3**	**8-10**	Ing wayah soré sawisé madhang, lêt sadhélå nuli pådhå mapan turu. Adaté bocah loro mau yén turu isih dikêloni, nanging ugå ora nuli biså turu,	Pada waktu sore hari setelah makan, tidak lama kemudian mereka tidur. Kebiasaan dua anak tadi kalau tidur masih dikeloni,	Nyariyosakên dongéng sadèrèngipun laré tilêm gadhah mupangat ingkang

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				awit tansah pating cêkikik pådhå gojégan. Bocah loro mau dhêmênané kêbowan. Bangun kang dadi kêbo, lakuné mbrangkang, Naknik kang nunggang. Bangun banjur mbrangkang ånå ing paturon. Naknik: "Mas, nunggang kêbo." **[9]** Bangun: "Kéné gocékan kêncêng." Bangun banjur mbrangkang karo nyuwårå: "Ngoh, ngoh." Naknik: "Tibå, mêngko. Wis wis..... wis." Bangun isih mbrangkang baé, glodhag, Naknik tibå, banjur nangis. Ibune: "Wis wis, anggêr anu yångono. Kéné, Nik tak kêloni." Naknik sawisé dikêloni, Bangun banjur ndharusul ånå	tetapi juga tidak bisa langsung tidur, mereka masih bermain-main. Dua anak tadi paling senang bermain kerbau-kerbauan. Bangun yang menjadi kerbau, jalannya merangkak, Naknik yang naik diatasnya. Bangun lalu merangkak diatas tempat tidur. Naknik: "Mas, naik kerbau." **[9]** Bangun: "Sini pegangan yang kenceng." Bangun kemudian merangkak sambil bersuara: ngoh, ngoh." Naknik: "Jatuh, nanti. Sudah sudah.... sudah." Bangun masih merangkak terus, glodag, Naknik jatuh, lalu menangis.	saé tumrap laré kadostå sagêd nambahi têmbung-têmbung énggal ingkang dèrèng naté mirêng, sagêd njalari bingahing manah laré saénggå dåyå imajinasi-nipun langkung ngrêmbåkå såhå sagêd nambahi pengetahuan laré.

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				saburiné ibuné karo calathu: "**Ndongèng, Bu**." Ibuné banjur ndongéng: "**Kocapå, mbok Råndhå Dhadhapan duwé anak wédok jênêngé mbok Lara Tompé, arêp ngirim radén putra mênyang alas. Barêng têkan ngalas dicêgat kêthék ogléng. Mbok Lara Tompé ora ngêrti, diarani radén putrå, kirimané banjur dipangan. Sawisé mangan kêthék ogléng banjur dikudang:** **Ya buntuté, dåwå-dåwå têmên. Kêthék ogléng mangsuli: mulih sébå, adhuh yayi ngumbar kuncå.** **Ya bathuké, nonong-nonong têmen.** **Bathuk banyak adhuh yayi mundhak cakrak**." **[10]** Bangun: "Nonong kåyå Naknik."	Ibunya: "Sudah sudah, kalau begitu ya gitu. Sini, Nik ibu keloni." Naknik setelah dikeloni, Bangun lalu ndusel dibelakang ibunya sambil berkata: **"Cerita dongeng, Bu."** **Ibunya lalu mendongeng:** **"Diceritakan, mbok Randha Dhadhapan memiliki anak perempuan bernama mbok Lara Tompe, akan mengirim seorang raden putra ke hutan. Setelah sampai di hutan, lalu dihadang kethek ogleng. Mbok Lara Tompe tidak mengetahui bahwa ia raden putra, kirimannya dimakan oleh kêthék ogléng. Setelah makan kiriman mbok Lara Tompe lalu kethek ogleng dikudang:**	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				Naknik: “A_____ang.” Ibuné calathu karo nyêblêk Bangun sambi mungkur: “Wis tå mênêngå, adhiné bén turu.” Sawisé nuli mbanjuraké dongéngé: **“Yå untune, cilik-cilik têmên.** **Untu tikus, adhuh yayi mundhak bagus.”** Bangun: “Kêthék ogléng yå nyakot Bu?” Ibuné: “Iyå, nyakot cah nakal. **Yå tangané, kasap-kasap têmên.** **Mangan kêtan, adhuh yayi durung wisuh.”** Bocah loro pådhå dhêmên ngrungokaké dongéng kêthék ogléng, banjur lês pådhå turu, polahé pådhå pating gêdabig såkå sayah anggoné dolan ing wayah	**Ya dahinya, nonong-nonong banget.** **Dahi itik aduh adik nanti terlihat rupawan.”** **[10]** Bangun: “Nonong seperti Naknik.**”** Naknik: “a_____ang.” Ibunya berkata dengan menyabet Bangun sambil membelakangi: “Sudah diam saja, adiknya biar tidur.” Setelah itu ibunya lalu melanjutkan dongengnya: **“Ya giginya, kecil-kecil banget.** **Gigi tikus, aduh adik yang ganteng.”** **Bangun: “Kethek ogleng ya menggigit Bu?”** **Ibune: “Iya, menggigit anak yang nakal.”** **“Ya tangannya, kasar-kasar banget.**	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				awan. Banjur pådhå dikêmuli, anggoné turu nuli nglépus.	**Makan ketan, aduh adik belum cuci tangan."** Dua anak tadi senang sekali mendengarkan dongeng kethek ogleng, setelah didongengi lalu tertidur, tidurnya tidak bisa diam karena lelah bermain disiang hari. Kemudian keduanya diselimuti, mereka tertidur dengan pulas.	
7.	Paring pitutur	4	57	Barêng bocah-bocah krungu ånå layang såkå êmbah lanang, banjur pådhå takon, bapakné nuli rékå-rékå måcå layangé. Anggoné muni: "**Bangun åjå nakal, åjå sok ngladaki adhiné, åjå dhêmên jajan. Naknik åjå sok nangis, yén mangan sing akéh, åjå dhêmên pasaran."**	Ketika anak-anak mendengar bahwa ada surat dari kakek, lalu pada bertanya, bapaknya lalu berpura-pura membaca suratnya. Bapak membaca: "**Bangun jangan nakal, jangan suka nakalin adiknya, jangan jajan terus. Naknik jangan nangis terus, kalau makan yang banyak, jangan suka bermain pasaran."**	Paring pitutur dhatêng laré sagêd ndadosakên tumindak laré langkung bêcik. Laré sagêd mbédakakên pundi ingkang saé såhå pundi ingkang awon.

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
		5	57-58	Bapakné: "Ora éntuk, lah iki rungoknå: **Bangun å-** **[58] jå dhêmên dolan, yén panasan jamonånå**. Bésuk yén aku tilik mréné, Naknik tak olah-olahi cêthing cilik, Bangun grobagan cilik, karo êndhas pitik."	Bapaknya: "Tidak boleh, lah ini dengarkan**: Bangun ja-** **[58] ngan main terus, kalau panas-panasan dikasih obat saja.** Besok kalau kakek nenek main ke rumah, Naknik dibawakan tempat nasi kecil, Bangun gerobak kecil, sama kepala ayam."	
8.	Tumindak adil	10	59	Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: **"Gi lo, Ngun, tak tukoaké pitik, kowé iyå, Nik, siji."**	Sepulang dari pasar ibunya Bangun membawa dua ekor ayam. Banjur diberi anak-anaknya. Katanya**: "Ini, Ngun, ibu belikan ayam, kamu juga, Nik satu."**	Dados tiyang sêpuh kêdah sagêd tumindak adil kaliyan laré-larénipun. Botên bédakakên éstri utawi jalêr mênåpå kakang utawi rayi, amargi tiyang sêpuh ingkang botên sagêd tumindak adil sagêd njalari prakawis.
		15	18	Satêkané pasar sing diujug panggonan barang-barang. Ibuné banjur nyêkêl topi, Bangun arêp diênggoni topi mau karo calathu: "Ngun, rénéyå. Cobå, kowé patut åpå	Sesampainya di pasar yang dituju tempat barang-barang. Ibunya lalu memegang topi, Bangun akan dipakaikan topi tersebut sambil berkata:	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				ora nganggo topi iki." **Bangun mung mêcucu mêrgå bungah. Bangun banjur ditukokaké.** Barêng mlaku maném Bangun turut dalan tansah ngêmék-êméki topiné baé. **Naknik ditukokaké sléndhang.**	"Ngun, kemari. Coba, kamu pantas apa tidak pakai topi ini." **Bangun hanya mecucu karena senang. Bangun lalu dibelikan topi itu.** Setelah berjalan lagi Bangun sepanjang jalan selalu memegangi topinya terus. **Naknik dibelikan slendang.**	
9.	Ndolani laré mawi dolanan tradisional	12	4	**bapakné banjur gawé jaranan papah gêdhang**. Sawisé dadi diwénéhaké anaké: "Nyå."	**bapaknya lalu membuat mainan kuda yang terbuat dari pelepah pisang.** Setelah jadi diberikan kepada anaknya: "Ini mainannya."	Dolanan tradhisional såhå sagêd nuwuhakên nilai karakter laré, ngrêmbakakakên *kreativitas* såha *imajinasi* laré.
		13	5	Ibuné: "Wis menengå, gi lo. Wah **dodol sêgå (sêgane wêdhi), iki iwake (gogrogan kêmbang gêdhang). Kulå tumbas, nggih. Kéné, cung,**	Ibunya: "sudah diam saja, ini lho. Wah **jual nasi (nasinya pasir), ini ikannya (jantung pisang yang sudah jatuh). Saya beli, ya.**	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	*Terjemahan*	
				pasaran kéné. (ibuné ngundang bocah wédok jênêngé Kuncung." **Kuncung banjur mêndhêk-mêndhêk karo muni: "Kulå tumbas sêkul sak sén**." Naknik: "Nggih." **Naknik banjur njupuk godhong gêdhang kanggo mungkus wédhi**, nuli diwénéhaké Kuncung.	**Sini, cung, pasaran sini. (ibunya memanggil anak perempuan namanya Kuncung."** **Kuncung lalu mendekat sambil berkata: "saya beli nasi satu sen."** Naknik: "Iya." **Naknik kemudian mengambil daun pisang untuk membungkus pasir,** lalu diberikan kepada Kuncung.	
10.	Maringi kêsênêngan laré supados botên nangis	17	55-56	Bangun: "Simbah, simbah." Naknik: "Simbah, simbah." **[56]**Bapakné: "Wis, wis, simbah wis kondur. Ayo mulih, mênêng, mênêng." Ibuné: "Wis, dhå mênêng." Bapakné: "**Ayo dhå ndhokar waé**." Bangun: "Aku linggih ngarêpan, Pak."	Bangun: "Kakek,nenek." Naknik: "Kakek, nenek." **[56]**Bapaknya: "Sudah, sudah, kakek nenek sudah pulang. Ayo pulang, diam, diam." Ibunya: "Sudah, jangan menangis." Bapaknya: **"Ayo pada naik delman."**	Ngéndêlakên laré kanthi cårå maringi kêsênêngan laré kirang jumbuh kanggé dipuncakakên ing pagêsangan.

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
				Bapakné: “Iyå, gocékan sing kêncêng. Naknik: “Milu simbah.” Ibuné: “Simbah sésuk bali. Gilo wis nunggang dhokar.” Turut dalan Naknik isih nangis baé. Diênêng-ênêngi ora gêlêm mênêng, pijêr muni milu simbah. Bapakné nuli calathu: “**Wis ayo pådhå mênyang pasar waé, tuku dolanan. Kowé ditukokaké åpå, Nik**.” Bangun: “Anu waé, Nik, tuku jêruk.” Naknik: “êmoh.” Ibuné: “**é, anu yå cah ayu, tuku sawo**, mêngko didum karo Kuncung.”	Bangun: “Aku duduk didepan, Pak.” Bapaknya: “Iya, pegangan yang erat.” Naknik: “Ikut kakek nenek.” Ibunya: “Kakek nenek besok pulang. Ini lho sudah naik delman.” Disepanjang jalan Naknik masih menangis terus. Disuruh diam tidak mau, terus berkata ikut kekek dan nenek. Bapaknya lalu berkata**: “Sudah ayo ke pasar saja, beli mainan. Kamu mau dibelikan apa, Nik.”** Bangun: “Itu saja, Nik, beli jeruk.” Naknik: “Ngga mau.” Ibunya: “**E, itu ya anak cantik, beli sawo**, nanti dibagi sama Kuncung.”	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
11.	Mênging laré kanthi ngandharakên bab ingkang dipunlarang supados botên nindakakên larangan kasêbut	14	27	Ibuné: "Nah, kuwi tambané wong dhêmên udan-udan, **sésuk udan-udan maném, yå."**	Ibunya: "Nah, itu akibatnya orang suka hujan-hujanan, **besok hujan-hujanan lagi, ya."**	Tiyang sêpuh maringi paréntah kanthi botên ngandharakên maksud ingkang sêjatosipun. Sinaosså botên kanthi cårå langsung anggénipun nuturakên maksudipun, ananging laré têtêp sagêd mangêrtosi ingkang dipunmaksud.
12.	Ngimat laré ing padintênan	16	6	Barêng ing wayah awan **ibuné Bangun anggoné olah-olah wis matêng, anak-anake banjur diléraké sêgå**. Naknik wêruh ibune ngêlér sêgå, banjur calathu: "Maêm, Bu."	Ketika sudah siang **ibunya Bangun sudah selesai memasak, kemudian anak-anaknya disiapkan nasi.** Naknik yang melihat ibunya sedang menyiapkan nasi, kemudian berkata: "Makan, Bu."	Sabên tiyang sêpuh gadhah raos trêsnå asih kaliyan putra-putrinipun. Trêsnå asih mênikå dipunwujudakên mawi ngrimat laré wiwit saking

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
						nyêpakakên têtêdhan, nilêmakên, ngadusi, ndandani ugi ndolani laré. Trêsnå asih tiyang sêpuh tumrap putra-putrinipun sampun dados *naluri* ingkang botên sagêd dipunicalakên.
		18	7	Bangun lan Naknik sabubaré mangan banjur pådhå dolan ånå ngémpér. Ora suwé **Naknik thêklak-thêkluk ngantuk nuli diturokaké ibuné**. Bangun banjur dolan dhéwé.	Bangun dan Naknik setelah selesai makan kemudian bermain di teras rumah. **Tidak lama kemudian Naknik mengantuk lalu ditidurkan ibunya**. Bangun kemudian bermain sendiri.	
		19	8	Bangun banjur kosokan nanging mung ing awak baé, tur ora rêsik sabunan rai ora gêlêm. Ora wurung iyå **diguyang ing ibuné, dikosoki awaké kojur nganti rêsik. Bangun nangis. Naknik gêntini guyang iyå nangis. Sawisé pådhå didandani banjur pådhå dolan**. Nanging ora adoh, mung ånå ing latar bae.	Bangun kemudian sabunan tetapi hanya badannya saja yang disabuni, tetapi tidak bersih mukanya juga tidak mau disabuni. Ujung-ujungnya juga **dimandikan ibunya, disabuni badannya sampai bersih. Bangun nangis. Naknik gantian dimandikan juga ikut menangis. Setelah sudah didandani kemudian mereka bermain.** Tetapi	

No.	Kategorisasi Panggulåwênthahing Laré	No. Data	Kåcå	*Indikator*		Dudutan
				Teks	***Terjemahan***	
					tidak jauh, hanya bermain di teras saja.	
		20	30	Ibuné: “Wis, Nik, åjå awor. Kéné, **dolan karo sibu waé.”**	Ibunya: “Sudah, Nik, jangan main bareng. Sini, **main sama ibu saja.”**	
13.	Nyêkolahakên laré	21	67	Wis suwé bapakné Bangun anggoné ngrêmbug prêkårå nyêkolahaké anaké. Saiki wis wayahé, mulå arêp dipasrahaké mênyang Nagara. Barêng wis kêndhêl rêmbugé, ing wayah soré bapakné Bangun ngandhani Bangun. Têmbungé: “Ngun sésuk tilik simbah.”	Sudah lama bapaknya Bangun mendiskusikan masalah untuk menyekolahkan anaknya. Sekarang sudah saatnya, maka dari itu akan dititipkan di Nagara. Setelah sudah mantap, pada sore hari bapaknya Bangun berkata kepada Bangun. Ia berkata: “Ngun besok menengok kakek dan nenek.”	Tiyang sêpuh gadhah kêkajêngan larénipun dados laré ingkang gadhah etika ingkang saé såhå sagêd nggayuh gêgayuhanipun, damêl drajadipun tiyang sêpuh langkung inggil. Kêjawi mênikå laré sagêd ngurmati tiyang sêpuhipun såhå kêkirangan utawi aib kaluwargå.

1. Nêpangakên agami

Nêpangakên agami tumrap laré sagêd katindakakên mawi *metode pembiasaan* såhå paring tulådhå. Kados ingkang kawrat wontên ing *teks Bangun-Naknik*. Tiyang sêpuh ngajak larénipun dêdongå sadèrèngipun nêdhå såhå paring tulådhå kanthi ngêndikå bismillah nalikå miwiti satunggaling pakaryan. Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

No. data 1 kåcå 6 larik 16

Ibuné: "Iyå, kéné jakên madhang. Kéné, ya. **Wis kéné cah têlu amin-amin.** Lah Kuncung êndi."

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

Ibunya: "Iya, sini diajak makan. Sini, ya. **Sudah sini kalian bertiga berdoa.** Lah dimana Kuncung?"

Pêthikan *teks* ing nginggil inggih mênikå tiyang sêpuh ngajak laré supados dêdongå sadèrèngipun nêdhå. Saking andharan ing nginggil sagêd kapêndhêt dudutan bilih tiyang sêpuh nêpangakên agami kanthi cårå ingkang gampil dipunmangrêtosi laré. Amin-amin saking *indikator* mênikå têgêsipun dêdongå.

Tiyang sêpuh ngajak larénipun dêdongå minångkå adat padintênan. Cårå kanthi makatên saé sangêt dipuncakakên amargi nggladhi laré nglampahi adat padintênan ingkang saé wiwit alit. Awit saking mênikå laré kêdah dipungladhi wiwit alit. Caranipun inggih mênikå ngginakakên *metode pembiasaan*. Cak-cakanipun inggih mênikå damêl laré supados nglampahi bab-bab ingkang saé wontên ing padintênan (Fadlillah, 2014: 177). Laré ingkang sampun kulinå

nglampahi adat padintênan sabên dintên, bakal nglampahi tanpå prêlu dipunkèngkèn.

No. data 9 kåcå 42 larik 16

> Êmbah wédok: "Yå pancén juwéh. Simbah kêsêl. Dhun yå, Nik, mêngko géndhong maném. **sêmilah, (bismillah).** ayo tak kanthi."

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Nenek: "Memang ceriwis. Nenek capek. Turun ya, Nik, nanti gendong lagi. **Bismillah**. Ayo nenek gandeng."

Cårå sanésipun inggih mênikå maringi tulådhå kanthi ngêndikå bismillah kanggé miwiti satunggaling kagiyatan. Pêthikan *teks* ing nginggil inggih mênikå simbah ingkang ngêndikå 'bismillah' nalikå badhé ngandhapakên Naknik. Saking andharan ing nginggil sagêd dipunmangrêtosi bilih tumindakipun kaluwargå dados tulådhå ingkang saé kanggé laré. Kaluwargå ingkang paring tulådhå kanthi cårå langsung kanggé nêpangakên agami sagêd gadhah pangaribåwå tumrap kapribadén laré (Fadlillah, 2014: 169).

Laré gadhah kapribadén ingkang saé manawi tiyang sêpuh utawi kaluwargå ugi sagêd dados tuladhå ingkang saé. Tuladhanipun tiyang sêpuh paring tulådhå kanthi ngêndikå bismillah nalikå miwiti pakaryan. Laré ningali tumindakipun tiyang sêpuh, lajêng niru tumindak kasêbut ing padintênan. Awit saking mênikå laré gadhah kapribadén ingkang saé såhå tumindak ingkang jumbuh kaliyan agami.

Saking andharan bab panggulåwênthahing laré kanthi nêpangakên agåmi sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih laré angsal nilai-nilai agåmi wiwit saking alit supados sagêd dipundadosakên dhasar anggénipun tumindak ing pagêsangan.

2. Laré dipungladhi adus piyambak supados sagêd *mandiri*

Mandiri kêdah dipuntuwuhakên dhatêng laré wiwit saking alit. Laré ingkang *mandiri* ndadosakên laré botên gumantung kaliyan tiyang sanés. Tulådhånipun inggih mênikå tiyang sêpuh ingkang ngèngkèn larénipun supados adus såhå nêdhå piyambak. Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

No. data 11 kåcå 8 larik 1

> Ibuné: "Ayo. Em rupamu nganti kåyå babi. Ayo adus."
> Bangun banjur digåwå mênyang sumur digrujugi. Naknik ditimbakaké ånå émbér, bungah ciciblonan. **Bangun wis biså kosokan dhéwé, nanging iyå durung biså rêsik.**
> **Ibuné: "Rainé dikosoki, gu lo sabuné."**
> Bangun banjur kosokan nanging mung ing awak baé, tur ora rêsik sabunan rai ora gêlêm. **Ora wurung iyå diguyang ing ibuné, dikosoki awaké kojur nganti rêsik**. Bangun nangis. Naknik gêntini guyang iyå nangis. Sawisé pådhå didandani banjur pådhå dolan. Nanging ora adoh, mung ånå ing latar bae.

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Ibunya: "Ayo. Em mukamu sampai mirip babi. Ayo mandi."
> Bangun kemudian dibawa ke sumur dimandikan. Naknik diambilkan air didalam ember, senang bermain air. **Bangun sudah bisa membersihkan dirinya sendiri, tetapi ya belum bisa bersih.**
> **Ibune: "Mukanya dibersihkan, itu lho sabunnya."**
> Bangun kemudian sabunan tetapi hanya badannya saja yang disabuni, tetapi tidak bersih mukanya juga tidak mau disabuni. **Ujung-ujungnya juga dimandikan ibunya, disabuni badannya sampai bersih.** Bangun nangis. Naknik gantian dimandikan juga ikut menangis. Setelah sudah didandani kemudian mereka bermain. Tetapi tidak jauh, hanya bermain di teras saja.

Pethikan *teks* ing nginggil inggih mênikå ibu ngajak Bangun adus kaliyan Naknik. Lajêng Bangun adus piyambak. Ibu kêdah ngadusi Naknik rumiyin saénggå Bangun kêdah adus piyambak. Amargi Bangun anggènipun adus dèrèng sagêd rêsik, dados taksih dipunambali malih déning ibu.

Cårå kados ing nginggil mênikå dipunginakakên kanggé ngrêmbakakakên *kemandirian* laré, inggih mênikå laré dipunbimbing nindakakên kagiyatan padintênan kadostå adus såhå nêdhå piyambak. Prakawis mênikå jumbuh kaliyan andharanipun Susanto (2016: 40) salah satunggaling titikanipun laré mandiri inggih mênikå laré rêmên nindakakên kagiyatan piyambak têgêsipun botên gumantung kaliyan tiyang sanés. Pramilå tiyang sêpuh ingkang ndhidhik larénipun nindakakên kagiyatan padintênan piyambak sagêd nêbihi laré saking sipat gumantung kaliyan tiyang sanés.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih sikap *mandiri* laré sagêd dipungladhi mawi ngajari laré adus såhå nêdha piyambak. Laré ingkang sagêd nindakakên kagiyatan padintênan piyambak gadhah mupangat supados sagêd tumindak tanpå gumantung kaliyan tiyang sanês. *Kemandirian* laré saking alit migunani tumrap pagêsangan dumugi laré diwåså.

3. Nginggah kéwan kanggé ngajari laré tanggél jawab

Tanggél jawab tumrap laré sagêd dipungladhi wiwit saking alit. Tiyang sêpuh sagêd ngajari tanggél jawab kanthi cårå nginggah kéwan. Kados ingkang kasêrat wontên pêthikan *teks Sêrat Bangun-Naknik* ing ngandhap mênikå.

No. data 22 kåcå 59 larik 2

> Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: “Gi lo, Ngun, tak tukokaké pitik, kowé iyå, Nik, siji.”
> Bangun: “Kurungi, mêngko ngêndhog.”
> Naknik: “Pitikku yå ngêndhog.”
> Ibuné: “Yèn ngêndhog ditêtêské.”
> Bangun: “éh, digoréng.”
> Ibuné: “Kuwi, patut, ditêtêské, bèn akeh.”
> Bangun: “Iyå, iyå, pitikmu iyå, Nik.”
> Naknik: **“Pakani, Bu.”**

Bangun banjur njupuk bêras, dibyuraké ing jêron kurungan karo bungah-bungah sartå alok: "Itiké mangan bêras. Atho, tanganku dipangan pitiké. Iki, iki."

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

Sepulang dari pasar ibunya Bangun membawa dua ekor ayam. Lalu Diberi anak-anaknya. Katanya: ini, Ngun, ibu belikan ayam, kamu juga, Nik satu.
Bangun: "Dikurungi, nanti biar bertelur."
Naknik: "Ayamku juga bertelur."
Ibunya: "Kalau bertelur biar sampai menetas."
Bangun: "Eh, digoreng."
Ibunya: "Itu biar menetas saja biar banyak."
Bangun: "Iya, iya, ayammu juga, Nik."
Naknik: **"Dikasih makan, bu."**
Bangun kemudian mengambil beras, ditebar didalam kurungan dengan riang serta berkata: "Ayamnya makan beras. Aduh, tanganku dimakan ayam. Ini, ini."

No. data 23 kåcå 60 larik 7

Ibuné: "**Mêngko tak gawékaké pêtarangan**. Tak cêkêli, wis tognå waé, tak tutupané kukusan."
Bangun: "Bu, pitiké njaluk mêtu."
Ibuné: "Bukakên tå."
Bangun: "Bu, Bu, ånå êndhogé. Iki gi lo."
Ibuné: "Tognå waé. Sésuk rak ngêndhog maném **wis pakanånå**.

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

Ibunya: **"Nanti ibu bikinkan sarang**. Ibu pegangin, sudah keluarkan saja, ibu tutup dengan kukusan."
Bangun: "Bu, ayamnya minta keluar."
Ibunya: "Buka tutupnya."
Bangun: "Bu, Bu, ada telurnya. Ini Bu."
Ibunya: "Dikeluarkan saja. Besok kan bertelur lagi, **sudah dikasih makan sana**"

Saking pethikan *teks* ing nginggil dipunmangrêtosi bilih Bangun kaliyan Naknik dipuntumbasakên kuthuk déning ibu. Bangun kaliyan Naknik maringi

pakan wos kanggé kuthuk-khuthukipun. Lajêng ibu ndamêlakên pêtarangan såhå ngèngkèn Bangun supados makani kuthuk.

Saking andharan mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutan nggladhi tanggél jawab laré sagêd katindakakên kanthi nginggah kéwan. Caranipun inggih mênikå laré dipunajari supados ngrimat kéwan ingkang dipuninggah. Lajêng tiyang sêpuh ngajak laré kanggé makani kéwan, utawi nalikå damêlakên kandhang. Cårå kados makatên sagêd nuwuhakên tanggél jawab såhå *empati* laré tumrap kéwan (Saripudin, 2017: 16). Nalika nindakakên tanggél jawab maringi pakan, têgêsipun laré *berinteraksi* langsung kaliyan kéwan. Mawi *interaksi* mênikå sagêd nuwuhakên raos *empati* laré tumrap kéwan.

Gayut kaliyan andharan ing nginggil, nginggah kéwan tumrap laré alit ugi wontên kêkiranganipun. Pramilå nalikå nginggah kéwan, laré kêdah dipunawasi tiyang sêpuh. Amargi mênawi botên dipunawasi, kéwan ingkang dipuninggah sagéd dipunanggé dolanan sarêmênipun ingkang sagêd njalari kéwan sakit. Kadostå Bangun kaliyan Naknik ingkang dolanan kuthuk ingkang nêmbê nêtês.

No. data 24 kåcå 63 larik 10

Têmbungé ibuné: “Ngun, Nik, kéné dhå madhang. Nyå, iki ajangmu. Kowé iki, Nik, wis åjå ngrêjêgan. **Sing diêmban kuwi åpå. É tobil, kuthuk, mêngko rak mati. Culké, gér, dimor biyangné.**

Bangun: “aeng, Naknik**, pitik kok diêmban, yèn aku yå ora, iki tak kanthongi.”**

Ibuné: “Olah, malah kêplêpêkên. Ndêlok kéné, lah rak tênan tå. Êndi dibalékaké. É bocah athik bonto-bonto têmên. Gi lo wis thilêk-thilêk. Wis åjå sok njupuk kuthuk maném, mundhak mati.”

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

Kata ibunya: “Ngun, Nik, sini makan. Sini, ini piringmu. Kamu ini, Nik, sudah jangan ribut. **Yang digendong kamu itu apa? E tobil, anak ayam, nanti mati. Dilepaskan,ger, dilepas bareng induknya.”**
Bangun: “Naknik, **ayam kok digendong, kalau aku ya tidak, ini aku masukkan kedalam kantong**.”
Ibunya: “Olah, malah tidak bisa bernafas. Lihat sini, lah kan benar. Sini dikembalikan. E anak kok ya bodoh-bodoh banget. Ini ayamnya sudah mau mati. Sudah ya jangan ambil-ambil anak ayam lagi, nanti mati.”

Awit saking andharan ing nginggil mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih tanggél jawab sagêd dipuntuwuhakên wiwit saking alit. Salah satunggal cårånipun inggih mênikå nginggah kéwan. Mupangatipun inggih mênikå supados laré sagêd tanggél jawab, gadhah empati såhå kêndêl kaliyan kéwan. Ananging nginggah kéwan kanggé laré alit ugi wontên kêkiranganipun inggih mênikå kêwan ingkang dipuninggah dipunanggè dolanan sarêmênipun. Pramilå anggènipun nginggah kéwan kêdah dipunawasi tiyang sêpuh.

4. Ngajari laré unggah-ungguh

Laré ingkang gadhah unggah-ungguh wiwitanipun dipunbentuk ing salêbêting kaluwargå. Unggah-ungguh laré gumantung kados pundi cårå panggulawênthahing tiyang sêpuhipun. Bab mênikå kawrat wontên ing *teks Sêrat Bangun-Naknik* inggih mênikå ingkang dipuntindakakên ibunipun Naknik ingkang nyuwun Naknik supados ndhodhok såhå mandho nalikå nyênyuwun. Lajeng matur ngginakakên båsså kråmå. Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

No. data 6 kåcå 39 larik 16

Ibuné: **“Nyuwun simbah, ndhodhok, piyé**.”
Naknik banjur ndhodhok sartå mandho karo muni: **“Nyuwun, Êmbah.”**

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Ibunya: **“Minta ke kakek, jongkok, gimana.”**
> Naknik kemudian jongkok serta menadahkan tangannya sambil berkata: “Mau, Kek.”

Pêthikan *teks* ing nginggil inggih mênikå ibu ngèngkèn Naknik supados ndhodhok nalikå badhé nyuwun jêruk dhatêng simbah. Lajêng Naknik ndhodhok sartå astanipun mandho sinambi matur ngginakakên båså kråmå. Saking andharan ing nginggil sagêd dipunmangrêtosi ndhodhok såhå båså ingkang dipuntindakakên Naknik inggih mênikå tåtå cårå minångkå bentuk pakurmatan wayah dhatêng simbahipun.

Manungså tansah sêsambêtan kaliyan tiyang sanés nalikå gêsang ing satêngahing masarakat. Awit saking mênikå manungså kêdah nggatosakên kados pundi unggah-ungguh ingkang trêp. Amargi unggah-ungguh mênikå tåtå cårå ingkang gayut kaliyan patrap, isi, såhå bentuk ginêman (Suseno, 1985: 45). Unggah-ungguh sagêd dipuntingali saking patrap såhå båså ingkang dipunginakakên tiyang nalikå *berinteraksi* kaliyan tiyang sanés. Tiyang ingkang gadhah unggah-ungguh patrap såhå basanipun nêdahakên kapribadén ingkang saé såhå ngurmati tiyang sanés. Wondéné kosok wangsulipun tiyang ingkang botên mangrêtos unggah-ungguh botên sagêd ngêcakakên patrap såhå båså ingkang trêp.

Awit saking andharan ing nginggil kaluwargå minångkå salah satunggaling dhasar ingkang gadhah pangaribåwå tumrap unggah-ungguh laré. Wontên ing salêbêting kaluwarga tiyang sêpuh ngajari laré kados pundi patrap nalikå pamitan, nyuwun mênåpå kémawon, mlampah ing sangajênging tiyang, ugi kalêbêt kados pundi båså ingkang dipunginakakên nalikå ginêman kaliyan tiyang sanés. Laré

ingkang gadhah unggah-ungguh ingkang saé adatipun dipunarani laré ingkang ‘njawani’, inggih mênikå laré ingkang gadhah tumindak ingkang jumbuh kaliyan *karakter* ing masarakat. Tiyang sêpuh ingkang sagêd ngajari unggah-ungguh dhatêng laré têgêsipun ugi sampun ngajari raos andhap asor.

No. data 7 kåcå 46 larik 2

> Ing wayah awan ibuné Bangun sawisé rampung anggoné tåtå mangan, banjur calathu mênyang Nik: **“Nik, Êmbah diaturi dhahar.”**
> Naknik banjur mênyang ngarêpan, satêkané ngarêpé êmbah lanang banjur kåndhå: **“Êmbah dhahar.”**

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Siang hari setelah ibunya Bangun sudah selesai menyiapkan makan, lalu berkata kepada Nik: **“Nik, Kakek dikasih tau untuk makan.”**
> Naknik kemudian menuju depan rumah, sesampainya didepan kakek lalu berkata: **“Kek makan.”**

Pêthikan *teks* ing nginggil inggih mênikå sasampunipun ibu rampung anggénipun nyêpakakên dhaharan, lajêng ibu nyuwun tulung Naknik supados ngaturi dhahar simbah. Salajêngipun Naknik matur kaliyan simbah ngginakakên båså kråmå. Saking andharan ing mênikå sagêd dipunmangrêtosi bilih mawi unggah-ungguh båså laré dipunajari kados pundi caranipun ngurmati kaluwargå utawi tiyang sanés.

Prakawis ing nginggil jumbuh kaliyan pamanggihipun Harjawiyana (2007: 13) unggah-ungguh båså minångkå sarånå kanggé njagi ajining dhiri pribadi. Tiyang ingkang sagêd ngêcakakên unggah-ungguh båså dipunajéni kaliyan tiyang sanés amargi piyambakipun ugi sagêd ngajèni tiyang sanés. Awit saking mênikå laré kêdah dipunajari unggah-ungguh båså wiwit saking alit supados gadhah budi pekerti ingkang saé nalikå gêsang ing satêngahing masarakat.

5. Ngginakakên gugon tuhon kanggé paring pitutur kanggé laré

Gugon tuhon inggih mênikå pêrcåyå prakawis ingkang dipunanggêp gadhah kakiyatan ngungkuli kodrat, kamångkå nyatanipun botên (Poerwadarminta, 1993: 153). Miturut Padmosoekotjo (lumantar Ekowati, 2009: 167-170) gugon tuhon kapérang dados tigå inggih mênikå gugon tuhon salugu, wasitå sinandhi ingkang ngêwrat pitutur ingkang dipunsamarakên, såhå wêwalêr utawi pêpécuh ingkang asalipun saking tiyang jaman rumiyin. Gugon tuhon kathah dipunginakakên tiyang sêpuh kanggé ngandharakên pitutur utawi piwulang dhatêng larénipun. Kados ingkang kawrat wontên ing *teks Sêrat Bangun-Naknik.* Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

No. data 2 kåcå 7 larik 1

Ibuné: "Wis êndang lap lêp diêntékké, Nik **mundhak mati kuthuké**."

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

Ibunya: "Sudah cepat lap lep dihabiskan, Nik **nanti mati anak ayamnya**."

Pêthikan *teks* ing nginggil inggih mênikå ibu ngginakakên gugon tuhon ingkang kalêbêt jinis gugon tuhon wasitå sinandi, têgêsipun gugon tuhon ingkang ngêwrat pitutur ananging botên langsung dipunandharakên utawi dipunsamarakên. Ukårå "mundhak mati kuthuké" inggih mênikå ngandharakên jalaran saking sêbab mênawi botên dipuntindakakên. Gugon tuhon mênikå gadhah makna *gramatikal* mênawi nêdhå kêdah cêpêt dipuntêlasakên, mangké kuthukipun mati. Déné maknå *kultural*-ipun inggih mênikå ibu ingkang ngajrihi Naknik supados énggal-énggal nêlasakên têtêdhanipun.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih gugon tuhon wontên ingkang ngêwrat pitutur. Pitutur ingkang kawrat inggih mênikå supados laré sagêd ngrêgani têtêdhan. Kêjawi mênikå laré sagêd sinau bersukur kanggé rêjêki ingkang awujud têtêdhan. Saénggå laré sagêd mangrêtosi bilih mênawi têtêdhanipun botên dipuntêlasakên mênikå kalêbêt tumindak ingkang botên saé. Prakawis mênikå jumbuh kaliyan andharanipun Kurniawati (2019: 974) bilih gugon tuhon dipunginakakên kanggé nggêgulang *moral* såhå *etika* ingkang saé, jumbuh kaliyan tumindak ingkang lumampah ing masarakat. Awit saking mênikå tiyang sêpuh sagêd ngginakakên gugon tuhon kanggé paring pitutur dhatêng laré-larénipun.

6. Nyariosakên dongéng sadèrèngipun tilêm

Dongéng inggih mênikå cariyos ingkang botên kadadosan kanthi saéstu, ananging ngêwrat piwulang. Tiyang sêpuh ingkang nyariyosakên dongéng kanggé laré kathah mupangatipun. Mupangat mênikå antawisipun sagêd ngrêmbakakakên pamikiring såhå dåyå *imajinasi* laré, ngrakêtakên gêgayutan antawisipun laré kaliyan tiyang sêpuh, såhå nambah têtêmbungan énggal. Prakawis mênikå gayut kaliyan andharan saking Fauziddin (2017 :44) nyariyosakên satunggaling cariyos kanggé laré sagêd ngrêmbakakakên båså såhå pamikiraning laré. Kados déné ingkang dipuntindakakên ibunipun Bangun ingkang nyariyosakên dongéng kêthék ogléng amargi Bangun ingkang nyuwun dipundongéngi sinambi ngêloni. Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå

No. data 3 kåcå 8-10 larik 15

> Ing wayah soré sawisé madhang, lêt sadhélå nuli pådhå mapan turu. Adaté bocah loro mau yén turu isih dikêloni, nanging ugå ora nuli biså turu,

awit tansah pating cêkikik pådhå gojégan. Bocah loro mau dhêmênané kêbowan. Bangun kang dadi kêbo, lakuné mbrangkang, Naknik kang nunggang. Bangun banjur mbrangkang ånå ing paturon.

Naknik: "Mas, nunggang kêbo."

[9] Bangun: "Kéné gocékan kêncêng."

Bangun banjur mbrangkang karo nyuwårå: "Ngoh, ngoh."

Naknik: "Tibå, mêngko. Wis wis..... wis."

Bangun isih mbrangkang baé, glodhag, Naknik tibå, banjur nangis.

Ibune: "Wis wis, anggêr anu yångono. Kéné, Nik tak kêloni."

Naknik sawisé dikêloni, Bangun banjur ndharusul ånå saburiné ibuné karo calathu: "**Ndongèng, Bu**."

Ibuné banjur ndongèng:

"**Kocapå, mbok Råndhå Dhadhapan duwé anak wédok jênêngé mbok Lara Tompé, arêp ngirim radén putra mênyang alas. Barêng têkan ngalas dicêgat kêthék ogléng. Mbok Lara Tompé ora ngêrti, diarani radén putrå, kirimané banjur dipangan. Sawisé mangan kêthék ogléng banjur dikudang:**

Ya buntuté, dåwå-dåwå têmên. Kêthék ogléng mangsuli: mulih sébå, adhuh yayi ngumbar kuncå.

Ya bathuké, nonong-nonong têmen.

Bathuk banyak adhuh yayi mundhak cakrak."

[10] Bangun: "Nonong kåyå Naknik."

Naknik: "A_____ang."

Ibuné calathu karo nyêblêk Bangun sambi mungkur: "Wis tå mênêngå, adhiné bén turu."

Sawisé nuli mbanjuraké dongéngé:

"Yå untune, cilik-cilik têmên.

Untu tikus, adhuh yayi mundhak bagus."

Bangun: "Kêthék ogléng yå nyakot Bu?"

Ibuné: "Iyå, nyakot cah nakal.

Yå tangané, kasap-kasap têmên.

Mangan kêtan, adhuh yayi durung wisuh."

Bocah loro pådhå dhêmên ngrungokaké dongéng kêthék ogléng, banjur lês pådhå turu, polahé pådhå pating gêdabig såkå sayah anggoné dolan ing wayah awan. Banjur pådhå dikêmuli, anggoné turu nuli nglépus.

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

Pada waktu sore hari setelah makan, tidak lama kemudian mereka tidur. Kebiasaan dua anak tadi kalau tidur masih dikeloni, tetapi juga tidak bisa langsung tidur, mereka masih bermain-main. Dua anak tadi paling senang bermain kerbau-kerbauan. Bangun yang menjadi kerbau, jalannya

merangkak, Naknik yang naik diatasnya. Bangun lalu merangkak diatas tempat tidur.

Naknik: “Mas, naik kerbau.”

[9] Bangun: “Sini pegangan yang kenceng.”

Bangun kemudian merangkak sambil bersuara: ngoh, ngoh.”

Naknik: “Jatuh, nanti. Sudah sudah.... sudah.”

Bangun masih merangkak terus, glodag, Naknik jatuh, lalu menangis.

Ibunya: “Sudah sudah, kalau begitu ya gitu. Sini, Nik ibu keloni.”

Naknik setelah dikeloni, Bangun lalu ndusel dibelakang ibunya sambil berkata: **“Cerita dongeng, Bu.”**

Ibunya lalu mendongeng:

“Diceritakan, mbok Randha Dhadhapan memiliki anak perempuan bernama mbok Lara Tompe, akan mengirim seorang raden putra ke hutan. Setelah sampai di hutan, lalu dihadang kethek ogleng. Mbok Lara Tompe tidak mengetahui bahwa ia raden putra, kirimannya dimakan oleh kêthék ogléng. Setelah makan kiriman mbok Lara Tompe lalu kethek ogleng dikudang:

Ya dahinya, nonong-nonong banget.

Dahi itik aduh adik nanti terlihat rupawan.”

[10] Bangun: “Nonong seperti Naknik.**”**

Naknik: “a_____ang.”

Ibunya berkata dengan menyabet Bangun sambil membelakangi: “Sudah diam saja, adiknya biar tidur.”

Setelah itu ibunya lalu melanjutkan dongengnya:

“Ya giginya, kecil-kecil banget.

Gigi tikus, aduh adik yang ganteng.”

Bangun: “Kethek ogleng ya menggigit Bu?”

Ibune: “Iya, menggigit anak yang nakal.”

“Ya tangannya, kasar-kasar banget.

Makan ketan, aduh adik belum cuci tangan.”

Dua anak tadi senang sekali mendengarkan dongeng kethek ogleng, setelah didongengi lalu tertidur, tidurnya tidak bisa diam karena lelah bermain disiang hari. Kemudian keduanya diselimuti, mereka tertidur dengan pulas.

Pêthikan teks ing nginggil inggih mênikå Bangun ingkang nyuwun dipundongéngi déning ibu sadèrèngipun tilêm. Lajêng ibu nyariyosakên cariyos kêthék ogléng. Kêthék ogléng inggih mênikå sajatosipun tarian ingkang isinipun nyariyosakên Panji Asmara Bangun kaliyan Dewi Sekartaji. Panji Asmara Bangun

katrêsnan kaliyan Dewi Sekartaji. Ananging Dewi Sekartaji dipunpêksâ krâmâ kalih kakung sanés. Dewi Sekartaji botên purun lajêng tindak wontên wânâ. Ing wânâ Dewi Sekartaji lérén ing pondokipun Mbok Rândhâ sâhâ nyamar dados Lârâ Tompé. Panji ingkang madosi Dewi Sekartaji ugi nyamar dados kêthék. Ing wânâ, Rârâ Tompé kêkancan kaliyan kêthék ananging botên mangrêtos sajatosipun.

Ingkang dipuncariyosakên ibunipun Bangun inggih nalikâ Mbok Lârâ Tompé kêpanggih kaliyan kêthêk. Lajêng Mbok Larâ Tompé ngudang kêthékipun. Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih nyariyosakên dongéng sadèrèngipun laré tilêm gadhah mupangat ingkang saé tumrap laré. Mawi dongéng kasêbut, Bangun sâhâ Naknik sagêd ngrêmbakakakên dâyâ imajinasi saking parâgâ kêthék ingkang dipunandharakên kawontênanipun. Kêjawi mênikâ ugi sagêd nambahi têmbung-têmbung énggal ingkang dèrèng naté mirêng. Gayut kaliyan prakawis mênikâ ndongéng inggih salah satunggaling cârâ ingkang sagêd njalari bingahing manah laré saénggâ dâyâ *imajinasi*-nipun langkung ngrêmbâkâ sâhâ sagêd nambahi pengetahuan laré (Iis, 2012 :3).

Sinaosâ ndongengi laré gadhah mupangat kathah ingkang saé, ananging wontên ing jaman samênikâ sampun sakêdhik sangêt laré alit ingkang rêmên dipundongéngi sadèrèngipun tilêm. Laré langkung rêmên ningali cariyos kanthi wujudipun *video*. Sumbêripun sagêd saking pirantos *elektronik* kadostâ *handphone* utawi *laptop*. Awit saking mênikâ cârâ nggulawênthah laré mawi ndongéngi kanthi langsung mênikâ kirang jumbuh mênawi dipuncakakên wontên ing laré *milenial* jaman samênikâ.

7. Paring pitutur

Paring pitutur asring dipuntindakakên tiyang sêpuh dhatêng putra-putrinipun. Ancasipun inggih mênikå supados kabêcikan tansah wontên ing salêbêtipun gêsanging putra-putrinipun. Tiyang sêpuh anggènipun ngandharakên pitutur ngginakakên cårå ingkang sagêd dipuntampi déning laré. Bab paring pitutur kawrat wontên ing *sêrat Bangun-Naknik*. Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå.

No. data 4 kåcå 57 larik 16

> Barêng bocah-bocah krungu ånå layang såkå êmbah lanang, banjur pådhå takon, bapakné nuli rékå-rékå måcå layangé. Anggoné muni: "**Bangun åjå nakal, åjå sok ngladaki adhiné, åjå dhêmên jajan. Naknik åjå sok nangis, yèn mangan sing akéh, åjå dhêmên pasaran."**

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Ketika anak-anak mendengar bahwa ada surat dari kakek, lalu pada bertanya, bapaknya lalu berpura-pura membaca suratnya. Bapak membaca: "**Bangun jangan nakal, jangan suka nakalin adiknya, jangan jajan terus. Naknik jangan nangis terus, kalau makan yang banyak, jangan suka bermain pasaran."**

No. data 5 kåcå 57 larik 22 dumugi kåcå 58 larik 4

> Bapakné: "Ora éntuk, lah iki rungoknå: **Bangun å-**
> **[58] jå dhêmên dolan, yén panasan jamonånå**. Bésuk yén aku tilik mréné, Naknik tak olah-olahi cêthing cilik, Bangun grobagan cilik, karo êndhas pitik."

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Bapaknya: "Tidak boleh, lah ini dengarkan**: Bangun ja-**
> **[58] ngan main terus, kalau panas-panasan dikasih obat saja.** Besok kalau kakek nenek main ke rumah, Naknik dibawakan tempat nasi kecil, Bangun gerobak kecil, sama kepala ayam."

Pêthikan *teks* ing nginggil inggih mênikå tulådhå maringi pitutur kanggé laré alit ingkang umuripun tigå såhå gangsal taun. Bapakipun Bangun paring pitutur kanggé putra-putrinipun supados botên nakal ugi supados tansah rukun

kakalihipun, botên rêmên jajan, nangis såhå dolan. Bapakipun Bangun maringi pitutur lumantar sêrat ingkang dipunkintun simbah lanang. Kamångkå isi sêratipun bédå, ananging dipunwaos dados pitutur ingkang saé.

Saking andharan mênikå sagêd dipunmangrêtosi bilih paring pitutur inggih mênikå cårå panggulåwênthahing laré ingkang wigatos. Mawi pitutur, tiyang sêpuh sagêd nuwuhakên pangaribåwå ingkang saé ing salêbêting dhiri laré manawi dipuntindakakên kanthi cårå ingkang saé såhå wicaksånå (Rianawati, 2014). Têgêsipun anggénipun paring pitutur mênikå ngginakakên têmbung-têmbung ingkang cêthå såhå alus, botên ndukani laré. Cårånipun maringi pitutur sagêd dipunjumbuhakên, ingkang wigatos laré sagêd nampi kanthi saé.

Prakawis ing nginggil gayut kaliyan andharanipun Setiardi (2017: 143) tiyang sêpuh paring pitutur ingkang isinipun pêpéling nalikå laré nindakakên tumindak ingkang botên trêp kaliyan *nilai karakter*. Mawi maringi pitutur tiyang sêpuh gadhah pangajab supados laré botên nindakakên tumindak ingkang botên trêp malih. Saking andharan mênikå sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih paring pitutur dhatêng laré sagêd ndadosakên tumindak laré langkung bêcik. Laré sagêd mbédakakên pundi ingkang saé såhå pundi ingkang awon.

8. Tumindak adil

Adil inggih mênikå patrap ingkang sami utawi botên awrat satunggal sisih. Têmbung adil têgêsipun jêjêg anggènipun ndawahi pêpancasan, botên pilih sih (Poerwadarminta, 1939: 2). Adil ing salêbêting kaluwargå tuladhanipun laré angsal pêparing ingkang sami saking tiyang sêpuhipun. Tiyang sêpuh botên beda-bédakakên antawisipun laré satunggal kaliyan larê sanésipun. Mênawi laré

satunggal dipunparingi, laré sanésipun ugi kêdah angsal. Wondéné pêthikan *teks*-ipun kados ing ngandhap mênikå

No. data 10 kåcå 59 larik 2

> Ibuné Bangun mulih såkå pasar nggåwå pitik loro. Banjur dikékaké anak-anaké. Têmbungé: **“Gi lo, Ngun, tak tukoaké pitik, kowé iyå, Nik, siji.”**

Terjemahan-ipun inggih mênikå:

> Sepulang dari pasar ibunya Bangun membawa dua ekor ayam. Banjur diberi anak-anaknya. Katanya**: “Ini, Ngun, ibu belikan ayam, kamu juga, Nik satu.”**

